8

2012





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2012

# МАХ ДУГ

8

2012

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2012

## НОМЫРЫ ИС:

*НАФИ.* **Хурмæ фæндаг.** Æмдзæвгæтæ 5

*АГЪНАТЫ Гæстæн.* **Темыры кæстæр чызг.** Роман 12

**УЫРЫМТЫ ПЕТКА: 80 АЗЫ**

*УЫРЫМТЫ Петка.* **Уды зынг.** Æмдзæвгæтæ 83

*ХЪАУЫРАТЫ Дауыр.* **Рагбонты артæй** 87

**НОГ НÆМТТÆ**

*АСЛÆМЫРЗАТЫ Дзерассæ.* **Æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн.** Æмдзæвгæтæ 96

*КАРСАНТЫ Еленæ.* **Шекспирæй** 99

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** 100

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

*КОЦОЙТЫ Арсен.* **Радзырд, новеллæтæ** 114

**АРВИСТОН** 131

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы*

*НАФИ*

# ХУРМÆ ФÆНДАГ

## АРГЪАУ

Ис аргъау: хыл кæнынц сæ тыхстæй
Дæлдзæхты урс фыр æмæ сау...
Дæ армы урс фыры ыздыхст сы
Фæци, уæд дын уыдзæн ныфсау!..

Уæд фестдзынæ уæлзæхх æмбойны,
Æмæ та хуры рухс дæу у:
Цæр та, сæтт зарæгæй дæ дойны, –
Ысхицæн зындонæй дæ уд!..

Кæд сау фырыл фæуай хæцинаг,
Дæ хъысмæт уæд уыдзæн æвзæр...
Æллæх, уæд зындоны рæбинаг
Мыггагмæ бауыдзæн дæ сæр!..

Ау, дуне баззайдзæни тары?..
Йæ тыхстæй сау фырыл фæхæст?!.
Æви йæ фæндаг хурмæ дары,
Æмæ нæма фæци йæ хæст?!.

*1969*

## ФÆДЗÆХСТ

Фæсмæлæт мæн лæггад нæ хъæуы,
Фæлæ дзы кæд æндæр хос нæй,
Уæд-иу мæ бавæрут нæ хъæуы
Нæ нæуæг уæлмæрды, бынæй.

Мæн уый мæрдон буцæн нæ хъæуы,
Нæдæр уæ цытыл кæнын мæт, –
Йæ уд мын чи хъардта фæхъхъауæн,
Уый уым ис иунæгæй ныгæд...

Мæ мад, мæ ныййарæг!.. Уæлæуыл
Йæ цæстæй дард уыдтæн, сæттын,
Æмæ кæд ныр чысыл фæлæууин
Йæ фарсмæ уыцы ран, мæрдты...

*1972*

## ИУДАРОН ХЪЫСМÆТ

Поэт нæу зардæмхиц йæ дуджы, –
Хъæрзгæ, кæугæ кæны фылдæр:
Дунейы сау хъыгтæ йæ туджы
Кæнынц, зæрдæнизау, фæлтæр.

Æмæ йæ нал фендавы зарын:
Йæ удрæбын – дзыллæты Сар;
Æмæ йæ æрфæнты ыссары
Йæ хъыгтæ дзурынæн æхсар!..

*1973*

## ДЗУАПП ИУ ЗОНДЫЛÆГÆН

Æнкъард дæн?.. О... Ай-гъай, æнкъард дæн.
Нæ кæнын, хъал лæгтау, ныхас.
Мæ удæй не 'фсæст лæгтæм дард дæн,
Æгъуыссæг зæрдæтæм – æвваxс.

Мæ тугæй дзырд дзырдыл ныхасын, –
Мæхи адыл мæ уадз, лымæн:
Мæ зард дæр хъарæгмæ куы хæссы,
Уæд ма цæй цинмæ 'вдæлы мæн?!.

Ныууадз мæ, бауром дæ цъах-цъах,
Æмæ мæ дзырд дæ зæрдыл дар:
Рæстдзинад кæд ысуа нæ паддзах,
Уæд цинæй зарын уадз мæ бар!..

*1973*

## МÆ ФЫЦЦАГ БАЛЦ

Мæ фыццаг балц, цæмæн фæдæ æнусмæ?..
Куы рахызтæн нæ комы донæй хидыл,
Уæдæй нырмæ – мæ сау сæрæй мæ урсмæ! –
Мæнмæ мæ мад мæрдтæй дæр ма куы сиды?..

Мæ фыццаг балц, цы хорзæн йе цы фыдæн
Ныббастай ды мæнæн уæлæрвтæм асин?
Цæуылнæ мæ ныууагътай ам?.. Мæ фыдæн
Зæрдæрухсæн йæ уыгæрдæнтæ дасин!..

Йæ фосæн цæхх мæ армы дзыхъхъæй дарин,
Тыхсиккой-иу мæ сабитæ йæ зæнгтыл!..
Цы мæ сайдтай, куынæ мæ хъуыди дари,
Фæсмын цухъхъа æхцон куы уыд мæ уæнгтæн?..

Цæй бæлццон дæн, кæмфæнды уон, уæддæр та
Бæллын нæ хох, нæ фыдæлты лæгæтмæ?!.
Цæй бæлццон дæн, куынæ мын ис, уæдæрттау,
Ихсыд æлхуыйæ рахицæн мæлæтмæ?!.

Куы ‘ртæфсы искуы ивгъуыд бон мæ удыл,
Уæд, сидзæрау, нæ хохаг хъæу куы мысын;
Мæ зæрдæйы хъæууон зæрдæ куы дуды,
Цы кæнон уæд? Цæуыл кæнæ цы фыссон?..

*1982.03.09*

## СУСХЪÆД КÆРТЫ

Арв йæ сæрыл систа, царау,
У йæм сау зæхх та уæндаг:
Абон байгом ис йæ цъарыл
Ногæй мæлдзгуыты фæндаг!.

*2001.28.04*

## ХЪÆДЫ ТАРФЫ

**Хъæд ныццагътой, сыскъуыдтой, ныддастой!**
**Мæнæ алы калд зæнгыл дæр фыст:**
**«Хъæдгæстæ-уæйгæнджытæ та райстой**
**Мах сæрмæ, Иудæйау, сæ мызд!»**

**Бындзæфхæдтæ – уæлмæрдты цыртытау,**
**Къудзитæ та – сидзæртæй фыддæр...**
**Сабитау, сæ цъæх рустæ ныттыдтой,**
**Мизы ма сæ цæсты дон ныр дæр...**

**Лæг куыд цæра хи зæххыл гаффуттæй,**
**Хъаст дæр ма кæмæ кæна, кæуыл?!.**
**Раздæхтæн мæстæлгъæдæй, мæ уд та,**
**Уæлмæрдæй ыздæхæгау, кæуы.**

*1982.30.09*

## ЗÆРОНДЫ БОНТÆ

**Бонтæ иугай райдыдтон ымайын...**
**Уый цы уа – хæрзæбон æви сæфт?**
**Бон мæ удæй фыргуысты цы кайын,**
**Уый йыл райгæ нал бафты æхсæв...**

**Хурау акъул лæг, уæд ма кæ дистæ, –**
**Хур фæссихор нал цæуы уæлдæр...**
**Хъæц! – дæ удæн йе ‘хцон нæ, йæ ристæ**
**Ныр кæндзысты бонæй-бон фылдæр...**

*1985.30.06*

## ЭЛЕГИ

*Ныхæстæ Гæбæраты Ильяйы*
*романтикон зарæгæн*

**Мæй арвыл хъазы. Дымгæ мигътæ ‘лвыны.**
**Æрвон бæллиц, чысыл фæлæуу!**
**Мæ фæззæгæй мæ зымæджы ‘хсæн фыны**
**Мæ сæнтты мысыдтæн æз дæу!**

Бæргæ, дæуæн æз арвы рон æрхæссин,
Мæ зæрдæ йе 'ргъæвæг фæуид,
Мæ армæй та дæ дзыккутæм æххæссин,
Фæлæ мыл уары, уары мит...

Мæй арвыл хъазы. Дымгæ мигътыл сиры.
О, ма тындз, ма, мæ райгæ фын!
Куы райхъал уон, уæд, ихæйдзагъд æфсирау,
Мæ сæр куы нал сисон æппын?..

Мæй – хурдзæсгом... Йæ фарсмæ худы стъалы...
Нæй арвыл мæт, нæй арвыл рис!
Уый фыны уыд!.. Ныр ме 'намонды хъалы
Мæ разы уазал æндæрг ис...

*1985.27.07*

## КЪÆВДА БОНТÆ

Æрæгвæззæг. Хъаймæты бонау, уары.
Мæ рагон уд, æргъæвст дзылы, ныммыр, –
Къуыбар цæссыг йæ былы алгъыл дары,
Цыфыддæр мастæй сæхгæдта йæ хъуыр.

Зæронд бæласау, арвы бын – хæрзиунæг.
Сыфтæры армау, бады русыл сыг.
Цы фæци, Лæг, дæ удуарзон хæрзиуæг,
Цæмæн кæныс айдагъ дæхиуыл хъыг?..

Хæрамæй – фарн, æлгъыстæй ивыс арфæ,
Лæгуарзон фестад урс бæллиц йе фын...
Цы кæнон, цæй?.. Хуыцауæн æмæ арвæн
Сæ цæссыгтæ мæ дысалгъæй сæрфын...

*1988.20.11*

## СКИФТЫ ХÆЗНАТÆ

Æрхауди арвæй бур хæзнатæ скифтæм:
Зæрин гутон, зæрин къус æмæ кард...
Куывтой, хуым кодтой æмæ рæстæг ивта, –
Хæцгæ-мæлгæ сыл ивгъуыдта сæ цард.

Нæ рантысти Хуыцауæн йе згъæрдонæй
Рæстаг зонды, лæгуарзоны фæрныг.
Æвæццæгæн, нымадта: лæг нæртон у,
Хъуыдыйæ, удæй ме 'мсæр у, хъæзныг!

Фæлæ кæцæй!.. Хæрзиуæгау йæ фыртæн
Хуыцау ныббаста, буц хъазæнау, кард...
Æмæ-иу бахъуыд хæцæны йæ цыртæн,
Æмæ ысси дывыдоны мал цард...

Ныззгъæлæнтæ сты тугуарæнты кæрдтæ,
Нæ кувæн къусы нал и хос рыстæн,
Уæддæр – цы рох ныл бафтыди, æмгæрттæ? –
Бæрзонд хъуыды, зæрдæйы хорз – ыстæм...
Цы стæм?..
Нæ гутон хуым кæны фыццагау,
Нæ кард ракетæй раивтам ныр та,

Фæлæ йæ мадæн чи бæззы фыртæн?..
Мыййаг нын зæхх куы бахъæуа мæрддзагæн,
Нæ гутон нын куы баззайа цыртæн?..

Мæнг ныфсытæ, фæлывд ныхæстæ – бирæ,
Фæлæ мæ ныфс нæма 'рцыди ныгæд:
Уыдзæн лæгуарзон, кæд нæ фестæм бирæгъ!
Уыдзæн рæстаг зонд, не сæрра уæм кæд!

*1988.29.11*

## ÆРХУЫМ ДИАЛОГ

– Куыд у дæ цард?
– Бæхау!.. Къæбæлыл бастæй!..
– Дæ зæрдæ та?
– Фыд азтæ йæ фæхастой...
– Дæ уæнгтæ та?..
– Фæндыры хæрæг м' астæу,
Мæхæдæг та –
Хъуырбаст дзæкъулы ахстæй,
Зæронд мыстау,
Хыбар-хыбур кæнын...

**– Уæддæр цæрыс?..**
**– Цæрон æви ныммæлон?..**
**Нæй фарстæн дзуапп,**
**Æмæ мæ уд дзыназы:**
**Мæ цъынд цæст – хус,**
**Мæ зæрдæ та уымæл у**
**Æмæ æмыр,**
**Уынгæг зæппадзау...**

*2010. 23.01*

## ХОХАГ ХЪÆУЫ ХЪАРÆГ

**Нæ хъæу ис хохы рæбын мæсчъы,**
**Фæлæ зымæг уа, сæрд, фæззæг. –**
**Хæдзæрттæ бир-бирæ, æрмæст дзы**
**Фæцæуы иу къуымæй фæздæг...**

**Кæм ысты адæм?.. Уал фыд азы**
**Зын у уромын тугкалд, сар...**
**Дæ къæс ныууадз, кæйдæр дæлбазыр**
**Ныфснай дæ сабиты, дæ сæр!..**

*2010.24.01*

## ЗÆРОНДЫ КУРДИАТ

**Зæры бон а дунейыл раст у**
**Зæххон, хуымæтæджы нымад:**
**Лæджы уд цин, хъыг æмæ мастæй**
**Вæййы æлгъæд æмæ фæллад...**

**Уæддæр мæ фæстаг фæндон хъарын**
**Хуыцауæн: – Ныр æрцыд мæ рад,**
**Фæлæ мын ме 'взонджы уæлхъару**
**Ды ногæй иунæг бонмæ ратт!**

**Кæд ма уырзы йас хорз мæ царды**
**Ысуаид саразын мæ бон,**
**Æмæ ды дæр, Хуыцау, дæ рардыл**
**Лæгау нæ фæкæнис фæсмон.**

*2010.31.08*

*АГЪНАТЫ Гæстæн*

# ТЕМЫРЫ КÆСТÆР ЧЫЗГ

*Роман**

Жаннæйæн йæ мады ныхæстæ йæ зæрдыл куы ‘рлæууынц, йæ зæрдыл та арæх æрлæууынц – афтæ цардæгасæй æрлæууынц, æмæ фæхъуыды кæны, цыма сын йæхæдæг дæр æвдисæн уыд, цыма алцыдæр хорз æмбæрста, хорз уыдта. Мады æхсыры фыццаг æртæхты æнахуыр адджын ад абон дæр йе ‘взагыл æнкъары. Маринæйы фæлмæн хъарм хъæбыс... Æфсæрмы нæ кæны, зæгъгæ, уæд-иу, гыццылæй мады дæллагхъуыр йæ сæр куыд авæрдта æмæ-иу ын йæ риумæ йæхи куыд нылхъывта, афтæ нылхъивид, афтæ-иу ыл баныхæсид. Цыма иу адæймаг сты, афтæ сæ зæрдæты гуыпп-гуыпп куыд сиу уа. Æмæ афтæмæй бад сахат, дыууæ сахаты. Мацæуыл хъуыды кæн. Æфсымæртæ æмæ хо дæр, Маринæйы, дам, бирæ уарзыс. Æмæ йæ цæуыннæ уарза? Уæдæ кæй уарза?

Жаннæ мин æмæ мин хатты йæхи фарста: Маринæмæ æхсыр куыд равзæрд? Цы хуызы? Цæмæн? Ма ныййар, афтæмæй дæм æхсыр равзæрæд. Æрдзы закъонты сæрты ахызт, æрдзы закъонтæ хæлд æрцыдысты. Жаннæ йæхи фарста. Йæ фарстæн чингуыты дзуапп агуырдта. Вæййы, вæййы афтæ, æрмæст стæм, тынг стæм хатт. Æмæ цавæр æгæрон тых у уый?

* Дарддæр. Райдайæн кæс журналы ацы азы 7-æм номыры.

Уый у уарзондзинад. Сылгоймаг æмæ нæлгоймаджы æхсæн уарзондзинад. Уый у дунейы тæккæ уæлмонцдæр, тыхджындæр, рæсугъддæр æнкъарæн. Цы у гуыппарт йæ цуры? Адæймаг цас цæры, уæдæй абонмæ йемæ æмдзу кæны уарзондзинад, фæлæ, цы у, уымæн иу адæймаг дæр бæлвырд дзуапп нæма радта æмæ нæ ратдзæн. Æмæ уыцы æгæрон æнкъарæнтæ Маринæйы риуы равзæрын кодтой æхсыр, цардæттæг, цардхæссæг æхсыр. Жаннæ дæр сывæллон нал у, цыдæртæ зоны. Æрдз сылгоймаджы сфæлдыста, цæмæй мад суа, хъæбулы ад банкъара. Сылгоймаг фыццаджы-фыццагдæр у ног цард дæттæг. Æмæ уыцы рæсугъд, амонджын бæллиццимæ цæйбæрц æнкъарæнтæ баст сты?.. Уыдон... Уыдон равзæрын кодтой Маринæмæ цардæттæг тæнгъæд – æхсыр.

Цыфæнды сусæгдзинад, цыфæнды суйтæ æлхынцъытæ къуыбылой дæр иу бон райхæлы: Маринæ æмæ Темыры фембæлдтæ æрмæст иу хъæуккæгты, иу кары фæсивæды фембæлдтæ нæ уыдысты: зæрдæтæ кæрæдзимæ тырныдтой, сæ алы фембæлд дæр иуæн æмæ иннæмæн дæр – рухс цъæх уалдзæг. Нæ, се 'хсæн бæлвырд ныхас никæд æрцыд, фæлæ цæстытæ алцыдæр дзырдтой. Уæлмонц, уарзондзинады сусæг æнкъарæнтæ риуы гуырыдысты. Нæ! Ивылдысты, фæлæ сын Маринæ сæ рохтæ никæд суагъта.

Иурæстæг Темыр нал зынд. Уый размæ дæр-иу цыма æнæнхъæлæджы сæмбæлдысты. Фæлæ уыдон æнæнхъæлæджы фембæлдтæ нæ уыдысты. Цы кодтаид чызг? Темырмæ цæссыгкалгæ бацыдаид? Хъуамæ йæ зонгуытыл йæ цуры æрхаудаид? Æмæ се 'хсæн искуы исты ныхас рауад? Исты зæрдæ, исты ныфс ын æвæрдта? Цалдæр мæйы фæстæ райхъуыст: Темыр хъуыддаг кæны. Маринæйы фыд чындзæхсæвмæ ацыд, уый та – горæтмæ. Алыгъд. Нæ, Темырæн дæр æмæ, йæ хæдзары къæсæрæй цы чызг бакувдзæн, уымæн дæр йæ зæрдæ æвзæрæй ницы зæгъы, амонджын уæнт! Фæлæ, ацы бон сæ хъæуы уа, уый йæ зæрдæ нæ комы. Чындзæхсæвы æхсызгон дзолгъо-молгъо. Къæрццæмдзæгъд хъазт. Сæ хъæуы цъæхснагхъæлæс лæппуты зарын. Ирон фæндыры кæлæнгæнæг зæлтæ. ...Æмæ сæ нæ хъусдзæн – кæрæдзимæ дард царынц. Фæлæ сæ хъусдзæн. Горæты... горæты дæр сæ хъусдзæн, фæлæ йæхи нæхъусæг скæндзæн, йæхи ныкъкъуырма кæндзæн.

Жаннæ Маринæйы æмбары. О, се 'хсæн aзтæ, уый – мад, Жаннæ – йæ чызг, фæлæ йын йæ алы ныхас, йæ алы сулæфт дæр æнкъары. Æппынфæстаг, уый дæр сылгоймаг у.

Уыцы чындзæхсæвы фæстæ Маринæйæн йæ зæрдæ ныддур, рухс æм нал калд. Чызджы ницыуал æндæвта. Цыма æндæр бæстæйы, æцæгæлон адæмы æхсæн цард. Хионтæ, йæ удмæ хæстæг чи уыд, йæ зæрдæйы сусæгдзинад ын чи зыдта, уыдон ын, чи æргомæй, чи фæсномыгæй дзырдтой: йæхимæ æгæр ныхъхъуыста, нырма цард разæй и. Фæлæ йæ бон ницы уыд, алцæмæй дæр алидзæн, бамбæхсæн и, фæлæ дæхицæй нæ алидздзынæ, дæхицæй нæ бамбæхсдзынæ. Чидæртæ йын дзырдтой: йæхи хуызæн нал у, йæ цæсгом аивта, æдзухдæр æнкъард, тар. Маринæ йæхæдæг уый не 'нкъардта, уый йæхимæ каст фыццаджы Маринæ. Фæлæ йæ æмбæрста: уый фыццаджы Маринæ нал у. Иу аз иннæйы ивта, иу аз иннæмæй даргъдæр кодта, æмæ сæ фæстæ æнкъардæй каст.

Æрцыд стыр бæллæх. Темыры цардæмбал, Жаннæйы мад Лизæйæн аргæ-арын йæ цард аскъуыд. Йæ фæстаг сывæллоны æхсызгон цъæхахст нал фехъуыста. Уый ахицæн, фæлæ цард радта цоты кæстæрæн. Темыры æфсымæры чындз ноггуырд сывæллоны сæхимæ ахаста: уый уал æм кæсдзæн.

Маринæ уыцы бонты уыд æнахуыр уавæры: йæхимидæг тыхст, цыдæр ын нæ фаг кодта. Иу хъуыды, аннæ хъуыды. Сылгоймаджы сæрыхъуынтæ цасдæр рæстæг æнæфастæй, æнæвнæлдæй куы баззайой, уæд уыдон æддæг-мидæг куыд ауайой, уыдон куыд ныссуйтæ уой, йæ хъуыдытæ афтæ ныссуйтæ сты, се 'хсæн-иу адзæгъæл. Цы кæна? Темыры йе 'ххуыс ныртæккæ куыд хъæуы, афтæ никæд. Ацы зын сахат хъуамæ йæ цуры уа, йæ уæхск æм бадара. Фондз сывæллоны, йæ ныфс сæм чи бахæсдзæн? Чи сæ барæвдаудзæн? Йæ зæрдæйы хъарм сын чи нæ бавгъау кæндзæн? Уыдонæн сæ мады ничи баивдзæн, фæлæ уæддæр... Кæд мæнæ Маринæ... Маринæ?.. Æмæ Маринæйæн йæ бинонтæ, йæ хæстæджытæ, сыхæгтæ, зонгæтæ цы зæгъдзысты? Йæ сæрызонд кæмæн фæцыд, ахæм сылгоймаг æй не схондзысты? Йæхи сæрсæфæнмæ не 'ппары? Фондз сывæллоны раз æнцон æрлæууæн у? Æппынфæстаг, цы зæгъдзæн Темыр йæхæдæг? Цы йæ схондзæн? Уæд та йæ сæ къæсæрæй фæстæмæ раздæхта. Маринæ худинаджы фæндагыл нæ цæуы? Сæ сых, сæ хъæу дамдумтæй нæ байдзаг уыдзæн? Чи цы хъуыды кæна, уый-иу хъуыды кæнæд, чи цы дзура, уый-иу дзурæд! Уый – цæуы.

Маринæ цыд кæйдæр къæхтыл цæуæгау, йæ зæнгтæ йæ быны рызтысты, цудыдтой, тасыдысты. Цæмæй тарст: йе 'взаг дзырд

куынæуал ахса, куы ныссуйтæ уа. Æппынфæстаг, куы ныггоби уа.

Кулдуар бахоста, æмæ йæм ракаст Темыр йæхæдæг. Сывæллæттæй йæ цуры кæй ничи фæци, уый йын æхсызгон уыд. Лæг æдзæмæй баззад. Цас нал сæмбæлдысты? Цас нал федтой кæрæдзийы? Искуы-иу хатт, кæддæр ма, æмæ уый дæр – æхсгæ фембæлд. Кæрæдзимæ æхсгæ каст фæкæн.

Лæг дæр æмæ сылгоймаг дæр æнцад лæууыдысты. Иурæстæг сæ цæстытæ кæрæдзимæ фемдзаст сты. Цæстытæ алцыдæр дзырдтой. Æмæ Темыр дæр загъта:

– Уазæг – Хуыцауы уазæг, мидæмæ, – Темыр дуар уæрæх байгом кодта, йæ улæфт куыд къуыхцы кæны, уый хъуысти. Сарайы даргъ хъæдын бандоныл æрбадтысты.

– Маринæ, рагæй дæ нал федтон.

– Рагæй.

Сывæллæттæй чидæр, уæд сын Маринæ сæ нæмттæ нæма зыдта – сæ цурмæ æрбазгъордта, фыды уæрагыл йæ сæр авæрдта, скаст æм æмæ фæфæстæмæ. Темыр базмæлыд, йæхиуыл схæцыд æмæ та сæ цæстытæ фæкомкоммæ сты.

– Диссаджы хæрзад битъынатæ нæм ис æмæ фæйнæ цайы...

– «Нæ» нæ зæгъдзынæн.

Темыр уыцы цæрдæг фестад. Табуреткæйыл дыууæ цайы агуывзæйы æрæвæрдта. Фæхъæлдзæгхуыз, фарайдзаст и. Маринæ сæ дуарæй цæмæн æрбахызт, чи зоны, уый бамбарста, чи зоны – нæ. Æвæццæгæн, бамбæрста. Уæддæр фыццаг ныхас уымæй не схауд. Æмæ Маринæ, йæ сæр æруагъта, комкоммæ кæсын æм æфсæрмы кодта, афтæмæй загъта:

– Темыр, дæ сывæллæттæн дæ мад нæ хъæуы?

Лæг, сылгоймаг цæмæ æрбацыд, уый кæд æнкъардта, уæддæр ахæм бæлвырд ныхасмæ æнхъæлмæ нæ каст, æмæ фестъæлфыд, йæ цæстытæ дзагъырæй аззадысты, нал сæ ныкъуылдта. Стæй базмæлыд, йæ сæр иуварс азылдта, æмæ Маринæ ауыдта: Темыры цæстытæ доны разылдысты, ставд, къуыбар цæссыгтæ гæр-гæрæй æрызгъæлдысты. Йе 'нгуылдзтæй-иу сæ асæрфта... Æмæ Маринæ хъуыды кодта: хиуылхæст ирон лæгæн йæ цæссыгтæ гæр-гæрæй уайой, уый хуымæтæджы нæу. Æмæ цы кæны? Кæд, фырыхъулы хуызæн фондз сывæллоны йын чи балæвар кодта, уый – йæ уарзон цардæмбал Лизæйы æрымысыд? Æмæ зæрдæ риссы, зæрдæ сау хъæдгæмттæ кæны. Кæд уыцы зæххон зæдæн баивæн нæй, баивын та йæ хъæуы, æмæ дывыдон

арты бахауд? Кæд, йæ зæрдæйæ йæ бон Лизæйы атонын нæу æмæ йæхиуыл кæуы, атонын та йæ хъæуы æмæ цы кæна? Кæд, æвиппайды, æнæнхъæлæджы йæ цуры, арвæй дур æрхауæгау, фæзынд йæ ног амонд, æмæ йæ цины цæссыгтæ сæхи нал баурæдтой? Ног амонд... Ног цард... Цы амыдтой хиуылхæст ирон лæджы къуыбар цæссыгтæ? Йæ æгæрон цин æви йæ зæрдæйы æгæрон рис?..

Жаннæ агуывзæйы адджын донæй, цыма цай цымы, афтæ цалдæр хуыппы скодта. Диссаг у адæймаг. Гæнæн и, æмæ иу уысммæ февзæрай суанг мин азы размæ – ивгъуыды. Гæнæн и, æмæ иу уысммæ февзæрай фидæны, дард кæдæмдæр, космосмæ ахæццæ уай. Æмæ суай уыцы рæстæджыты цæрæг. Гæнæн и, æмæ иу уысммæ февзæрай, иу адæймаг дæр фæстæмæ кæцæй нæма раздæхт, уым.

Чызг та йæ адджын донæй ахуыпп кодта. Нæ! Иу фæрссаг хъуыды дæр йæ сæрмæ æмгæрон нал æрбауадздзæн. Абон сæ хæдзары бæрæгбон и. Абон йæ фыд Темыры райгуырæн бон у, æмæ хъуамæ зæрдæтæ цин кæной. Ахæм уæздан, кадджын хистæр алкæмæн и? Алы фыд йæхи афтæ снывонд кæны йæ бинонтæн, йæ кæстæртæн? Нæ, ахæм фыд никæмæн и. Æмæ ма бирæ азты æнæниз, æнæмаст, зæрдæрухсæй цæрæд!

Жаннæ сыстад, йæ агуывзæ адджын донæй байдзаг кодта æмæ йæ æнæдзургæйæ банызта. Æнахуыр зæрдиагæй, æнахуыр æхсызгонæй.

*31-æм августмæ ма баззад 26 боны.*
*5-æм август. Æртыццæг. 2009 аз.*

Бинонтæ иумæ кæд æрæмбырд уыдзысты, Жаннæ æдзух уымæ фенхъæлмæ кæсы. Семæ цин æмæ æхсызгондзинад æрбахæссынц. Фæлæ... Уыцы иу рæстæг зæрдæйы æбæрæг тас бацæуы, æбæрæг æнкъарæнтæ йыл æртыхсынц, æмæ чызгæн йе уæнгтæ æркæлынц. Æмæ ахæм уавæры цæмæн бахауы, уый зоны. Вадим æмæ Фатимæ... Сæ цæстæнгас, сæ рæхуыст ныхас. Ныхас... Диссаг, зæрдæ дзы афтæ цæмæн риссы. Аслан та... Уый та, кæд æмæ кæм цы зæгъын хъæуы, уый йæхæдæг дæр нæ зоны. Ныццæлхъ ласта æмæ – фæци.

Диссаг, ныхас комкоммæ зæрдæйыл афтæ цæмæн æмбæлы? Афтæ тыхджын у, уый Жаннæ фæстаг азты уæлдай тынгдæр

банкъардта, фæлæ йæ йæ дыууæ æфсымæры æмæ йæ хо зонынц? Ныхас топпы нæмыгæй уæлдай кæй нæ у, уый æмбарынц?

Знон Темыры райгуырæн бон хорз ацыд. Жаннæ æнхъæлдта: йе 'фсымæр æмæ та йыл йæ хойы ныхæстæ згъæлдзысты, æмæ та-иу йæ мидбынаты фестъæлфдзæн, фесхъиудзæн. Нæ. Хорз ацыд.

Чызг фынг бафснайдта æмæ йæ уатмæ бацыд, диваны кæрон йæхи æруагъта. Нæ, нæ бафæллад, афтæ иу-цалдæр минуты абада. Кæд мад нæ фæразæй уа: фест-ма, Вадим æмæ Фатимæйæн семæ истытæ авæрæм, зæгъгæ, науæд йæхæдæг сыстдзæн æмæ мадимæ æфсымæр æмæ хойæн сæ дзæкъултæ хуыздæр æмæ хæрзаддæр хæринæгтæ, дыргътæ æмæ адджинæгтæй байдзаг кæндзысты, дæттæ æмæ дзы ноэтытæ дæр сæвæрдзысты. Мадæн дæр æмæ уымæн дæр, сæ бинонтæн, уазджытæн семæ исты авæр, уый æхсызгон вæййы. Мад скъаппытæ ракалдзæн, уазалгæнæн равдæлон кæндзæн, уæддæр æнæмæнгæй Вадим æмæ Фатимæйы барæвдаудзæн.

Уаты дуар æрбазыхъхъыр, æмæ Жаннæ фенхъæлдта: йæ мад у, ныртæккæ зæгъдзæн:

– Цом, нæ бæлццæтты арæвдз кæнæм.

Уаты дуарæй æрбахызт Вадим. Йæ мидбылты худы, куыд фæхуды, афтæ: хин æмæ сæрыстырæй, йæ фæстæ цыдæр сусæгдзинад æмбæхст кæмæн и, ахæм мидбылхудт. Æмæ чызг банкъардта. Нæ, уæддæр ын йе 'фсымæр цыдæртæ ма зæгъа, уый гæнæн нæй, афтæмæй нæ ацæудзæн. Æмæ йыл цыма исчи уазал дон бакалдта, афтæ йæ буар ауазал. Æфсымæр диваныл йæ фарсмæ хъавгæ йæхи æруагъта, бакаст æм æмæ загъта:

– Мæ чысыл хо, цыдæр сагъæсхуыз дæ: рæхджы нæм бухархудджынтæ ма æрбахойæнт.

– Вадим, æз æй æппæты разæй зæгъдзынæн дæуæн.

– Æз æй нæ фыдыусæй дæр раздæр базондзынæн?

– Æз мамæйæ ницы сусæг кæнын.

– Дæуæн ахæм мамæ ис, æрхъæцмæ дæр дыл нæ хъæцы, дыги-дыги дын кæны, фæлæ мах та цы фæуæм? Сидзæртæ. Мæгуыр сидзæртæ.

Чызг йе 'фсымæрмæ йæ сæр разылдта æмæ йæм кæсы: фынджы уæлхъус се 'хсæн дæрзæг ныхас кæй не 'рцыд, уый цы хорз уыд. Ныр Вадим цыфæнды дæр дзурæд, мад æмæ фыд

ницы хъусынц. Жаннæ йын йæ ныхæстыл ахуыр у. Нæу! Нæ сыл ахуыр кæны. Стæй сыл сахуыр уыдзæн? Кæдмæ сын быхсдзæн? Кæдмæ сын фæраздзæн? Тагъд... Тагъд сæ нал хъусдзæн.

– Сымахæн дæр мамæ уæ мад у, фæлæ... уæхи йеддæмæ уæ ничи хъæуы æмæ...

– Гъе, уый дын, гъе! Мæ чысыл хо, бæргæ нæ хъæуы мад, фæлæ фыдыус мады ад никуыма никæмæн скодта, стæй не скæндзæн. Дæуæн мады ад цæмæн кæны, уый зоныс? Уымæн, æмæ ды æцæг мады ад нæ банкъардтай.

Дуар æрбазыхъхъыр, æмæ Вадим йæ ныхас фескъуыдта. Фатимæ ма уæд. Æфсымæры ныхæстæм ма цалдæр ахæмы бафтаудзæн, æмæ Жаннæйæн ныр дæр йæ сæр ныддур, цыма дзы уæрдæттæ дыууæрдæм кæнынц.

Мад уатмæ æрбахызт, æмæ чызг сулæфыд: йæ ирвæзынгæнæг фæзынд. Жаннæ йæхимидæг ахъуыды кодта: «Æвæццæгæн, æцæгдæр, мадæй цоты æхсæн цыдæр сусæг бастдзинæдтæ ис. Æндæр?..»

– Жаннæ, цом, нæ бæлццæтты арæвдз кæнæм. – Мад уатæй рацыд. Чызг йæ фæстæ рахызт. Вадим диваныл бадгæйæ баззад. Жаннæйы сæры арвы æрттывдау атахт: кæд, мыййаг, æфсымæры ныхас Маринæйы хъустыл æрцыд æмæ йæ фервæзын кæнынмæ фæзынд? Цыфæнды дæр уæд, зындонæй фервæзт.

– Нæ фæндаггонтæн истытæ фенæм.

– Фенæм, – йæ мадмæ фæлмæн бахудт чызг.

Æмæ сæ арæвдз кодтой. Бæлццæттæ сæ хæдтулгæты сбадтысты: сиахс Чермен, Фатимæ æмæ сæ цот – чызг æмæ лæппу – сæ «Мерседесы», Вадим, йæ бинойнаг æмæ – сæ дыууæ лæппуйы сæ БМВ-йы. Сæ машинæтæ уæрæх лæгъз асфальт фæндагмæ разылдтой, дæргъвæтин сигналтæ радтой, æмæ хæдтулгæтæ сæхи размæ аппæрстой, цыма баст уыдысты æмæ сæ рæхыстæй феуæгъд сты.

Машинæтæ нал зындысты. Жаннæ ма уæддæр сæ фæстæ каст.

– Цом мидæмæ, – дард кæцæйдæр хъуысæгау æм æрбайхъуыст йæ мады хъæлæс. Уый дард кæмдæр нæ уыд, лæууыд йæ фарсмæ, æмæ чызг йæ фæстæ акъахдзæф кодта. Æмæ йын куыддæр фенцондæр: цæст кæй нæ ахсы, фæлæ адæймаг хорз кæй æнкъары, ахæм уæз ыл æнцад, æмæ уый ахауд. Фенцондæр ын, йæ буар сулæфыд. Æвæццæгæн... Æвæццæгæн, Жаннæ хорз адæймаг нæу.

Ævæццæгæн, æцæгдæр цыдæр сау тыхтимæ райгуырд, æмæ йæ йæхæдæг дæр не 'мбары. Ævæццæгæн, хъуамæ æцæгдæр ацы дунемæ ма рантыстаид, ацы дунемæ фæзынд æнæнхъæлæджы. Йæ райгуырдæй йæ мады цард аскъуыдта. Æмæ уый куыд раст у? Йæ æрыгон мады цæрын нæ фæндыд? Хъуамæ ацы дунемæ мама фæзындаид, нæма дзы хъуыд, æмæ йын цыдæр уæларвон тыхтæ уый нæ барынц. Æви уыдон æндæр тыхтæ сты: нæ æгъатыр, фæлывд, суйтæ, раст æмæ зылын, сыгъдæг æмæ чъизийы арæнтæ кæм сиу сты, æхца æмæ мулк адæмæн хуыцæуттæ кæм систы, уыцы æбуалгъ æхсæнад, уыцы æбуалгъ рæстæг? Кæд Жаннæ цыдæртæ не 'мбары æмæ æфсæнттæ кæны? Кæд сын сæ бинонты дæр рæстæджы азар басыгъта? Чи у раст? Кæд Жаннæ æцæгдæр ницы зоны, ницы 'мбары, нæ йыл цæстытæ и, нæ – хъустæ, æмæ цæры къуырма æмæ куырмæй. Куыд дæ фæнды, куыд арæхсыс, дæ цæсгом куыд хъæцы, афтæ кæн, афтæ цæр. Дæ бон сайын у – сай, давын у – дав, скъæфын у – скъæф, æппындæр мацæуыл хъуыды кæн, мацæуыл ауæрд, дæхимæ ссив. Ævæццæгæн, ныр цард афтæ у. Æмæ, йæ бон цæстфæлдахæн митæ кæнын кæмæн нæу, йæ сæрмæ сæ чи нæ хæссы, раст æмæ сыгъдæг адæймаг чи у, уый та цы фæуа? Уый та цы кæна? Уый та куыд цæра? Уды сыгъдæгдзинад æмæ рæстдзинады æнæфыст æмæ фыст закъонтæм гæсгæ ма цæрæн и? Стæй ма адæм искæд уыдонмæ гæсгæ цæрдзысты? Уыдон цæрæнбонтæм фесæфтысты? Стæй уыдысты?.. Æмæ-гъа. Æмæ-гъа.

Жаннæ ницыуал зоны, ницыуал æмбары. Ныссуйтæ, ныдздзæгъæлтæ. Æцæгæлон... Хатгай уыцы дзырд плакаты хуызæн йæ цæстыты раз фегуыры æмæ цæстытæй ратонын нал фæкомы. Йæ редактор Дауытæн æцæгæлон нæу. Йе 'рмæджытæ йын иу иннæйы фæстæ раздæхта, уæддæр дзы æвзæр нæ зæгъид. Цалдæр æрмæджы йын нæ ауагъта, æмæ йæм уый тыххæй хъуамæ фыдзæрдæ хæсса? Знаджы цæстæй йæм кæса? Йæ иу уацхъуыд ын – «Бæрнон бынæтты – æбæрнон адæм» – сæ дыууæ дæр хорз хъуыды кæнынц. Районы хицау цалдæр куысты ахæмты сæвæрдта, æппындæр уыцы куыстытæм бар чи нæ дардта, йæ фыны дæр æй чи никæд федта, уыцы куыст сæ хъуыд æрмæстдæр æхцайы тыххæй. Бæрнон бынæтты – æбæрнон адæм. Æмæ цæмæн?..

Жаннæ районы газеты уацхæссæг нал уыд, фæлæ милицæйы кусæг. Цас фылдæр агуырдта, цас арфдæр къахта, афтæ

йæхæдæг дæр цымыдисæй цымыдисдæр кодта. Цалдæр бæрнон бынаты – цалдæр æнæнхъæлæджы чидæртæ. Æмæ чи сты? Кæцæй æрхаудтой? Цæмæн æмæ куыд бацахстой уыцы бæрнон бынæттæ? Сæ хорз зонындзинæдты, дæсны разамонджытæ кæй сты, уый тыххæй?

Районы хицау районы автотранспортон управленийы хицауæй сæвæрдта... Кæй? Йæ сиахсы – йæ хойы лæджы. Æмæ цы кусæг уыди раздæр? КАМАЗ-ы шофыр. Дыууæ хатты аваритæ скодта. Иу хатт йæ машинæ афтæ ныппырх, æмæ саразынæн нæ, фæлæ дзы ивæн хæйттæн дæр ницыуал сбæззыд. Æмæ сом дæр нæ бафыста, сыгъдæгæй агæпп ласта. Иннæ хатт та зæронд усы скъуырдта, йæ зæнг асаст æмæ йæм рынчындонмæ цæугæ дæр нæ бакодта, сылгоймаг йæхæдæг фæаххосджын. Ахуыргонддзинад – дæс къласы дæр кæмæ нæй, уымæ аттестат нæ, фæлæ диплом дæр разынд: фæсаууонмæ æнтыстджынæй каст фæци институт. Æцæгдзинадæй – иу институт дæр нæ фæци, диплом балхæдта, аттестат дæр кæмдæр ссардта. Æмæ дын уый – разамонæг. Куыд? Цы хуызы? Цæмæн?

Æмæ иннæтæ дæр афтæ. Хæстæджытæ. Æцæгæлæттæ. Фæлæ æхца цыфæнды хионæй дæр фæхæстæгдæр вæййы, цыфæнды фидар дуæрттæ дæр байгом кæндзæн. Темыр хуымæтæджы фæзæгъы:

– Нæ дуг у, алцыдæр балхæнæн æмæ ауæйгæнæн кæм ис, ахæм дуг.

Дæ дзыпп куыд амоны, дæ куыст – ахæм, туфлитæ куыд балхæнæн и, афтæ балхæнæн ис куыст дæр, алцыдæр. Уый дын нæ царды уаг. Цымæ, цы рæстæг, цы æхсæнады цæрæм, уый зонæм?.. Чи стæм? Кæдæм цæуæм? Цы нæм æнхъæлмæ кæсы?.. Сæрсæфæн?..

Редактор цалдæр боны ницы дзырдта. Цыма Жаннæйы уацхъуыд нæ федта. Кæй йæ бакаст, Жаннæ ууыл дызæрдыг нæ кодта. Фæлæ Дауыт, æвæццæгæн, йæхимидæг тыхст, артæй доны ‘хсæн бахауд æмæ... Æппынфæстаг, Жаннæмæ фæдзырдта, уацхъуыд цалдæр хатты рафæлдæхта, сыстад æмæ рудзынгæй кæдæмдæр каст, стæй æрæджиау загъта:

– Жаннæ, сбад, цæмæн лæууыс?

Чызг сбадт.

– Жаннæ, искуы дын æвзæрæй исты сарæзтон?

Дауыт йæхимæ йæ фыды номæй дзурын нæ уадзы: махмæ,

ирæттæм, уый нæ фидауы, æмæ уымæ дæр Давид Олеговичæй мачи дзурæд, зæгъгæ. Дауыт. Æмæ йæм Жаннæ дæр йæ фыды номæй нæ дзуры.

– Дауыт, цытæ дзурыс, ды мæнæн æвзæрæй никуы ницы сарæзтай, æз дæ стыр бузныг дæн. – Уый былалгъ зæрдæлхæнæн рæсугъд ныхас нæ уыд. Жаннæ уæд дæр æмæ ныр дæр афтæ хъуыды кæны: журналисты дæсныйад кæй райста, газет йæ цард, йæ хъысмæт кæй ссис, æппынфæстаг, нæ суйтæ, змæст рæстæг цыдæр куыстыл хæст кæй у, уый – Дауыты фæрцы. Афтæ йæм фæкæсы, цыма уый йæ фæндагамонæг у. Æмæ бæгуыдæр у. Университетмæ журналистикæйы факультетмæ йæ гæххæттытæ куы лæвæрдта, уæд йемæ ацыд. Чызг ныфсæрмы, бакæсын æм нæ уæндыд. Цыма Дауытæн æндæр ницы куыст и. Куыстытæ та – бирæ. Фæстæдæр редактор йæхædæг дзырдта:

– Æрыгон адæймагæн йæ цардвæндаг æвзарæн рæстæг йæ фарсмæ æрбалæууу, баххуыс ын кæн, уæд уый удыбæстæ у. – Æмæ Дауыт Жаннæйы иунæгæй нæ ауагъта. Деканы уатмæ бацыд хионы цыд. Чызг кæмдæр æмбæрста: уыцы уаты лыг цæуы йæ хъысмæт. Æмæ-иу чысыл уынæрмæ дæр сонт каст фæкодта, фестъæлфыд-иу. Уæрæх, бæрзонд дуар байгом, æмæ Дауытимæ рахызт ныллæджытæ, къæсхуыр, урссæр сылгоймаг. Жаннæмæ æрбакаст, бахудт æм æмæ загъта:

– Уæдæ нын ацы чызджы нымудзыс, Дауыт? Де ‘рмæджытæ æвзæр не сты, фæлтæрддзинад та азтимæ æрцæудзæн.

– Зинæ, бузныг, стыр бузныг, – хион хуызы йæм бакаст Дауыт. – Жаннæ, æнхъæл дæн, дæ гæххæттытæ дæхæдæг ратдзынæ, – æмæ ацыд.

Æвзонг чызг иунæгæй аззад. Ис! Ис! Ацы зæххыл хорз адæмтæ ис. Мæнæ сæ иу Дауыт. Мæнæ, абон фыццаг хатт кæй федта, журналистикæйы факультеты декан, иннæ та уый. Цыдæр æнахуыр ныфс дзы бауагътой. Университетмæ бацæуыны тыххæй йæ гæххæттытæ нæма радта, афтæмæй, цыма студент у, йæхимæ афтæ фæкаст. Уый уыд дунейы тæккæ амондджындæр адæймаг.

Йæ хъуыдыты хал фескъуыд. Дауыты ныхас æй, цалдæр азы размæйæ æвиппайды кæм февзæрд, уырдыгæй абонмæ раскъæфта:

– Жаннæ, æз дæр æмæ ды дæр ам мауал кусæм, уый дæ фæнды?

Цы йын зæгъа? Жаннæ мауал кусæд, фæлæ Дауыт... Æнæ уый редакци редакци нал уаид, уый редакцийы зæрдæ у.

– Цытæ дзурыс, Дауыт?! Æз кусон, ма кусон, уый диссаг нæу, фæлæ ды... Æнæ дæу газет...

Дауыт цæры газетæй. Цыма йæ фынты дæр, газет куыд цымыдисагдæр уа, куыд хуыздæр уа, адæмы зæрдæтæм куыд хуыздæр фæцæуа, уый фæуыны, Жаннæмæ афтæ кæсы. Йæ хъуыдытæ иуыылдæр газетимæ баст сты. Сæ редактор йæ куыст, йæ дæсныйад куыд уарзы, алчидæр йæ куыст, йæ дæсныйад афтæ уарзы, зæгъгæ, уæд уыцы куыст æвзæр никæд уаид, уыцы куыст æдзухдæр уаид тæхудиаг.

Жаннæйæн цы бамбарын хъуыд: ныхас цæуы йæ уацхъуыдыл, æвæццæгæн ын рауадзæн нæй æмæ... Æмæ уæд чыргъæды йæ бынат...

– Уыцы уацхъуыд... Æмæ кæд афтæ у, уæд æй раиуварс кæн, – загъта Жаннæ. – Æндæр газеты йæ куы рауадзин, уæд та куыд уаид?

– Кæд, мæнмæ хъусыс, уæд æй макæдæм ратт. Дæ фæндаг дæхæдæг суйтæ кæныс. Хицауад кæрæдзиимæ баст сты, маст нæ барынц. Дзургæ иу кæнынц, кæнгæ та – æндæр. Чи загъта, цы дæ фæнды, уый фысс? Чи загъта, махмæ мыхуырæн сæрибардзинад и? Нæй! – Дауыт цыдæр æнахуыр мæстджынæй дзырдта. Æвæццæгæн, йæ риуы цы маст сцæнд, уый фегом, уый рарæмыгъта.

Жаннæ æнцад бадт, йæ редакторимæ фæныхмæ уа, уый йæ нæ фæндыд. Хорз æй æмбæрста. Дауыт раст нæ уыд æмæ раст дæр уыд, йæ фæлтæрддзинад æй бирæ цæуылдæрты сахуыр кодта.

Чызг йæ уацхъуыд «Бæрнон бынаты – æбæрнон адæм» иннæ гæххæттытыты æхсæн стъолы лагъзы баппæрста. Цæмæн æй хъæуы? Фæлæ та кæс æмæ æнæнхъæлæджы кæцæйдæр рагæпп кодта. Цыма-иу афтæ дзырдта: «Цыфæнды æмбæхст мæ куы бакæнай, уæддæр мæ бон мæхи бамбæхсын нæ бауыдзæн, кæд нæ хъуыдтæн, уæд мæ цæмæн ныффыстай?»

Жаннæмæ-иу афтæ каст: ныртæккæ йе ‘намонд уацхъуыд ныхъхъæр кæндзæн: «Хæппæй дæр чи тæрсы, уый цæй уацхæссæг, уый цæй журналист у? О, уæ-ууæй-гъе!..»

Уацхъуыд иннæ гæххæттыты æхсæн бæрæг дардта. Жаннæмæ афтæ каст, цыма-иу базмæлыд, хæрдмæ стæхынмæ хъавыд.

Ærtæ мæйы йын тыххæй бафæрæзта, стæй скарста: искæцы газетмæ йæ раттын хъæуы. Æндæр мыггаг æмæ æндæр номимæ, æви... Нæ! Цы йын кæной, уый-иу ын кæнæнт: йæ уацхъуыд газетмæ ратдзæн йæхи мыггаг æмæ йæхи номимæ. Цæмæй тæрсы? Цы фыссы, уый – рæстдзинад. Æмæ, ау, нæ рæстæг, не 'хсæнад рæстдзинадæй бынтондæр сæвдæлон? Нæ, нæ, уымæн уæвæн нæй.

Жаннæйы уарзон газет «Рæстдзинад» ын фыццаг хатт нæ рауагъта йе 'рмæг. Æмæ йæ фыдæнæн, нæ депутаттæй иу йæхи фæрæзтæй цы газет уадзы, йæ тираж къаддæр кæмæн у, фæлæ критикон æрмæджытæй чи нæ тæрсы, уырдæм бахаста. Уацхъуыд уайтагъд рацыд. Æмæ йын æхсызгон уыд, цыма цыдæр сгуыхтдзинад, цыдæр хъæбатырдзинад равдыста. Афтæ 'хсызгон ма йын, йæ фыццаг æрмæг газеты куы фæзынд, уæд уый уыд.

Жаннæмæ ницы ныхас æрхауд, фæлæ, йæ уацхъуыд цы газеты рацыд, уый редактор... Иу изæр æй горæты талынг къуымы æртæ лæппуйы ацахстой, сæ цæсгæмттæ – æмбæрзт, æрмæстдæр зындысты сæ цæстытæ. Сæ иу ын ивазгæ хъæлæсæй загъта:

– Ацы изæрæй фæстæмæ, газеты цы уадзын хъæуы, уый хуыздæр зондзынæ, – æмæ йыл дзæхст-дзæхстæй ралæууыдысты: чи йæ къухæй цавта, чи къахæй, чи сæрæй. Куы æрхауд, уæд талынджы фæтар сты. Дыууæ-æртæ минуты дæр нæ ахаста сæ фембæлд, фæлæ редактор мæй куыстмæ нал рацыд: йæ дæндæгтæй цалдæр бахауд, сцъæхтæ, ссаухъулæттæ. Кæй бахъыгдардта редактор? Чи йæм систа йæ къух? Чи? Уацхъуыды бæрнон бынаты бадæг æбæрнон адæм кæмæн бахæс кодтой, æхца кæмæн бафыстой, уыдон.

Жаннæ уыдæттæ, йæ уацхъуыды фæдыл газет цытæ ныммыхуыр кодта, уымæй базыдта. Æмæ сæм йæ уацхъуыд кæй радта, уый тыххæй фæсмон кодта, редакцийы къæсæрæй бахизын йæ цæсгом нал хъæцыд. Уæддæр хатыр курынмæ бацыд, йæ ныфс бахаста.

– Æппындæр мацæмæй тыхс, нæ куыст ахæм у. Æцæг журналист хæстон у, мах нæ рæстæджы стæм, атакæйы разæй чи фæцæуы, уыдоны хуызæн. Исты ахæм æрмæг ма дæм куы уа, уæд æй махæн ма бавгъау кæн, – бахудт æм редактор. Чызгæн йæ фæсмоны хъуыдытæ атадысты. Нæ! Йæ уацъхъуыд кæй рацыд, уый хорз уыд, йæ цæсгом йæхи цур сыгъдæг у.

Жаннæ йæ куысты фыццаг къахдзæфтæ кæнын куы райдыдта, уæдæй фæстæ арæх фæхъуыды кæны: цы у газет? Газетæн, журналистæн сæрибар уæвæн и? Кæй у газет? Чи йæ уадзы? Æхца йын чи фиды? Нæй! Газетæн сæрибар уæвæн нæй! Кæй у, æхца йын чи фиды, уый ххх хæссын хъæуы. Кæй уæрдоны бадай, уый зарæг кæн. Журналистæн, йæ зæрдæ цы зæгъы, уый ныффыссын йæ бон у? Нæу! Æмæ ма иу хатт дæр – нæу! Ахст у. Æхца йын чи фиды, уымæн йæ къæппæджы и. Чи загъта, æмæ махæн нæ мыхуыр сæрибар у? Гæды, фæлывд ныхас. Фæлæ уæддæр... Фæлæ цæрæнбонты дæ фæздæг кæлæд, уый дæр цас хорз у. Иу хатт ма ссудз, лæгау лæджы хуызæн дæ ныхас ма райхъуысæд, уый дæр куыд раст у?

Бæргæ, рæстдзинады салдæттæ куы уаикам æцæгдæр, фæлæ ницытæ æмæ мацытæ. Чызг йæ сæр банкъуыста. Нæ, йæхæдæг дæр ницы журналист у.

*31-æм августмæ ма баззад 25 боны.*
*6-æм август. Цыппæрæм. 2009 аз.*

– Уæ дзæнæты бынаты иумæ абадæм,– загъта Вадим æмæ Жаннæйы разæй рудзгуыты бын дидинæгдонмæ бахызт. Æфсымæр æмæ хо стъолы фарсмæ даргъ бандоныл æрбадтысты.

– Æцæгдæр, дзæнæты бынат, – чызг йæ цæстытæ дидинджытыл ахаста. Вадим, æнхъæлдæн, фыццаг хатт æрбацыд ардæм. Æмæ куыд фæрæдыд? Жаннæйæн цыдæр стыр сусæгдзинад зæгъынмæ хъавы, фæлæ цы?..

– Жаннæ, цæуыл хъуыды кæнын, – йæ хомæ нæ, фæлæ æмраст кæдæмдæр кæсы лæппу, йæ цæстытæ – сагъæссаг, хъуыдыдзаст.

– Зæгъ æй, фырцымыдисæй мæ уд схауы, – йе ‘фсымæрмæ хæстæгдæр бабадт чызг, бахудт æм.

– Нæ рæстæджы адæймагæн алцыдæр йæхицæй аразгæ у.

– О. Фæлæ хъысмæт дæр и, адæймаджы йæхи джипы ауадзы.

– Æз, хъысмæт æмæ ахæм цæуылдæрты не ‘ууæндын. Æмæ цы зæгъынмæ хъавын: цæрын æнцон никæд уыд, ныр дæр æнцон нæу, фæлæ дзы зынæй дæр ницы ис. Иу хатт дæр ма йæ зæгъын: алцыдæр аразгæ у адæймагæн йæхицæй. Адæймагмæ хъуамæ уа нысан, хорз нысан, æнæ нысан адæймаг куысыфтæг у. Мæ цард, мæ бинонты цард куыд хуыздæр саразон, мæхицæн дæр æмæ уыдонæн дæр хорзæй цы скæнон, æмæ уыцы нысанмæ

тындз, ма фæцуд, кæм хъæуы, уым сабыр къахдзæфтæй, кæм та – тагъд; дæ размæ цæлхдууртæ сæвзæрд – сæ сæрты ахизæн нæй, уæд сæ иувæрсты ацу. Æмæ уæд æнæмæнг дæ нысаныл сæмбæлдзынæ. Иуæй, æз ахæм зондыл хæст уыдтæн æмæ дæн, æмæ цыма мæ цардвæндагыл никæм фæрæдыдтæн, афтæ мæм кæсы.

– Ды никæд фæрæдыдтæ, стæй нæ фæрæдидзынæ.

– Ды мæн фæрæхойыны охыл зæгъыс, фæлæ уый æцæгдæр афтæ у. Ныртæккæ, цæмæй адæймаг йæ цард хорз сараза, ныввыл, адæмы фæстагæттæй ма уа, уымæн алы фадат дæр и. Фæсивæдæй чи арæхсы, йæ цард фæхуыздæр кæнын кæй фæнды, уыдон гом кæнынц чысыл куыстуæттæ. Цæмæйдæр уал райдай, чысыл цæмæйдæр, стæй дын фенцондæр уыдзæн. Бындур æрæвæр.

Жаннæ йе 'фсымæрмæ бакаст. Йæ куыст Вадимы зæрдæмæ нæ цæуы: йæ мызд – капеччытæ, рацæудзæн рæстæг, æмæ тынг фæсмон кæндзæн, мах рæстæджы уый – Жаннæ – цы мызд исы, уый æхца нæу.

– Вадим, хуыздæр куыст мын ссардтай, уый бæрæг у. Æви мын цыдæр чысыл куыстуат балæвар кæнынмæ хъавыс?

– Ницы куыст дын ссардтон, стæй агургæ дæр дын нæ кодтон æмæ нæ кæнын, хъуамæ алчидæр куыст йæхæдæг йæхицæн ссара. Куыстуат балæвар кæнын мæ бон никæмæн у, фæлæ куы уаид, уæддæр суанг мæ хорз хойæн дæр нæ балæвар кæнин: хъуамæ царды фæндæгтыл алчидæр йæхæдæг ацæуа, æмæ уæд цардæн аргъ кæндзæн.

Уæддæр, цы зæгъынмæ хъавы Вадим? Жаннæ йын йæ зондамонæн ныхæстыл ахуыр у.

– Жаннæ, ныр нæ хистæрты цардæй цæрæн нал и, размæ тындзын хъæуы. Æмæ иу чысыл куыстуат куы саразис, уæд дæ цардыл фæзынид: дæхи хуыздæр æнкъарис, зæххыл фидардæр лæууис, фидæнмæ ныфсджындæрæй кæсис.

Хи куыстуат. Жаннæ – куыстуаты разамонæг. Хицау. Къæлæтджын бандоныл бадæг. Нæ. Ууыл никæд хъуыды кодта. Уый йæм дард у, тынг дард. Диссаг, цымæ йын цы куыстуат саразын зæгъы йе 'фсымæры зæрдæ?

– Æмæ мæ бынаты цавæр чысыл куыстуат саразæн и?

– Алцыдæр, – разылд æм Вадим. – Æрмæстдæр дæ фæндæд, æндæр алцыдæр. Ныртæккæ паддзахад хорз æххуыс кæны –

æхца кредит дætты. Æрмæстдæр змæл. Æз дæ бынаты куы уаин, уæд саразин хилдасæн.

– Салон красоты. Рæсугъддзинады салон.

– О. Цæмæй куыст хуыздæр зонон, уый тыххæй фæуаин курсытæ, уыцы дæсныйад базонин хорз. Йæ хæрдзтæ бирæ не сты. Куыст хорз рацараз, æмæ нæм цы хилдасæн и, уый кæмдæр фæсдуар аззаид, цыбыр рæстæгмæ пайда дæттын райдаид, уайтагъддæр дæ къæхтыл слæууис.

– Æвæццæгæн ма дæм æндæр хъуыды, æндæр фæндон дæр ис.

– Хъуыдытæ бирæ. Цæуыннæ. Ис афтек саразæн? Уымæн хъæуы медицинон ахуыргонддзинад, фæлæ, саразæн цæмæн нæй, ахæм ницы ис.

Чызджы зæрдыл æрбалæууыд, æцæг уыд æви йæ адæм сæхæдæг æрхъуыды кодтой, Хуыцау йæ зонæг:

– Мæскуыйæ, дам, цыдæр къамис нæ горæтмæ, нæ республикæмæ ссыд. Кæсынц, æмæ къахдзæфæй-къæхдзæфмæ – афтек, æмæ, дам, сæ иу афтæ зæгъы: «Ирон адæм цы сахъат, цы рынчынтæгæнаг адæм сты».

– Мæскуыйæгтæ паддзахады исбон, паддзахады æхца сæхи бакодтой æмæ æнцад уæнт. Дзурæнт æмæ дзурæнт! Фæлæ афтек пайда кæй у, уый бæлвырд у. Адæймаджы куы фæнда, уæд алцы гæнæн дæр ис. Цæуыннæ и чысыл кондитерон цех саразæн? Ис! Ис, мæ хо, алцы саразæн дæр. Æрмæстдæр дæ фæндæд. Æмæ ды дæр ахъуыды кæн, цæрын дæ хъæуы, дæ цард та нырма разæй и.

– Вадим, мæнæн хорз куыст и, æз мæ куыст уарзын. – Жаннæ йе ‘фсымæры сайы; уый раздæр уарзта йæ куыст, ныр æй нал æндавы. Æмæ ма йæ куыст дæр цæмæн хъæуы?..

– Жаннæ, æргом дын мæ хъуыды зæгъон: йæ мызд мамæлайы къæбæры фаг дæр кæмæн нæу, йæ мыздæй йæхи чи нæ дары, уыцы куыст куыст нæу. Мæнæ ды нæ дæ? Фыццаджыдæр ды сайыс дæхи. Хи сайын та у стыр тæригъæддзинад, стыр фыдракæнд, æмæ, фыццаджыдæр, чи сайа, уымæн йæхицæн. Жаннæ, æз дын тæригъæд кæнын.

– Мæнæн мачи тæригъæд кæнæд.

– Кæмдæр æй кастæн. Инæлар Хоранты Созырыхъойæн уыд мæгуыр сыхаг. Созырыхъо йын цалдæр хатты хъавыд баххуыс кæнын. Фæлæ-иу уый цæхгæр ныллæууыд: ницы йæ хъæуы. Йæ

ирон сæрыстырдзинады сæрты ахизын æй нæ фæндыд. Иурæстæджы мæгуыр лæг хъæдæй суг æрцæйласта, Созырыхъо та æрбацæйцыд йæ файтоны. Мæ сыхагæн исты хуызы куы баххуыс кæнин, зæгъгæ, йæ разæй йæхи фæкодта, æхцайы чыссæ систа æмæ йæ æрæппæрста. Аивæй хъæахъхъæны. Мæгуыр сыхаг æхцайы чыссæ ауыдта. Æрхызт æмæ йæ йæ дзыппы сæвæрдта. Инæлар æхсызгонæй сулæфыд: баххуыс ын кодта. Йæ бæх суагъта. Уыцы рæстæг кæртмæ æрбахызт сыхаг лæг, æхцайы чыссæ йæ къухы, æмæ загъта:

– Созырыхъо, де 'хцайы чыссæ ахауд, – æмæ йæм æй дæтты.

Инæлар йæ сæр банкъуыста, ныуулæфыд æмæ загъта:

– Дæуæн Хуыцау дæр нал баххуыс кæндзæн.

– Уæдæ мæнæн дæр суанг Хуыцау дæр нал баххуыс кæндзæн, – Жаннæ æнæбары бахудт.

– Куыд дæ фæнды, афтæ йæ 'мбар. Æнхъæлдтон, ахъуыды кæндзынæ, фæлæ...

– Æмæ дæ 'мбæрын. Мах цæуæм царды фæйнæ фæндагыл.

– Бæллæх дæр уый у, – сыстад Вадим. – Афтæ йæ нымай, не 'хсæн ницы ныхас æрцыд.

– Дæу куыд фæнды, афтæ, – сыстад Жаннæ дæр.

– Гъемæ хорз. – Æфсымæр æмæ хо кæрæдзимæ бакастысты. Сæ дзæнæты бынатæй, хæдзары рудзгуыты бын дидинæгдонæй рахызтысты. Чызг ахъуыды кодта: Вадим ацы бынат хуымæтæджы нæ равзæрста – æвæццæгæн, æнхъæлдта: ацы дзæнæты ран йæ ныхас йæ хомæ хуыздæр бахъардзæн, бамбардзæн æй. О, алкæй дæр хорз æмбары. Хорз æмбары Вадимы. Æппынфæстаг, Жаннæйы стыр æхцатæ нæ хъæуы æмæ йæ ныхъхъуытты уадзæнт. Ныр та йæ æппындæр ницыуал хъæуы. Чысыл мызд исы æмæ цы? Уымæн йæ фаг у уæлдайджынтæй.

*31-æм августмæ ма баззад 24 боны.*
*7-æм август. Майрæмбон. 2009 аз.*

Жаннæ йæ уаты дуар æнæуынæрæй байгом кодта æмæ рахызт. Цымæ, Темыр кæм и? Йæ телефон йемæ и? Ахуыр ыл нæма у æмæ йæ куы кæм авæры, куы кæм, æрбайрох дзы вæййы.

Чызг хъуыды кодта: йæ фыдæн йæ райгуырæн бонмæ хуыздæр цы балæвар кæна? Сахат? Æмæ йæм и. Жаннæйæ авд азы хистæр у, фæлæ нырма цыфæнды ног сахаттæй дæр растдæр

цæуы. Сæйрагдæр та – Темыр ыл уал æмæ уал азы дæргъы сахуыр æмæ йын зынаргъ у.

Æмæ уæдæ цы балæвар кæна Жаннæ йæ фыдæн? Æхца? Æмæ æхца цы у? Телефон. Дзыппыдаргæ чысыл телефон. Кæмдæриддæр дæ – кæдæм дæ фæнды, уырдæм адзур, дæумæ дæр æрбадзурдзысты. Ахæм телефон удæнцой у. Темыр телефон кæй нæ комдзæн, Жаннæ уый зыдта, фæлæ уæддæр йæ фæнд нæ аивта. Фыд загъд кæндзæн: цæмæ йæ хъæуы? Йæ кæнинæгтæ уый тыххæй æнæ кондæй баззадысты? Уый дын мæнæ хъуыддаджы адæмæн хорз: алы минут дæр сæ кæдæмдæр дзурын хъæуы æмæ... стæй мæнæ фæсивæдæн. Уыдон паддзахадон фарстатæ лыг кæнынц. Уыдоны дæр бæргæ ницæмæн хъæуы, сæ ахсджиаг хъуыддæгтæ саразыны тыххæй дзы куы нæ фæдзурынц, мыййаг. Темыры ма цæй телефон хъæуы?! Мæнæ ма хæдзары, цæхæрадоны цыдæртæ змæлы. Зиантæ æмæ циндзинæдтæм, кæд ацæуы, æндæр йæ фæндаг – хæдзарæй сарамæ, цæхæрадонмæ æмæ фæстæмæ.

Темыр йæхи æнæпайда, æгуыст лæг хоны. Цыма хъуамæ адæймаг йæ фæстаг сулæфты онг æнæмæнг кусгæ кæна. Стæй, уый дæр æмæ мад дæр чысыл змæлынц? Хæдзары чысыл куыст и? Горæтаг квартирæйы куы нæ цæрынц, мыййаг. Дыууæ хъуджы æмæ сæм дыууæ рæуæды. Уыдонмæ зилын нæ хъæуы? Уыдонæн холлаг нæ хъæуы? Уæдæ цæхæрадоны куыстытæ чи кæны? Æртæйæ иумæ.

Фыд æмæ мадæн цот дæр, чындзытæ дæр, бæргæ, дзурынц: фесафæнт сæ фос, сæхи сыл цы тухæнæй марынц. Фæлæ сæ дзырд дæр не суадзынц: фосы, цæхæрадоны куыст куынæуал кæной, уæд ма зæххыл цæмæ цæрынц. Уæд горæты дæр цæр æмæ, зæрватыкк йæ ахстонæй куыд кæса, афтæ бынмæ асфальтмæ кæс. Жаннæ дæр сæ æнцад нал фæуадзы: сæ хъæу – районы центр, бирæуæладзыгон хæдзæртты æнæ фос æмæ æнæ зæххæй иу æмæ дыууæ бинонтæ цæрынц? Æмæ кæмæй æвзæрдæр у сæ цард? Мад дæр æмæ йыл фыд дæр сæ къух ауигъынц: цалынмæ змæлынхъом сты, уæдмæ фосмæ дæр æмæ сæ зæхмæ дæр зилдзысты, куыст цард у.

Чызг йæ фыдæн телефон балæвар кæндзæн, уый никæмæн загъта, мадæн дæр. Бинонтæм, цыма, цы не 'мбæлы, ахæм лæвар у, афтæ фæкаст:

– Телефон? – дисхуызæй йæ бафарста Вадим. – Æмæ папæ ахæм телефонæй цы кæны?

Фатимæ дæр уæдæ йæ хъуыды ма зæгъа:

– Нæ хо диссаджы лæвæрттæ фæкæны.

Мад ницы дзырдта, аивæй-иу бинонтæй куы иуыл, куы иннæуыл йæ цæст ахаста. Фылдæр каст Темырмæ. Чызг йæхимидæг тыхст: йæ фыд ын йæ лæвар куынæ бакома, куы сзагъд кæна, цæхгæр куы ныллæууа: ницæмæн æй хъæуы æмæ йæ мæсты æппæрст диванмæ куы бакæна. Фыд æмæ чызджы цæстытæ цыдæр уысм кæрæдзимæ фæкомкоммæ сты, æмæ Жаннæ бамбæрста: Темыр йæ зæрдæхудты нæ бацæуудзæн, йæ зонджын, йæ æмбаргæ, уæздан фыдæн калм куы балæвар кæна, уæддæр æй æхсызгонæй райсдзæн.

Темыр телефон райста, лæмбынæг æм æркаст æмæ йæ стъолыл æрæвæрдта:

– Бузныг, мæ чызг, дæ лæварæй. Бузныг.

– Папæ, дæуæй бирæ хистæр чи у, уыдонмæ дæр ис ахæм телефонтæ. Уайтагъддæр ыл фæцалх уыдзынæ.

– Тынг хорз лæвар у, – бахудт мад.

Жаннæ цæмæй тæрсы: йæ лæвар Темырмæ куынæ бафæстиат уа. Куыддæр иуварс аззайа, афтæ æрбайсæфдзæн, зæххы скъуыды ныххаудзæн. Уæддæр æй агурдзысты, суанг ма йæ Аслан йæхæдæг дæр агурдзæн. Рацу-бацу кæндзæн, гобæтты бынтæ сгардзæн, скъæппытæ къахдзæн. Чи зоны, исты дæр зæгъа:

– Æмæ цы фæуыдаид уæдæ, куы ничи нæм уыд. Кæд дын цæхæрадоны искæм æрхауд. – Æмæ, чи зоны, цæхæрадонмæ дæр ацæуа æмæ уым телефон агура.

Телефон цы фæци, уый бинонтæй алчидæр хорз зондзæн, фæлæ йыл басæттой, уый сæ иуы зæрдæ дæр нæ комдзæн, æмæ агурдзысты. Иурæстæг Темыр йæхи нал бауромдзæн æмæ зæгъдзæн:

– Лæппу, уыцы телефон цы фæци?

Аслан æм разилдзæн, йæ уæхсчытæ æрбалхъивдзæн æмæ, цыма уымæй растдæр æмæ сыгъдæгдæр адæймаг ацы зæххыл нæй, цыма сом дæр никæд фæиуварс кодта æмæ йын фыды ныхас тынг зын у, æнæ аххосæй аххосджын кæй фæкæнынц, уымæн куыд зын вæййы, афтæ, æмæ уый цы хъæлæсы уагæй фæзæгъы, ахæм хъæлæсы уагæй зæгъдзæн:

– Сымах та алцыдæр ме ‘фсон кæнут. – Йе та, чи зоны бахуда, æнæмæт, æнæфсарм худт, фыдмæ разила æмæ зæгъа: –

Уыцы телефон нал и, кæйдæр тынгдæр хъуыд, – æмæ ацæудзæн, йæ къæхты бын цыма зæхх лæбыры æмæ фæцудынæй, ахауынæй тæрсы, ахæм къахдзæфтæй. Кæдæм æй ахæсдзысты йæ мæллæг, лæмæгъ къæхтæ? Йæ цæстытæ – мигъбадт, æрдæгцъынд, цыма дысон-бонмæ хуыссæджы хъæстæ нæ фæци æмæ йæ развæндаг æвзæр уыны.

Бинонтæй чи фæраздæр уа, уый Асланæн зæгъдзæн:

– Кæдæм ма цæуыс? Иу чысыл хæдзары æрсабыр у, телефон дæр нæ нал хъæуы.

Фæлæ уымæй иу ныхас дæр не схаудзæн: æнæдзургæйæ куыд ацæуы, афтæ ацæудзæн. Мад сагъдауæй лæудзæн. Фыд йæ фæстæ кæсдзæн, йæ цæсгом дойнаг дуры хуызæн ныууыдзæн. Æрæджиау кæуæгау зæгъдзæн:

– О Хуыцау, æдзух дын табу куы кæнæм, уæд нæ афтæ карз цæмæн бафхæрдтай? Дæ зæрдæ ныл уыйас цæмæй фæхудт?

Жаннæ арæх сагъæсы бахауы: Асланы фæндаг цæмæн фæсаджил? Уыцы бырынцъаг, сæрсæфæн фæндагмæ йæ цы бакодта? Чи у аххосджын? Бинонтæ? Йæхæдæг? Рæстæг? Цард? Æхсæнад? Чи у аххосджын? Жаннæ?.. Æви иууыл иумæ? Дæ аххос искæй уæхсчытæм баппар, уый – æппæты æнцондæр. Æмæ Темырæн йæ иннæ цот ацы рæстæг, ацы æхсæнады нæ цæрынц? Адæймаг... Адæймаг хъуамæ, фæззыгон дымгæ фæззыгон бур сыфтæр куыд сисы, уый хуызæн ма уа.

– Мæ чызг, – фæзæгъы фыд, – цард фыцгæ денджыз у, тызмæг æмæ æгъатыр.

– Æмæ уыцы фыцгæ денджызы бар дæхи бакæн æмæ дæ уылæнтæ æхсныфау фæхæссынц.

– О, мæ чызг, зæгъын, æнцон у, фæлæ цард та... Охх-охх, – йæ ныхас кæронмæ нал фæзæгъы фыд. Жаннæ дæр ницыуал фæдзуры: йæ фыды хъæдгом зæрдæ ма ногæй цæмæн агайа.

Темыр ма арæх фæзæгъы: паддзахады æмæ бинонты цардæн кæрæдзийæ фæиртасæн нæй. Æмæ цы рæстæг, цы ‘хсæнады цæрæм? Суйтæ, æлхынцъытæ. Рохтæ суагътой æмæ дæ цы фæнды, уый кæн, цæвæг марæджы нал æмбары. Темырæн фырмæстæй уæлдæф йæ хъуыры фæбады. Акса-ма, закъон закъон нал у. Раст æмæ зылыны, сыгъдæг æмæ чъизийы æхсæн фыдæй-фыртмæ цы арæнтæ уыди, уыдон нал зынынц. Донæн йæ ауæзт куы фехалынц, ауазæн куы байгом кæнынц, уæд дон агуылф кæны, йæ размæ цыдæриддæр фæвæййы, уыдон ахæссы. Уый дон нал

вæййы, фæлæ хъылма. Паддзахады разамонджытæ паддзахады донауазæнтæ æмæ дуæрттæ байтыгътой æмæ, акса-ма, дунейы цыдæриддæр чъизи æмæ æвзæрдзинадæй уыд æмæ и, уыдон махмæ æрбагуылф кодтой.

Темыр телевизор скъæпп кæнын нал фæуæнды: цы та дзы æвдисдзысты, цы та дзы фендзæн? Цы та йæм дзы разындзæн? Мæрдтæ. Туг. Гæрæхтæ. Чъизи. Æвзæрдзинад. Паддзахад цыдæр адæмы къухмæ бахауд æмæ паддзахады дæр æмæ адæмы дæр стигъынц, цыдæриддæр сæ фæнды, уый кæнынц. Темыр ахуыргонд лæг нæу, цæрæнбонты шофырæй фæкуыста, зæгъгæ, уæд ницы зоны? Дыууиссæдз, дæс æмæ дыууиссæдз азы размæ уыцы хъылма чи зыдта? Кæд искуы иутæ. «Наркоман». «Наркотиктæ» æмæ æндæр ахæм цыдæр дзырдтæ и, Темыр уый æнхъæл никуы уыд. Ныр сæ æгæр хорз дæр ма зоны. Уый нæ, фæлæ сæ цыппар-фондзаздзыд сывæллæттæ дæр зонынц. Æмæ хистæртæй хуыздæр. Æгъдау æмæ æфсарм, уæздан æмæ уды сыгъдæгдзинад фæсдуар аззадысты, тагъд сыл худинаджы гакк сбаддзæн.

Фыд балхынцъ кæны: царды тæгтæ кæрæдзиуыл фидар баст сты, иу дзы иннæмæй гуыры, кæрæдзийæ сын фæиртæсæн нæй. Жаннæ Темырмæ фæхъусы, йæхимидæг та йæ сагъæсты аныгъуылы, йæхимидæг та йæхиуыл фæхъуыды кæны. Кæд... Кæд, æцæгдæр, Аслан цы бырынцъаг фæндагыл æрлæууыд, уый Жаннæйы аххос у. Кæд ын мад, йæхи мад куы уыдаид, уæд уыцы цъымарайы нæ нынныхстаид, æндæр уыдаид йæ хъысмæт. Æмæ абон Аслан уаид æндæр лæппу, æндæр Аслан. Æвæццæгæн... Æвæццæгæн, Жаннæ у аххосджын. Æнамонддзинады къуыбылой. Чи йын загъта афтæ? Вадим æви Фатимæ? Æнамонддзинады къуыбылой. Æмæ, æвæццæгæн, æцæгдæр ахæм къуыбылой у. Бады, фидауы йыл уыцы ном.

Чызг йæ уатæй рахызт æмæ цыма тар, æнкъард хъуыдыты ахæсты нæ уыд, цины æхсызгон уылæнты йæхи надта – йæ цæсгом хъæлдзæгхуыз, цæстытæ рухсдзаст. Темыр диваныл бады æмæ йын Жаннæ цы телефон балæвар кодта, уыимæ архайы, лæмбынæг æм æркæсы. Æмæ, дам, æй нæ хъæуы, дзурын дзы нæ базондзæн. Тынг хорз дзы базондзæн, тынг хорз æй хъæуы. Фыд телефонимæ кæй архайы, уый чызгæн æхсызгон у, тынг æхсызгон.

*31-æм августмæ ма баззад 23 боны.*
*8-æм август. Сабат. 2009 аз.*

Жаннæ автобусмæ схызт, йæ алыварс акаст: йæ зонгæтæй никæй уыны. Уæгъд бадæнтæ ма дзы – цалдæр. Фæстæмæ æввахс рудзынджы цур сбадт. Гæнæн и, уæд æдзухдæр рудзынджы цур фæбады. Фæнды дæ, уæд размæ кæс, фæнды дæ, уæд – æддæммæ, æмæ дæ дæ хъуыдытимæ тагъд, фæлмæн автобус скъæфы. Ацы автобустæ сæм æрæджы райдыдтой цæуын, Корейы, дам, сæ балхæдтой. Маршрутон такситæ дæр сæм цæуы, фæлæ Жаннæмæ адон хуыздæр кæсынц: фæлмæн, цыма ленк фæкæнынц, стæй дзы фæндаджы аргъ дæр асламдæр у. Йæ зонгæтæй куыд никæй уыны. Сæ хъæуы цас бирæ адæм цæры, Мæскуы куы нæ у, мыййаг, фæлæ уæддæр районы центр у æмæ дын бæлццæттæй иу зонгæ ма разынæд!..

Шофыр сбадт. Дæс-фынддæс минуты фæстæ горæт фæсте аззайдзæн, фæтæн лæгъз асфальт фæндагмæ рахиздзысты æмæ автобус размæ атындздзæн. Йæ разæй бандоныл бадынц дыууæ сылгоймаджы. Æвæццæгæн, йæ мады карæнтæ. Уыдоны дæр нæ зоны. Уый диссаг нæу: бæлццæттæй иу адæймаджы дæр ма зон. Уый Жаннæйы аххос у: æвæццæгæн, адæмæй æгæр иппæрд у, æндæр... Йæхи йын, цымæ, ничи зоны? Ничи. Æндæр æм исчи исты сдзурид, йæ къух æм батилид, бахудид æм.

Жаннæйы разæй – дыууæ сылгоймаджы, æмæ уыдонæй кæройнаг бадæны чи бады, уый иннæмæ разылди æмæ йæм дзуры:

– Азæ, рагæй дæ нал федтон, иу-æртæ мæйы бæрц. Æви фылдæр?

– Æмæ мæ кæм федтаис, кæ, мæ хур, рынчындонмæ бахаудтæн. Тыххæй ма аирвæзтæн.

– Уæу-уа. Æмæ куы ницы фехъуыстон.

– Раджы фестаг дæн. Фондз сахаты дæр нæма уыд, афтæ мæ пысултæ мæ уæлæ баппæрстон, зæгъын, райсомы куыстытæ акæнон, фосмæ базилон, нæ хъуг радуцон. Бедра мæ къухы, æмæ рацæуын. Уыцы рæстæг æвиппайды мæ тъæнгтæ срыстысты. Афтæ тынг срыстысты, æмæ мæ бон ницыуал уыд: сыгъдысты, цыма сæ исчи æнауæрдонæй згæ кардæй лыгтæ кæны.

Жаннæ сылгоймагмæ хъусы, æмæ йæ куынæ фæндид, уæддæр Азæ афтæ зæрдиагæй дзуры, æмæ йæ йæхимæ æрыхъусын кæнид. Ноджы афтæ хъæрæй дзуры, цыма сæ алыварс цъиуызмæлæг

дæр нæй. Æвæццæгæн, йæ фарсмæ чи бады, æрмæст уымæн нæ дзуры, фæлæ, автобусы чи бады, уыдонæн се 'ппæтæн дæр: уадз, цы зын уавæры бахауд, уый базоной.

– Мæ арт бауазал, æмæ уæд дарддæр цы бадæ? – Азæйы зонгæ бынтон сцымыдис.

– Дæу Хуыцау уымæй бахизæд, фæлæ мæнæн мæ арт фæцæйуазал кодта. Мæ бон ницыуал уыд, дон фестадтæн, бандоныл ма мæхи æрæппæрстон. Афтæ æрбалæмæгъ дæн, æмæ мæм ме 'нгуылдз фезмæлын кæныны хъару дæр нал аззад.

– Æмæ уæд дæ лæппу кæм уыд, цæуыннæ йæм ныхъхъæр кодтай?

– Зæгъын, афынæй ма кæна, кæд мын ницы уаид, куы фæтæрса. Æмæ цасдæр афтæ абадтæн, уæддæр тъæнгтæ судзынц, цыма сыл арт бандзæрстæуыд, сæ рыст нæ сабыр кæны, цыдæр сæ куыд лыгтæ кодта, афтæ лыгтæ кæны. Зæгъын, цы уа, уый уæд, кæд мæ адзал у, уæд – мæлгæ. Æмæ цудгæ сыстадтæн. Уыцы хъуг æнæдыгъдæй куы баззайа, уæд тæригъæд у, йæ фæздон атондзæн. Ноджы ахæм хъуг у, ахæм, æмæ райсомæй дæр æмæ изæрæй дæр бедрайы дзаг æхсыр кæны. Сойджын æхсыр. Бон дыууæ цыхты ахсын, æмæ йæ иу цыхт та æртæсæдæ сомæй къаддæр нæ исы.

– Куыд æвзæр стæм, куыд, Азæ, адæймаг мæлы, уæддæр ма цæуылты хъуыды кæны. Йæ хъуг радуца.

– О, о, ирон адæймаг хихор у, ирон адæймаг йæхицæн знаг у. Мæ бынаты уырыссаг сылгоймаг, уæд йæ бедра фехстаид æмæ æмраст рынчындонмæ азгъордтаид. Æз хъуг æрдыгътон æмæ цудтытæгæнгæ сыстадтæн. Иу къахдзæф дæр нæма акодтон, афтæ мæ къæхтæ мæ быны фыдыдагъ сты, цыма мæлæты уæззау дæн: нал мæ баурæдтой, æмæ пъолыл æрхаудтæн, бедра иуварс атахт. Æмæ ныцъцъæхахст кодтон, зæгъын, æхсыр фесæфт. Хъæрмæ лæппу разгъордта, удаистæй мæ цуры алæууыд. Зæгъын, ма тæрс, ма тæрс. Цыма бумбули фелвæста, афтæ мæ йæ хъæбысмæ фелвæста æмæ мæ сынтæгмæ баскъæфта. Зæгъын, мæ тъæнгтæ судзынц, мæ хуылф арт уадзы, фæлæ ма тæрс, цæрæг уд зындзинæдтæн райгуырд, ма тæрс. Лæппу йæ телефонмæ фæлæбурдта. Бæргæ ма йæм дзырдтон; иу дохтыр дæр мæ нæ хъæуы, кæд æрдзæбæх уаин. Фæлæ уый мæнмæ хъуыста! Мæ цуры сбадт, æмæ цыма гыццыл сывæллон уыдтæн, афтæ мын йæ арм мæ ныхыл, мæ рустыл хаста. Хъæбул куыд адджын у, куыд адджын.

Жаннæ рудзынгæй акæсы, фæлæ дзы ницы уыны. Сылгоймаджы ныхас æй йæхимæ афтæ аздæхта, æмæ йæ хъуыдытæ иууылдæр зилынц уый алыварс. Азæ дарддæр уыцы дзадджын ныхас кæны. Чызг сцымыдис: чи у ацы сылгоймаг? Жаннæйы йæм бакæсын фæнды. Æмæ сыстид, бандæтты æхсæн цæуæг йæхи акæнид. Фæлæ нæ сыстдзæн. Худинаг у.

– Æмæ дæм дохтыртæ тагъд фæзындысты? – цыдæр хин фарст æй бакодта йе 'мбал.

– Уыдон тагъд æхххуысы дохтыртæ не сты, фæлæ æрæгмæ æхххуысы дохтыртæ. Æз мæ уд исын, мæ хид фыртыхстæй лæсæнтæ кæны, уыдон æрæджиау кæддæр фæзындысты. Сæ хистæр, иу-æртиссæдзаздзыд нæлгоймаг, цыма æрчъиаг æууæрста, афтæ мæ нылхъывдтытæ кодта. Мæ уд куы сгæпп кæна, уымæ йæ бирæ нал хъуыд. Дохтыр мæнæн нæ, фæлæ лæппуйæн загъта, цæмæй мæ, цы гæнæн æмæ амал и, уымæй тагъддæр горæты рынчындонмæ аласой. Куырм тъанг кæд атондзæн, уый бæрæг нæу æмæ йын тынг тагъд операци скæнын хъæуы, иу минуты бафæстиат дæр у мæлæтмæ цæуæгау. Уыдонæн, дохтыртæн, мæн горæты рынчындонмæ сласынæн фадат нæй, нырма сæ дыууæ ранмæ цæуын хъæуы æмæ – хатыр.

– Æмæ дæ уæд чи сдавта, йæ цæрæнбон бирæ æрбауа?

– Сыхæгты лæппу. Мæхи лæппуимæ мæ дыккаг уæладзыгмæ сыскъæфтой. Цалдæр дохтыры мæм æрбацыд. Сæ иу – бæрзонд, хæрзконд, сауцæст, сауæрфыг æрыгон рæсугъд сылгоймаг. Цалдæр хатты мæ басгæрста, лæмбынæг мæ фæфарста, медицинон хотæн бафæдзæхста, цæмæй, куыд гæнæн æмæ амал и, уымæй анализтæ тагъддæр скæной. Тынг уæздан адæймаг, зæды хуызæн адæймаг. Æмæ мæхимидæг хъуыды кодтон: «Дохтыр хъуамæ ахæм уа, ахæм». Ахæм дохтыр адæймаджы мæлын нæ бауадздзæн, Барастыры къухтæй дæр æй байсдзæн. Уый размæ операци цы у, уый нæ зыдтон, кард мыл никæд андзæвыд, æмæ мæ уд дзедзырой кодта, ницæуылуал хæцыд. Фæлæ зæды хуызæн хирург – сылгоймаджы куы федтон, уæд мæ уд мæхимæ æрцыд, мæ тарст гæртт-гæртт æрсабыр. Уæддæр-иу зæрдæ риуыл йæхи ныххоста: куыд ацæудзæн операци? Цы мæм æнхъæлмæ кæсы райсом? Мæ хæдзар ма фендзынæн? Мæ лæппуйыл ма бацин кæндзынæн? Дохтыр-иу мæ цуры куынæ уыд, уæддæр цæстыты раз фезæрд, æмæ-иу зæрдæ æрсабыр, царды ныфс та-иу мæ бацыд.

– Хорз дохтыр амонд у, хорз дохтыр рынчынӕн йӕ Хуыцау у...

Жаннӕйӕн, сылгоймаджы нӕ зоны, фӕлӕ, адӕймаджы рис чи ‘мбары, ахӕм дохтыр кӕй разынд, уый фехсызгон. Рынчынӕн ӕрмӕст фӕлмӕн ныхас куы зӕгъай, уӕддӕр дӕ зӕрдӕрайӕ баззайдзӕн. Азӕ йӕ дохтыры цӕрӕнбонтӕм кӕй хъуыды кӕндзӕн, уый дызӕрдыггаг нӕу.

– Мӕ дохтыр – зӕды хуызӕн, мӕхинымӕр, зӕгъын, уый кӕй къӕсӕрӕй бахызт, уыдон хӕрзаг амондджын сты, сӕ хӕдзар сын ныррухс кодта, сӕ хӕдзары дыккаг хур ракаст. Мӕ цӕстытӕ дзы атонын нӕ куымдтой, ӕмӕ та-иу ӕм аивӕй бакастӕн: тӕхуды, мах къӕсӕрӕй дӕр ахӕм сылгоймаг куы ‘рбакувид. Мӕ тъӕнгтӕй арвмӕ асинтӕ аразын, мӕ тъӕнгтӕ кӕрдихтӕ кӕнынц, уый дӕр-иу мӕ цыдӕр уысм ӕрбайрох. Кӕйдӕр... Кӕйдӕр хуызӕн у? Кӕйдӕр мын мӕ зӕрдыл лӕууын кӕны. Фӕлӕ йӕ мӕ бон ӕрхъуыды кӕнын нӕ уыд, ӕмӕ цы тыхст уыдтӕн, уымӕй ноджы тынгдӕр стыхстӕн. Иурӕстӕг арвӕрттывдау мӕ сӕры атахт. Темыры чызг ма уӕд, скъолайы ма куы ахуыр кодта, уӕд ӕй цалдӕр хатты федтон. Ӕвӕццӕгӕн, уый у. Ӕмӕ, кӕд тынг ӕфсӕрмы кодтон, уӕддӕр ӕй бафарстон. Уый у. Бахудт мӕм сылгоймаг. Ӕмӕ мӕ тарст бынтондӕр атад. Дӕ хъӕуккаг – дӕ дохтыр, цы ма уа уымӕй хуыздӕр. Хихъӕуккаг та уӕддӕр хихъӕуккаг у, уый дыл куыд зӕрдиагӕй бацархайа, афтӕ дыл чи бацархайдзӕн. Ӕмӕ ноджы ӕхсызгондӕрӕй сулӕфыдтӕн. Операци хорз нӕ, фӕлӕ тынг хорз кӕй ацӕуадзӕн, ууыл иу михсал дӕр дызӕрдыг нал кодтон.

– Хуыцауы хорзӕхӕй адӕмы хорзӕхӕй уӕлдай нӕй, ӕмӕ дын цы Хуыцау баххуыс кодта, уымӕн табу. Цы хирург дӕ аирвӕзын кодта, уый та йӕ къухтӕ фӕрнӕй фӕдарӕд. Темырӕн йӕхи дӕр ӕмӕ йӕ усы дӕр зонын, фӕлӕ йын йӕ цоты нӕ хъуыды кӕнын, – загъта Азӕйы рагон ӕмбал.

– Темыры чызджы йӕ номӕй дӕр бафарстон. Фатимӕ. Йӕ ном дӕр йӕхи хуызӕн – рӕсугъд, ӕндӕр ном ыл ницыхуызы сфидыдтаид.

Жаннӕйыл ӕхсызгон уылӕнтӕ ӕрбакалдысты. Йӕ хо... Йӕ хо Фатимӕ скодта ацы усӕн операци, йӕ хойы фӕрцы аирвӕзт мӕлӕтӕй, уый йын радта дыккаг цард. Абондӕргъы уымӕй ӕппӕлы, уый у йӕ зӕххон зӕд. Куыддӕр ӕй фена, афтӕ йын Азӕйы кой ракӕндзӕн. Нӕ! Нӕ! Хорздзинад нӕ сӕфы. Рынчынӕн баххуыс кӕн, уый удыбӕстӕ у. Жаннӕ куыддӕр автобусӕй

рахиза, афтæ Фатимæмæ сдзурдзæн: сæ хъæуккаг усы мæлæты дзæмбытæй ратыдта, æмæ йын уый уыцы хорздзинад никæд ферох кæндзæн. Фатимæйæн йæ хойы ныхас æхсызгон уыдзæн. Æмæ ма уымæн дæр куы у æхсызгон, уый дæр ма дзы куы у сæрыстыр.

Чызг базмæлыд. Уæд та сыстид æмæ Азæ æмæ иннæ сылгоймагæн йæхи бацамонид. Уый Темыры кæстæр чызг у, Фатимæйы кæстæр хо. Æхсызгон сын уыдзæн. Æмæ... Уый аив уыдзæн?

– Операци ахаста сахат æмæ ‘рдæг. Тъанг бамбыд æмæ ма чысыл дæр бафæстиат сты, уæд атыдтаид. Уый та у мæлæты къæсæрыл лæууæгау. Операци ацыд хорз, дæс боны фæстæ мæ рафыстой.

– Æгайтма, æгайтма. Цы зæдтæ дын баххуыс кодтой, уыдонæн табу уæд. Уыцы дохтыртæ та амондджын уæнт, ацы мæгуыр рæстæджы сой æмæ мыды æвдылæнт.

– Æмæ æвдылынц, æвдылынц, – цыма йе ‘мбалы ныхасмæ æнхъæлмæ каст, афтæ къæппæввонгæй загъта Азæ. – Темыры чызг мæм афтæ хорз цæмæн каст, мидбылхудгæ-иу мæ разы цæмæн алæууыд, уый, рынчындонæй мæ куы рафыстой, уæд базыдтон. Æхца цы нæ кæны, æхца, ма дзы байрадæуа. Нæ рæстæджы алцыдæр æхцайæ аразгæ у, æмæ уый цъиутæ дæр уасынц. О, мæ бон, цы рæстæг цæрæм, цы! Мæнæ цæмæ æрцыдыстæм, мæнæ! Дохтыртæ æхца кæй исынц, уый адæмæй дæр хъуыстон, телевизорæй дæр æй фæдзурынц, фæлæ афтæ æдзæсгом хуызы?! Æллæх! Æллæх! Нал сын Хуыцау и, нал – дзуар. Темыры чызг, уыцы зæдæнгас Фатимæ, уый мæ, мемæ хиуæттæй чи ис, уымæй афарста. Зæгъын, мæ лæппу. Йемæ, дам, мæ аныхас хъæуы. Æмæ йæм ацыд. Дыууæ-æртæ минуты фæстæ дыууæйæ дæр палатæмæ æрбахызтысты. Дохтыр, куыд хъæлдзæг, зæрдæхæлархуыз уыд, афтæ. Фæлæ лæппу куыддæр фенкъард, фæсагъæсхуыз. Цыдæр уысм ын йæ цæстытæм фæкомкоммæ дæн æмæ мæ зæрдæ фæкъæпп кодта. Дохтыр ын цыдæр загъта, фæлæ цы? Нæхимæ мæ куы æрласта, уæд æй базыдтон. Лæппу йæ уæддæр нæ хъæр кодта, зын дзурæн ын уыд, фæлæ бамбæхсæн ницæмæн и.

Æз, дохтыр нæ хъæуккаг, Темыры чызг кæй разынд, ууыл цин кодтон, зæгъын, аирвæзтæн. Фæлæ... Афтæ ссис, æмæ дæм æнæ æхца доны къус дæр ничи бадæтдзæн.

– Æмæ дзы уагæр цас бацагуырдта?

– Ænæхъæн дæс мины! Æмæ уый куы фехъуыстон, уæд мæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой. Зæгъын, дæс мины аргъ мæхæдæг куынæ дæн, фæлтау куы амардаин.

– Хуыцау дæ дзæбæх уадзæд, афтæ ма дзур. Æвзæр рæстæг цæрæм, æвзæр, Азæ. Уæрдон куынæ байсæрдай, уæд хъинц кæны.

– Ныртæккæ былайсæрстæй ницыуал цæуы. Хъуамæ сæ хæдзæрттæм нæрст дзыппытимæ ацæуой. Æхцайы тыххæй адæм сæ цæсгæмттæ бахордтой, Хуыцау сын нал и.

Жаннæ æнцад бады. Зымæг нæу, афтæмæй баргъæфст. Бандоны къуыммæ йæхи нылхъывта. Æппындæр куынæуал зынид. Æрбайсæфтæ æмæ ницыуал уыныс, ницыуал хъусыс. Уый... Уый ма йæ хо нæ, фæлæ ма йын йæ бинонтæй дæр сæрыстыр уыд. Фатимæ – дохтыр – зæд. Фатимæ – адæймагдзинад – æфсарм. Фатимæ – æгъдау – уæздандзинад. Фатимæ... Жаннæ кæй нæ сыстад, йæхи кæй нæ бацамыдта. Цымæ, Фатимæйы чи базоны, уыдон Темыр æмæ Маринæйы цы схонынц?

Чызг сулæфын дæр нал уæнды. Иу хъæуккæгтæ кæй сты, ууыл уæд та ахъуыды кодтаид. Фатимæ дæр, йæ лæг Чермен дæр æхца кæй исынц, уый Жаннæ зоны, сæ иннæ бинонтæ дæр æй зонынц. Фæлæ бынтон афтæ...

Чызг йæхимидæг æфсæрмæй судзы. Фæлтау горæтæй сæхимæ куы нæма рацыдаид, æндæр автобусы кæнæ маршрутон таксийы куы сбадтаид. Ех-х... Йæ сæр бынмæ æруагъта, йæ армтъæпæнтæй йæ цæсгом бамбæрзта: никæйы уынын æй фæнды, бакъуырма у æмæ мацы хъус.

– Æмæ лæппу Темыры чызг Фатимæйæн афтæ зæгъы: «Мæ дзыппы æртæ мины йеддæмæ нæй. Райсом сæ сдавдзынæн». Уый йын, æхца, дам, ныр хъæуы. Æхца ныр куынæ уа, уæд операцигæнæн нæй. Ау, нæ йыл æууæнды? Дисы бацыд лæппу. Адæм нал стæм. Ныхасыл æрмæстдæр хæйрæг не 'ууæнды. Уыцы Фатимæ дам, мæм ахæм каст, ахæм дзагъул æрбакодта, æмæ йæ цæстытæй судзгæ æхсидæвтæ хауд. Йæ хъæлæс дæр фендæрхуызон, чысыл раздæры фæлмæн, уæздан хъæлæсæн йæ кой, йæ хъæр дæр нал уыд. Уазал, æцæгæлон, æфсæйнаг хъæлæсæй йын загъта. Уый, ома Темыры чызг, йæхиуыл æууæнды, фæлæ адæмыл – нæ. Æмæ йæ кæд фæнды, йæ мад аирвæза, операци йын скæной, уæд мауал фæстиат кæнæд. Йæ мады кæдæм æрбаласта, уый нæ зоны? Йæ мад цы уавæры и, уый не 'мбары?

Лæппу скатай, цъысымы бахауд. Цы кæна? Ацы уысм уыйбæрц

æхца кæм ссардзæн? Фыртыхстæй йе ‘мбал, нæ сыхагмæ, чи нæ раласта, уымæ азгъордта. Æмæ, Стыр Хуыцау, табу дын æрбауæд; уымæ æхца разынд.

– Ме знаг уыдоны къухмæ бахауæд. Темыры чызгмæ уый дæр фаг нæ фæкаст: операци кæнынæн цы хъæуы: бинт, резинæ æрмкъухтæ, хостæ, суанг ма тæвдбарæн дæр ранымадта, уыдон балхæнынæн дæр, дам, мин сомы æрбахæссын хъæуы. Рæстæгмæ уал иннæ дохтыртæй райсдзæн. Æмæ йын лæппу дыккаг бон мин сомы схæццæ кодта. Стыр диссаг мæм цы кæсы: адæмы стигъджытæ, цæстфæлдахджытæ, давджытæ, фыдгæнджытæ, æвзæргæнджытæ ницæмæйуал тæрсынц. Адæмы тæригъæдæй, адæмы фыдæхæй мауал тæрс, фæлæ Хуыцауæй та... Адæмæй мауал æфсæрмы кæн, фæлæ дæхицæй... дæхицæй уæд та фефсæрмы у!

Жаннæ зæххы скъуыды ныххауынмæ цæттæ у. Азæ, цыма, Жаннæ Темыры чызг кæй у, уый зоны æмæ уый тыххæй барæй хъæрæй дзуры, афтæ йæм кæсы. Хъус, цы хо дын и: стигъæг, цæстфæлдахæг. Ныртæккæ йæм разилдзæн æмæ зæгъдзæн:

– Уый бинонты худинаггæнæг у, уый мыггаг худинаггæнæг у, ахæмтæ хъæубæстæй куынæ рацæуой, уæд хуыздæр. Ахæмтæ æхцайы тыххæй сæ мад, сæ фыды дæр ауæй кæндзысты. Ахæмтæн зæххыл табуйаг ницы ис. Æмæ уый дæумæ дæр хауы, иу туг, иу стæг стут, иу мад æмæ иу фыдæй гуырд!

Чызг йæ сæр банкъуыста, йæ былтæ кæрæдзимæ нылхъывта, йæ армытъæпæнæй сæ амбæрзта. Нæу! Нæу! Уый ахæм нæу, уый æндæр у! Йæ бон... Йæ бон ацы усмæ хъусын нал у. Сылгоймаг комкоммæ Жаннæмæ нæ кæсы, фæлæ комкоммæ дзуры уымæ. Уæд та... йæ къух ауигъæд: ницы хъусы! Ницы уыны! Нæ-æ. Хъусы... Хъусы... Алцыдæр хъусы, алцыдæр уыны. Сыст æмæ... Сыст æмæ дæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кæн: «О, Фатимæйы хо дæн æз æмæ мæ амарут». Хæрзаг æм ус бахудид æмæ зæгъид: «Хуыцау алцыдæр уыны æмæ уæ æргæрах кæндзæн, Хуыцау адæмы тæригъæд нæ бары».

Фатимæ æмæ Жаннæ хотæ сты, фæлæ Жаннæ ахæм нæу. Хотæ сты, уæд хъуамæ æмхуызæттæ уой? Чызг бадæныл йæхи фæстæмæ ауагъта. Нæу! Уый ахæм нæу, хорз адæм! Цыма тынг бафæллад, йæхи афтæ куыддæр æнкъары. Æмæ бафæллад. Тынг бафæллад.

– Рынчындоны сæйраг дохтыр, йæ алыварс цы цæуы, уый нæ

зоны? Йæ кусджытæ æхца кæй исынц, уый йын сусæгдзинад у? Алцыдæр тынг хорз зоны. Кæд нæ зоны, уæд та йæ хъуамæ зонид. Хъарм, фæлмæн къæлæтджын бацахс, æндæр дзы ницы хъæуы, – дзуры Азæ.

– Алцыдæр тынг хорз зоны, фæлæ дзы, æвæццæгæн, йæхæдæг дæр хайджын у æмæ йæхи ницызонæг скодта.

– Тынг раст зæгъыс, тынг раст. Æниу республикæйы разамынд, республикæйы цы цæуы, уый нæ зонынц? Тынг хорз æй зонынц. Бæстæйы разамынд, бæстæйы цы цæуы, уый нæ зонынц? Тынг хорз æй зонынц. Кæсаг сæрæй æмбийы.

– Зонынц, зонынц, Азæ. Тынг раст æй загътай: кæсаг сæрæй æмбийы. Фыццаг давджытæ, фыццаг стигъджытæ, фыццаг гæртамхортæ уæлдæр хицауад сæхæдæг сты. Æмæ дын халон халоны цæст къахы? Куыд нæ! Мæнæ бæстæ куыд бабын и! Мæнæ адæм куыд фесæфтысты! Мæнæ куыд бабын стæм! Мæнæ паддзахад куыднæуал и!

– Бабын стæм, бабын. Закъон нал и, æфсарм нал и æмæ дын Темыры чызг Фатимæйы хуызæттæ мæгуыр адæмы цæуыннæ стигъой? Сæ рохтæ хъуамæ цæуыннæ суадзой? Уæдæ... – Азæ йæ ныхас æрдæгыл фескъуыдта æмæ æрмæст йæ сæр нæ, фæлæ ма йæ гуыр дæр фæстæмæ разылдта æмæ... Æмæ Жаннæйы зæрдæ ауазал: цæмæй тарст, уый æрцыд. Сылгоймаг ыл йæ цæстытæ æрхаста, цыма йæ сæрæй къæхтæм басгарынмæ хъавы. Йæ цæстытæ дзы ныссагъта. Йæ цæстытæй йæ хуынчъытæ кæны. Охх, Жаннæ цæмæн сбадт ацы автобусы, фæлтау абон горæтмæ куынæ ацыдаид. Фæлтау...

Сылгоймаджы тæнæг былтæ базмæлыдысты:

– Ды, ды... – йæ цæстытæ дзы ноджы тынгдæр ныссагъта. – Ды Темыры кæстæр чызг нæ дæ?

Жаннæ бандзыг, цы зæгъа, уымæн ницы зоны, йе 'взаг бахус. Охх, мæнæ удæгасæй зындонмæ куыд бахауд!..

– Темыры кæстæр чызг нæ дæ? – ногæй та йæ фæрсы сылгоймаг. Ацы хатт ноджы барджындæрæй, хъæрдæрæй, цыма Жаннæ йæ цуры цыдæр аххосджын у, цыдæр дзы дары. Æмæ чызг къæзгæ, йæ улæфт къуыхцы кæны, афтæмæй дзуапп радта:

– Темыры кæстæр чызг дæн.

– Базыдтон дæ. Раджы кæддæр дæ федтон, фæлæ дæ уæддæр базыдтон. Автобусмæ куы схызтæ, уæдæй фæстæмæ мæхинымæр ууыл хъуыды кодтон, – фæхъæлдзæгхуыз сылгоймаджы цæсгом,

алцыдæр йæ зæрдыл куыд хорз дары, куыд ницы дзы рох кæны, уый тыххæй йæхицæй разыйæ баззад. Жаннæ бамбæрста: Азæ, рынчындонмæ куыд бахауд, Фатимæимæ куыд сæмбæлд, уый, кæд йе 'мбал усæн дзырдта, уæддæр Жаннæмæ арæзт уыд; уадз, Темырæн цы чызг и, уадз, Жаннæйæн цы хо и, уый уыдон дæр æмæ адæм дæр зонæнт. Фатимæ йын æнæнхъæлæджы цы зын, цы маст скодта, уый йæ риуы сцæнд æмæ йын дуæрттæ байтыгъта.

Азæ Жаннæмæ куыд каст, афтæ йæм кæсы, йæ цæстытæ дзы нынныхстысты. Иу уысм дзы йæ цæстæнгас иуварс куы аскъæфид æмæ... æмæ йæ сылгоймаджы цæстытæ уæгъд нæ уадзынц. Йæ тæнæг былтæ та базмæлыдысты æмæ та Жаннæйы буары уазал риз ацыд. Куы сыстид, æмæ фæсте искæм куы слæууид, æмæ базмæлыд, фæлæ йæ сылгоймаджы цæстытæ слæууын нæ уадзынц.

– Уæдæ Фатимæ дæ хо у?

– Мæ хистæр хо.

– Куыд дохтыр, афтæ арвæй стъалытæ дæр скъæфæд, фæлæ куыд адæймаг, афтæ нæ бæззы. Йæхи æхцайы уацайраг чи бакодта, уый хорзæй никæд ницы сараздзæн. Мæгуыр рынчынты чи стигъы, ууыл уыцы æхцатæ нæ бахæцдзысты, иу бон ыл æртæфсдзысты. Йæ уæздан фыд æмæ мады фегад кодта. Афтæ, гъе. – Сылгоймаг цæхгæр размæ фæзылд, ома мæ зæгъинæгтæ загътон.

Жаннæ сыстад. Йæхи цы фæкæна, уымæн ницыуал зоны. Диссаг, ацы ус Темыртæн сæхимæ куыд не ссыд æмæ йæ хъæстытæ куыд нæ фæкодта? Йæхи куыд баурæдта? Æви, Темыр æмæ Маринæйыл куыддæр сæмбæла, афтæ сын йæ зæгъинæгтæ скалдзæн, æмæ уымæ æнхъæлмæ кæсы? Жаннæйæн куы ницыуал зæгъид, Жаннæ ма исты хуызы ацы автобусæй куы аирвæзид. Æмæ чызг акъахдзæф кодта, хъæугæрон рахиздзæн, фынддæс-ссæдз минутмæ сæхимæ ныххæццæ уыдзæн.

– Шофыр, бауром-ма.

– Æмæ автостанцæйы куы рахизай, уæд дын хæстæгдæр нæ уыдзæн? Дæлдæр куы цæрут, – йæхи йыл æрбаппарста сылгоймаджы æфсæйнаг хъæлæс. Жаннæ – ахизынæввонг. Нæ! Уæддæр ма йын хъуамæ Азæ исты зæгъа. Æрмæст ын йæ хойы кой куынæуал скæнид.

– Ам мæ мæ зонгæмæ цыдæр хъуыддаг и, – автобусы дуар

куыд ӕрӕгмӕ гом кӕны, исты хуызы ма ӕддӕмӕ куы аирвӕзид. Ӕмӕ дуар байгом.

– Фатимӕйӕн-иу мӕнӕй саламтӕ ратт, – дуары хъинц ӕмӕ сылгоймаджы хъӕлӕс сиу сты, ӕмӕ Жаннӕ ныккӕрзыдта: кӕд цӕфӕй нӕ мӕлыс, уӕд ма дын – рӕхуыст. Уӕддӕр кӕй раирвӕзт, цыма цъымарайы аныгъуылд, цыма йыл ӕхсӕнтӕдон калдӕуыд, ӕмӕ ныр ӕнцонӕй, ӕхсызгонӕй сулӕфыд. Ацы автобусы сбадыны бӕсты фӕлтау горӕтӕй сӕхимӕ фистӕгӕй фӕцыдаид, кӕй ма дзы раирвӕзт. Йӕ зӕнгтӕ цыдӕр лӕмӕгъ, цыдӕр ӕнӕхъару сты. Фӕндаггӕрон уал абадид ӕмӕ... Ӕмӕ йӕ афтӕ бадгӕ чи фена, уый цы банхъӕлдзӕн?

Чызг фезмӕлыд.

*31-ӕм августмӕ ма баззад 19 боны.*
*12-ӕм август. Ӕртыццӕг. 2009 аз.*

Сӕрдыгон фӕлмӕн изӕр. Жаннӕ йӕ куыстӕй сӕхимӕ ӕрбацӕуы. Сӕ хӕдзар дӕр нӕма ӕрбазынд, фӕлӕ йӕ йӕ зӕрдӕ ӕнкъары: мад ӕмӕ фыд бадынц рудзгуыты бын дидинджыты цур кӕрдӕгхуыз ахорӕнӕй ахуырст даргъ бандоныл. Йе та ницы дзурынц. Сӕ цурты иугай адӕймӕгтӕ ацӕуы, сӕ фылдӕр – зонгӕтӕ, ӕмӕ кӕрӕдзийӕн салам раттынц, чи семӕ аныхас кӕны, чи та дарддӕр ацӕуы. Лӕг ӕмӕ ус сӕ фӕстӕ акӕсынц. Кӕсынц, фӕтӕн лӕгъз асфальт фӕндагыл ӕз фӕраздӕронӕй машинӕтӕ куыд згъорынц, уымӕ. Чи зоны, Маринӕ, алы кӕрдӕджытӕй цы адджын цай фӕкӕны, ахӕм скодта, ӕмӕ дзы ахуыпп кӕнынц. Уыцы дзӕнӕты бынаты алцыдӕр адджындӕр ӕмӕ хайырдӕр у.

Сӕ цӕнгтӕ стъолыл ӕруадзынц, ӕмӕ куыстдзагъд, азтӕй фӕллад цӕнгтӕ фӕулӕфынц, сӕхи адаргъ кӕнынц, цыма сӕм фынӕй цӕуы. Стъол дӕр Темыр йӕхӕдӕг сарӕзта. Сырх ахуырст. Лӕмбынӕг, бӕстон арӕзт, цыма сӕ цыдӕр ӕркастмӕ цӕттӕ кодта. Згӕхафӕн гӕххӕтт ӕмӕ сӕ авджы састӕй фӕхафта. Бандон дӕр ӕмӕ стъол дӕр – зӕххы фидар сагъд. Ныр сыл цал азы цӕуы, уӕддӕр авджы хуызӕн – лӕгъз, ӕрттивынц, цӕхӕр калынц.

Чызгмӕ сӕ хӕдзар ӕрбазынд, йӕ рудзгуытӕ ӕддӕмӕ кӕсынц. Мад ӕмӕ фыды нӕма федта, фӕлӕ йӕ зоны: рудзгуыты бын дидинӕгдоны бадынц. Темыр ӕй дзӕнӕты бынат хоны, ӕмӕ йӕ

бинонтæ дæр, суанг ма сыхæгтæ дæр, афтæ хонын райдыдтой. Куы йæ арæзта, уæд бинонты нæ фæндыд, сыхæгтæй дæр æм чидæртæ зулцæстæй ракастысты: уынджы иумæйаг фидауц нæ фехалдзæн? Уый фæстæ уыдонæй дæр чидæртæ сæ рудзгуыты бын ахæм дидинæгдонтæ сарæзтой. Сыхæгтæ сын сæ «дзæнæты бынатмæ» арæх æрбауайынц æмæ уым фæбадынц, фæныхас кæнынц, цай фæцымынц, лæгтæ та фæйнæ арахъхъы баназынц. Сæ сæрмæ æгæрон цъæх арвыл – стъалыты хуртуан, мæй се 'хсæнты хъавгæ сцæйленк кæны. Æцæгдæр, æвæджиауы хорз бынат.

Мад æмæ фыд рудзгуыты бын бадынц. Дидинджытæн сæ фылдæры бæрзæнд – метр, метр æмæ 'рдæг, чи та адæймаджы бæрзæндæн. Цыма алыхуызон цырæгътæ судзы сæ хæдзары цур: сырхытæ, буртæ, сиренхуызтæ, урсытæ, мыдхуызтæ... Куы нæ дæ фæнда, рæстæг дын куынæ уа, уæддæр дæ уыцы зæххон дзæнæт йæхимæ æлвасы.

Чызджы къахайст фæсабыр. Дзæнæт... Дзæнæты бынат... Дзæнæты бæстæ... Жаннæ дæр дзæнæты бынаты, дунейыл ын тæккæ зынаргъдæр æмæ адджындæр чи у, уыцы дыууæ адæймаджы – йæ мад æмæ йæ фыды фарсмæ сбаддзæн. Хатгай, уæлдайдæр фæстаг рæстæг, куыддæр бафæллайы, иу рæнхъ нæ ныффыссы, уæдæ хæдзары дæр ницы бакусы, уæддæр бафæллайы, йæ уæнгтæ æрызгъæлынц, куыддæр ныууæззау вæййы, зæрдæ йæхимидæг нырхæндæг вæййы, рухс æм нал фæкæсы. Мæнæ ныр куыд нырхæндæг, афтæ. Кæд мад æмæ фыд рудзгуыты бын фæбадынц, уæд хорз. Кæд нæ, уæд йæхæдæг иунæгæй дæр абады, æвæццæгæн, афтæ кæй сахуыр, уымæн, æмæ йын фенцондæр вæййы.

Чызг дидинæгдоны дуарыл бахæцыд. Мад æмæ фыд фæрсæйфæрстæм бадынц.

– Æрбахæццæ дæ? – разылд æм мад.

– Иу кусгæ бон та фæци, – Жаннæ йæ мады фарсмæ сбадт. Зæгъынмæ хъавыд: «Мæ цардæй та иу бон фæци», – фæлæ йæхиуыл фæхæцыд. Уый фæлмаст, зæронд адæймаджы ныхас у. Стæй æвзаг æрмæст дзурынæн нæу, фæлæ ма хъуыды æмбæхсынæн дæр.

Фыд æмæ мад ныхас кæнынц.

– Ацы аз нæ картоф хорз уыдзæн. Цæхæры хуызæн скæлы, дыууæ-æртæ губаккæй бедра айдзаг вæййы.

– Ӕмӕ уӕддӕр ӕххӕст нӕма сцӕттӕ. Ацы аз ӕгӕр ӕрӕджиау ныссагътам.

– Азӕй бирӕ аразгӕ у. Ӕндӕр иннӕ азты афтӕ куыстгонд нӕ вӕййы?

– Нӕ зӕхх фаджыс, донхъуаг никӕд байййӕфта.

Жаннӕ та бынтон ӕндӕр цӕуылдӕрты хъуыды кӕны. Дзӕнӕт... Дзӕнӕты бадӕд... Ис зӕххон цард, фӕлӕ ма ис ӕнусон цард дӕр – Мӕрдты бӕстӕ. Ӕмӕ алкӕй дӕр иубон уырдӕм хъӕуы, кӕй – раздӕр, кӕй – фӕстӕдӕр, фӕлӕ ӕнӕмӕнгӕй уырдӕм. Мӕнӕ ныр, ӕртӕйӕ – Темыр, Маринӕ ӕмӕ Жаннӕ – фӕрсӕй-фӕрстӕм бадынц, фӕлӕ иу бон фӕхицӕн уыдзысты. Ӕппӕты разӕй сӕ фӕхицӕн уыдзӕн сӕ цоты кӕстӕр. Адӕймаг адӕймаджы хъуыдытӕ кӕсын кӕй нӕ зоны, уый хорз у. Жаннӕ ацы дунейӕ куы ахицӕн уа, уӕд ын мад ӕмӕ фыд марды ӕгъдӕуттӕ кӕндзысты, сӕ фӕстаг капеккыл дӕр нӕ бацауӕрддзысты. Ӕмӕ-иу ын фынджыдзаг куы скӕной, уӕд адӕм арӕхдӕр цы дзурдзысты, уый ныр дӕр зоны:

– Дзӕнӕты бад.

– Дзӕнӕты – дӕ бынат.

– Дзӕнӕты...

Адӕймаг куы амӕлы, уӕд ӕндӕр адӕймаг, дунейы ӕппӕты хуыздӕр адӕймаг фесты. Абырӕг дӕр хъуамӕ дзӕнӕты бада, лӕгмар дӕр. Йӕ зӕрдӕ сау-сауид кӕмӕн у, иу урс стъӕлф дзы кӕмӕн нӕй, уый дӕр. Ӕмӕ, ӕвӕццӕгӕн, адӕм Мӕрдты бӕстӕм уый тыххӕй ивылынц, ацы дунейӕ ӕзфӕраздӕронӕй уырдӕм уый тыххӕй тагъд кӕнынц. Чызг йӕхимидӕг бахудт.

– Жаннӕ, цыдӕр ӕнкъард хуыз дын и, нӕ цуры бадыс, фӕлӕ цыма ам нӕ дӕ, – мад чызджы уӕхскыл банцой кодта.

– Мамӕ, ам дӕн, ма тыхс, ам дӕн, – зӕгъид ын, нырма уал ам и, фӕлӕ...

– Вадим ӕмӕ Фатимӕйӕн дӕр картоф авӕрын хъӕудзӕн, нӕхи дзы цастӕ хъӕуы, – дзуры Темыр.

– О, уӕдӕ дзӕгъӕлы ӕхца хардз кӕн, уый дӕр цы у, стӕй хи картоф уӕддӕр хи картоф у: хӕрзад, ӕнӕсахъат, ницы марг ӕм хӕццӕ кӕны. Хи картофӕн дзы ӕмбал нӕй. Ноджы мах картоф – лӕхурӕг, фыцын дӕр ӕй бирӕ нӕ хъӕуы.

Дзӕнӕт... Дзӕнӕты быдыр... Жаннӕ, ӕцӕгдӕр, ам нӕй. Дард кӕмдӕр ис.

Нарты Сослан... Мӕрдты бӕстӕм фӕцӕуы ӕмӕ йӕ Жаннӕ

уыны, кæсы йæм: йæ алы фæзылд дæр – йæ цæстыты раз, йæ алы ныхас дæр ын хъусы. Жаннæ ам и, фæлæ уыцы иу рæстæг – дард кæмдæр.

...Сослан бахæццæ цыдæр быдырмæ. Алы хорз, алы хъæздыгдзинадæй, алы бæркадæй – йедзаг. Жаннæйы цæстытæ сыл не 'ххæссынц. Хор – бирæ, фос – бирæ. Сырдтæ фосимæ хизынц. Быдыры астæу стыр дон, Теркæй бирæ стырдæр. Йæ уылæнтæ здухынц. Доны был сæдæ рæхснæг, æлвæст чызджы симынц. Цыдæр уысм се 'хсæны йæхи дæр ауыны æмæ æрбайсæфы. Нæ, уый нырма ам ис, уæлзæххон дунейы, мад æмæ фыды фарсмæ бады, фæлæ Мæрдты бæстæйы Сосланы алы фезмæлд дæр уыны.

Сæдæ рæхснаг, æлвæст чызджы симынц, сæ разы алы хорз, адджын хæринæгтæ æмæ нозтæй фынгтæ дæлæмæ тасынц. Сосланмæ бахатыдысты: семæ куы расимид. Æмæ симы. Фæлæ уый у æххормаг æмæ сæ куры: исты хæринаг ын куы авæриккой. Æмæ йын уыдон зæгъынц:

«Махимæ цæр, уæлæуыл дунемæ мауал бæлл, æмæ дæ уæд бафсаддзыстæм, нæ разы цы хæринаг ис, уымæй мах хуызæн æфсæст уыдзынæ».

Нарты зонджын Сослан дис кæны: цы амоны уый та, цымæ? Æмæ йын йæ мард ус Бедуха зæгъы:

«Уый уыдис Дзæнæты быдыр, чызджытæ та уыдысты, чындздзон æмæ куырдуаты бадгæйæ чи амардис, ахæмтæ. Хæринæгтæ та, уæлæуыл дунейы сын кæй ныффæлдыстой, уыдон. Ныр сæ разы, куыд федтай, афтæ лæууынц, æмæ сæ уындæй æфсæст сты».

Жаннæ дæр зæххон цæрæг куынæуал уа, уæд бахауадзæн Дзæнæты быдырмæ, уыцы сæдæ чызгыл ма иу бафтдзæн. Уырдæм уадзынц раст æмæ сыгъдæг адæмы. Æмæ... Æмæ Жаннæ ахæм у? Раст адæймаг у? Сыгъдæг, æнæкъæм адæймаг у? Искæмæн искуы исты æвзæрдзинад ракодта? Ракодта! Ацы дунемæ кæй фæзынд, уымæй. Æмæ кæй фæзынд, уым уый цы аххосджын у?.. Æмæ-гъа, æмæ-гъа...

Сыхæгты чызг фæндаггон фыдбылызы фæмард. Скодтой йыл чындздзон дарæс. Куыд рæсугъд ыл фидыдтой! Жаннæмæ афтæ каст: ныртæккæ чызг йæ чырыны рабаддзæн, йæ чырынæй рахиздзæн, йæ цурмæ бацæудзæн йæ уарзон æмæ йын йе 'нгуылдзыл къухдарæн бакæндзæн. Адæм фæсыкк уыдзысты. Хъарæг æмæ сау маройы бæсты райхъуысдзæн фæндыры цагъд.

Жаннæ йæм чырынмæ каст, йæ зæрдæ уынгæгæй-уынгæгдæр кодта, йæ къуыбар цæссыгтæ кæрæдзи фæстæ згъæлдысты, йæ цæстыты рухс ын æхгæдтой. Арвы æрттывдау-иу йæ сæры атахт: сыхаг чызджы бæсты чырыны уый куы февзæрид, уæд... Хорз уаид. Тынг хорз! Æмæ-иу цыдæр уысм чызджы бæсты чырыны ауыдта йæхи. Йæ цæссыгтæ гæр-гæрæй уайынц, æвæццæгæн, никæдуал банцайдзысты. Уый уæд æрмæст сыхаг чызгыл нæ куыдта. Уый куыдта йæхиуыл дæр.

– Жаннæ, куыд ницы дзурыс? – мад æм кæсы.

– Æмæ-гъа, цыдæр фæллад дæн æмæ... – æмæ Жаннæ æцæгдæр фæллад у. Мад сыстад:

– Абадут, æз цай рахæссон.

– Мамæ, мæн ницы хъæуы. Сымах уал абадут, æз хæдзармæ бакæсон. Цай уын æз рахæсдзынæн.

– Омæ хорз.

Чызг сыстад æмæ сæ дзæнæты бынатæй ракъахдзæф кодта. Мад æмæ фыдæн цай рахаста æмæ фæстæмæ хæдзармæ ацыд. Телевизормæ бакæсын дæр æм нæ цæуы, сынтæгыл йæхи æруагъта.

Чындздзон чызг куы амæлы, уæд ыл чындздзон дарæс цæмæн скæнынц? Буцдæрæн, рæсугъддæрæн, æви дзы цыдæр æндæр хъуыды æвæрд и? Йæ фæстаг фæндагыл æй чындзы фервитынц? Хъуамæ Мæрдты бæсты йæ амонд ссара? Æмæ уым амонд арæн и? Æмæ уæд, адæймаджы йæ фæстаг фæндагыл куы фервитынц, уæд цæмæн фæдзурынц:

«Ды цæуыс, усгур ус кæм нæ куры, чындздзон чызг чындзы кæм нæ цæуы, мад хъæбул кæм нæ зоны, саби рæзгæ кæм нæ кæны, уыцы талынг, æдзæм дунемæ?»

Уым рæстæг æрлæууы, æви... Зæххон цард – суйтæ æмæ æбæрæг, фæлæ уым... уым дæр афтæ... Цымæ, Жаннæйыл чындздзон дарæс скæндзысты? Фидаудзысты йыл? Йæ уæнгтыл баддзысты? Йæ буар сæ бауарздзæн? Йæхи дзы куыд æнкъардзæн? Чызгыл чындздзон дарæс куы скæнынц, уæд уый фендæрхуызон вæййы: хуртæ æмæ дзы мæйтæ фæкæсы. Жаннæ фендæрхуызон уыдзæн? Йæ цæсгом аивдзæн?

Чызг уаты къуыммæ нымдзаст. Хуыссы сынтæджы, йæ хъуыдыты та... Мæнæ... Се стыр, райдзаст уат. Жаннæ лæууы къуымы чындздзон дарæсы. Къухылхæцæг – йæ рахиз фарсмæ, æмдзуарджын – галиуырдыгæй. Уатæй йæ ракæнынц. Къæрццæмдзæгъд

хъазт. Фæндыры хъуытаз мыртæ ивылынц. Адæмы хъæлдзæг ныхас. Хъæлдзæг худын. Æртындæс-фынддæсаздзыд лæппу кæцæйдæр фегуырд æмæ йæ разæй кафгæ фæцæуы. Йæ къæхтæ зæххыл нæ ныдзæвынц, йæ цæнгтæ, йæ уæнгтæ тæлфынц. Цъилау ныззилы. Йæхи хæрдмæ фехсы. Йæ уæрджытыл æрхауы. Æмæ йын нæ фæриссынц? Æмæ Жаннæмæ афтæ фæкæсы: ныртæккæ цæргæсау арвы тыгъдадмæ стæхдзæн. Рæстæгæй-рæстæгмæ йæ цæстытæ... Нæ! Уымæн уæвæн нæй. Рæстæгæй-рæстæгмæ чызджы цæстытæ адæмы æхсæн Æхсары... Æхсары ацахсынц. Нæ! Уымæн уæвæн нæй. Уый йæ цæстытыл ауайы, æндæр... Æхсар ныртæккæ ам уа, уый йын не 'мбæлы.

Цалдæр лæппуйы, – æвæццæгæн цæстæнгасæй кæрæдзи хорз æмбарынц – æрбатымбыл сты, æмæ сæ иу, рæстæмбис, йæ фындзыбын чысыл сау рихитæ – зарæг, чындзхæсджыты зарæг ныццæлхъ кодта. Бахъырныдтой йын йе 'мбæлттæ, æмæ зарæг йæхи систа. Фæндыры хъæлæс нал хъуысы, æрсабыр, адæмы хъæлдзæг дзолгъо-молгъо дæр фæсабыр. Зарæг йæхи бæрзондæй-бæрзонддæр исы, фæйнæрдæм тæхы. Æмæ Жаннæмæ афтæ кæсы: цъæхснагхъæлæс ирон лæппуты уæлмонц зарæг æрмæст сæ кæрты нæ хъуысы, фæлæ се стыр хъæуыл дæр. Хъæуæй-хъæумæ, комæй-коммæ тæхы, æппæт Ирыстоны сæрмæ дæр йæхи айвæзта, æмæ йæм адæм стырæй-чысылæй ныххъхъуыстой, адæмы йæ уацар кæны.

*– Ой! Ой! Нана! Дæ райсомы уатисæг, дæ изæры уатгæнæг*
*дæ куы ныууадздзæнис иунæгæй!*
*Райсом куы ракæсай æмæ йæ куынæуал фенай!..*
*Цы кæндзынæ, нана? Дæ буц хъæбулы кæмæй агурдзынæ?*
*Æрхъæцмæ цы хъæбулыл нæ лæууыдтæ,*
*Къæсæрмæ цы чызгыл не 'ууæндыдтæ,*
*Уый дын кæйдæр лæппу куы фæхæссы!*

*Уæлæ хохæй цæргæс ратахти.*
*Карчы бæдулыл йæхи андзæрста.*
*Уый, дам, цæргæс нæ уыди – сау лæппу.*
*Дæ буц хъæбулы дын куы фæхæссы.*

Уый... Уый цы у? Йæ цæстытæ... Жаннæйы цæстытæ доны зилынц? Йæ цæссыгтæ уайынц? Жаннæ. Æмæ цæмæн? Чызг йæ сынтæджы рабадт. Нæ! Фесхъиудта. Йæ цæсгом йæ уæрджытæм ылхъывта. Уæддæр йæ цæссыгтæ уайынц, сæ хъарм фæд йæ

уæрджытыл æмбæлы. Цæссыгтæ... Æмæ цы ‘рцыд? Цæмæн кæуы? Йæ цæсгом йæ уæрджытæм нoджы тынгдæр ныхъывта, уæддæр йæ цæссыгтæ нæ уромы. Йæ уæхсчытæ стъæлфынц. Æмæ цæмæн кæуы? Цы йыл æрцыд?..

– Жаннæ, рацу æмæ æхсæвæр скæнæм, – хъуысы мады хъæлæс.

– Фæцæуын, мамæ.

Мад æмæ йæ фыдæй афтæмæй куы ничи фенид. Æмæ йæ нæ фендзысты. Æмæ цы кодта? Кæд йæ зонд йæ бынаты нал и æмæ йæ не ‘мбары? Чызг йæ сæрыл схæцыд, йæ цæссыгтæ сæ цæуынæй фæсабыр сты. Йæ цæстытæ урс фæлмæн гæххæттæй асæрфта. Æмæ та аджих. Уый кæм и?.. Чызгæрвыст. Фæндыры хъуытаз зæлтæ. Цъæхснагхъæлæс ирон лæппуты зарæг. Æхсары цæстытæ... Æрбайсæфтысты. Ныр... Ныр та йæхи уыны... Кæм? Чырыны. Уый та куыд? Чындздзон дарæс ыл, фæлæ чындзы нæ цæуы. Жаннæ, йæ зæнгтæ йæхимæ æрбалхъывта, цыма йын уазал у. Æмæ кæсы... иннæ, дыккаг Жаннæмæ. Уый – чырыны, йæ цæстытæ æхгæд, цыма æрæджы афынæй. Нæ! Ницы уынын æй фæнды æмæ йæ цæстытæ бахгæдта. Йæ чындздзон дарæс ыл цы дзæбæх фидауынц, сæ сыхаг, фæндаггон фыдбылызы чи фæмард, уыцы чызгыл дæр йæ чындздзон дарæс афтæ рæсугъд фидыдтой.

Цыбыр рæстæг ма, уæлмæрдтæм ахæссыны агъоммæйы ныхас, æмæ Жаннæйæн йæ уæлзæххон цард фæци. Мæрддзыгой адæмæй арæхдæр хъусы иу ныхас:

«Дзæнæты суадонæй йын нуазыны бар уæд».

«Дзæнæты цæхæрадоны зайæг хæлттæй йын хæрыны бар уæд».

«Дзæнæты цъæх нæууыл ын цæуыны бар куыд уа».

«Дзæнæты...»

Дзæнæты суадон... Цымæ, уый цавæр æнахуыр суадон у? Цæмæй хицæн кæны иннæ суадæттæй? Хæхты, цæссыджы хуызæн сыгъдæгæй хæрдмæ цы суадæттæ абузынц, уыдонимæ йын иудзинадæй исты ис? Дзæмдзæмы суадон... Уый, æвæццæгæн, удсыгъдæггæнæн у, тæригъæдтæ фесæфынц: чи дзы бануазы, уый ферыгондæр вæййы, йæ удысконд – рæсугъддæр. Æвæццæгæн, ног райгуыры, йæ зæрдæ – урс æнæфыст гæххæтты сыф.

Дзæнæты суадонæй дын нуазыны бар уæд. Æмæ дзы алкæмæн

нуазыны бар нæй? Кæмæн дзы ис нуазыны бар? Æмæ уыцы бар чи дætты? Æрмæстдæр дзы раст æмæ сыгъдæгудтæн и нуазыны бар? Æмæ уæд иннæтæ та? Жаннæйæн дзы нуазыны бар уыдзæн, æви йæм дардæй кæсдзæн?

– Жаннæ, æхсæвæр ныууазал. Кæм дæ? – Мад æм дзуры.

– Фæцæуын, мамæ, – æмæ цæуы, цæуы.

– Рауай, рауай, мæ хур.

Чызг сынтæгæй рахызт. Йæ цæссыджы фæдтæ рустыл бæрæг нæ дарынц? Йæхи ахсадта. Ницы йæ хъæуы. Фæлæ... Æнæбары акомдзаг кæны. Науæд мад æмæ фыд тыхсдзысты: кæд дзы исты риссы. Йæ комдзаг йæ хъуыры нæ цæуы, сывæллонæн тыххæй куыд фæхæрын кæнынц, афтæ йæхицæн тыххæй хæрын кæны. Мад ыл йæ цæстытæ ахаста:

– Цыдæр кæныс, мæ чызг.

– Нæ, дзæбæх дæн, куыд вæййын, афтæ. Ма тыхс.

– Кæд дæм дæ куысты исты дзырд æрхауд.

– Алцы дæр хорз у, мамæ.

– Ницы бахордтай.

– Фæстæдæр та ахæрдзынæн, – Жаннæ сыстад. Тæбæгътæ ахсын хъæуы, стъол афснайын... Йæ уæнгтæ басты хуызæн сты. Худинаг, бынтон дæр йæхи æруагъта.

– Ацу, ацу, æз афснайдзынæн, – мад дæр сыстад. Чызг йæ уатмæ бацыд æмæ стъолы цур йæ бандоныл сбадт. Стъолыл цалдæр чиныджы, йæ цæстытæ сыл ахаста. Рафæлдаха æмæ исты бакæса, уый йæм нæ цæуы. Йæ цæстытæ бацъынд кодта æмæ бандоныл йæхи фæстæмæ ауагъта. Куы афынæй уаид. Йæ цæстыты раз фегуырд цъæх-цъæхид фæз, футболæй кæм фæхъазынц, ахæм фæз. Стырæй-стырдæр кæны, цæстытæ йыл не 'ххæсынц. Уый... Жаннæ «Нарты кадджытæ» нæма бакаст. Сослан Мæрдты бæстæмæ куыд абалц кодта, уый нæма зыдта, фæлæ, Дзæнæты цъæх нæуу цы амоны, уый зыдта. Адæмы, хистæрты ныхæстæй. Хъæугæрон сывæллæттимæ хъазынæй кæм не 'фсæст, уыцы цъæх фæз хуыдтой Дзæнæты цъæх нæуу.

Чызг ракаст. Цъæх фæз нæ айсæфт. Мардтыбæстæйы цъæх нæууыл фæхъазынц сывæллæттæ. Жаннæйы цæстытæ ноджы уæрæхдæр байгом сты, гауызы хуызæн цъæх фæзæй сæхи атонын нæл фæразынц, кæсынæй йæм нал æфсæдынц. Æмæ цымæ хистæртæн, Жаннæйы карæнтæн Дзæнæты цъæх нæумæ бацæуыны бар и? Уæд та, уыдон дæр сæ сывæллоны бонтæ æрымысыдысты,

уым сæ ахъазын, азгъорын фæнды. Науæд, уæлгоммæ схуысс, дæ къухтæ дæ сæры бын бакæн æмæ æгæрон цъæх арвмæ кæс æмæ кæс.

Уаты дуары уынæр фæцыд. Мад æрбахызт.

– Нæма схуыссыдтæ?

– Хуыссын, мамæ.

– Цыдæр æнкъард дæ. Мæ зæрдæ дæм æхсайы.

– Мамæ, ма тыхс, – бахудт æм Жаннæ. – Ма тыхс, ацу схуысс, æз дæр хуыссын.

– Хорз, хорз, – мад уатæй ацыд. Чызг схуыссыд. Йæ цæстытæ бацъынд кæндзæн. Кæд иу афон бафынæй уаид. Цыдæр, цыдæр æнахуыр уавæры ис абон, стæй фæстаг рæстæг... Куы афынæй уаид.

*31-æм августмæ ма баззад 18 боны.*
*13 август. Цыппæрæм. 2009 аз.*

Аслан æхсæвы куынæ фæзыны, уæд ын йæ зонгæтæм, йе 'мбæлттæм дзур, сæ хæдзæрттыл зил, иу ран, аннæ ран æй агур. Йæхи дæр фенамонд кодта æмæ бинонты дæр. Бынтон тæригъæд фыд æмæ мад сты. Сæрдыгон, Аслан æрæгмæ зыны, уæд сарайы кæнæ æдде рудзгуыты бын дидинджыты цур фæбадынц, сæ цæстытæ йæм æнхъæлмæ кæсынæй ныуурс вæййынц: уæдæ кæд æрбацæудзæн, цы фæци, кæд ыл исты фыдбылыз æрцыд? Иу афон, æнæбары, зæрдæхсайгæ, хæдзармæ æрбахизынц. Телевизор дæр не скусын кæнынц, æнæдзургæйæ, цыма мæрдджынтæ сты, афтæ фæбадынц. Жаннæйæн æппæты зындæр цы вæййы? Уыцы æгуыппæг сабыр: цыдæр сусæг тас дзы фæцæуы, æмæ йæхи цы фæкæна, уый нал фæзоны.

Аслан та дысон дæр не 'рбацыд. Телефон æм ис, уæд æм адзур. Æмæ кæд ам, сæхимæ хъæуы искæм ис, уæд æм бацу æмæ йæ ракæн, кæд горæты – уæд таксийы абад, ссар æй æмæ йæ æрлас. Жаннæ йын цалдæр телефоны балæвар кодта æмæ та-иу сæ æрбауæй кодта. Æмæ уæд чызг йæхимидæг скарста: тæккæ асламдæр цы телефон у, ахæм дæр ын нал балхæндзæн. Вадим ын никæд балхæдта, стæй никæд балхæндзæн. Искæм сæ лæвар куы дæттой, науæд къæхты бын рахау-бахау куы кæной, уæддæр дзы нæ сисдзæн æмæ йæ Асланæн нæ ратдзæн. Уæддæр бон-дыууæ боны фæстæ телефон фесæфдзæн. Фатимæ дæр

афтæ: Асланæн ахæм лæвар бакæн, уый æхца сафын у, æмæ мах рæстæджы та алы капекк дæр нымад у, зынаргъ у, йæ бакусын зын у. Жаннæ йын зæгъынмæ фæхъавы:

– Дæуæн дæр æхца бакусын зын у? – фæлæ та йæхиуыл ныххæцы.

Темыр æнцад бады, йæ сæрыл схæцыд æмæ Жаннæмæ кæсы, ницы дзуры, фæлæ йæ йæ цæстæнгасæй фæрсы: «Цы кæнæм, мæ чызг, дарддæр афтæ куыд цардæуа?» Æмæ йын цы зæгъа Жаннæ, цы дзуапп ын ратта? Асланы цалдæр хатты дохтыртæм бакæныныл афæлвæрдтой – дзæгъæлы, ма йын сæ фенын кæн. Афтæмæй йæ игæр нал бæззы. Афтæ слæмæгъ, æмæ дзой-дзой кæны, бафу йыл кæн æмæ ахаудзæн. Йæ тæвд цалдæргай бонтæ не 'рхауы, уæддæр хæдзары не 'рбаддзæн. Уыцы хъылмайы амæддаг чи фæци, уыдонæй чидæртæ динмæ разылдысты, сæхи Хуыцауыл бафæдзæхстой, цыдæр хуызты сæхи уыцы цъымарайæ атыдтой. Асланы дæр Жаннæ æртæ хатты аргъуанмæ басайдта. Æмæ дзæгъæлы. Адæймаг йæхæдæг йæхицæн куы не 'ххуыс кæна, уæд ын никæй бон ницы у. Хуыцау дæр ын нæ баххуыс кæндзæн.

Мад сыстад æмæ рудзынгæй æддæмæ кæсы. Куыдз куы срæйы, уæд бинонтæй алкæмæн дæр йæ фыццаг хъуыды вæййы: кæд Аслан æрбацæуы.

Чызг йæ мад æмæ йæ фыдмæ разылд:

– Мамæ æмæ папæ, схуыссут, мæн уæддæр хуыссæг нæ ахсы, – æмæ йæ, æцæгдæр, нæ ахсы, æмгæрон æм нæ цæуы.

– Жаннæ, æмæ мах ахсы? – дзуры мад. – Ацу, ацу æмæ ды уæддæр афынæй кæн, ды нырма æрыгон дæ, æрыгоны та фылдæр фынæй кæнын хъæуы, – Маринæ Темыры фарсмæ сбадт, йæ къæхты бынæй ныуулæфыд æмæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта: – Асланæн уый низ у, низ, æвзæр, карз низ.

Хатт бинонтæй ничи ницы фæдзуры, æмæ хæдзар хасты хуызæн вæййы. Ныр уæддæр цыдæр дзурынц, æмæ Жаннæйæн æнцондæр у. Мамæ цы загъта? «Уый низ у...» Æвзæрдæр та ма цы низ уа? Зын дзæбæхгæнæн низ. Чидæртæ зæгъынц: нæ дзæбæх кæны. Рæстæджы, æхсæнады карз, уæззау низ. Æмæ ууыл алчидæр сæтты, президентæй уынгтæ мæрзæджы онг. Æмæ кæд афтæ у, уæд дзæбæх кæнын хъæуы æхсæнад. Æмæ ныхас – бирæ, фæлæ... Рæсугъд, кæркæ-мæркæ дзырдты æмæ ныхæсты къæвда ныл æхсæвæй, бонæй алы телевизион равдысттæ, радиобакастытæ æмæ

газеты сыфтæй сæх-сæхæй уары, рæсугъд ныхæсты денджызы нæхи найæм, сæ быны фестæм.

Темыр æнцад бады, йæ сæр хæрдмæ нæ исы, йæхицæн дзурæгау дзуры:

– Кæмдæр фæрæдыдыстæм, мæхицæй зæгъын, фæлæ кæм – мæ сæр æй нæ ахсы. Фæхъуыды кæнын æмæ... Нæ иннæ цотæй йæ хъулон никæд кодтам, афтæмæй цыма æндæр бинонты æхсæн схъомыл.

– Дæхи та ма хæр, – Маринæ йын йæ зæнгыл йæ къух æрæвæрдта. – Йæ кæстæрты хорздзинад кæй нæ фæнды, ахæм мад, ахæм фыд, æвæццæгæн, нæма райгуырд. Уыдоны тыххæй куы цæрæм.

Темыр æнцад бады, дзырд дзы нал хауы. Æмæ цы зæгъа?

Иуахæмы Аслан хъуыддаг бакæнын сфæнд кодта. Æмæ бинонтæ дывыдон арты бахаудысты. Уæлдайдæр Маринæ æмæ Темыр. Цы кæной? Куыд хуыздæр уыдзæн? Дæ кæстæр йæ кары бацыд æмæ йæ амонд ссардта, уымæй ма хуыздæр цы уа? Фæлæ сæ лæппуйы уавæр... Хъуыддаг бакодта æмæ аивта, æрзæххон, раст фæндагыл æрлæууыд, уыцы хъылмайæ йæхи атыдта, уæд уымæй хуыздæр цы уаид. Æмæ дзы йæхи атондзæн? Уыцы чызг, дам, нырма хæрз æрыгон, æмæ куыд ацæудзæн йæ цард? Аслан ма уый дæр нæ фенамонд кæндзæн? Темыр-иу йæ сæр банкъуыста:

– Уыцы æвзонг чызг куы фенамонд уа, уымæй ахъаззаджы тæссаг у. Бинонтæ дæр, дам, хорз бинонтæ. Æгъдауджын. Хорз мыггаг. Нæ хъуыддаг æвзæр топпæй æхсæгау у æмæ... Цы чындæуа? Зонгæ-зонын кæйдæр фенамонд кæн, уый тæригъæддзинад у.

Темырæй ахæм ныхас дæр схауд:

– Уыцы чызг, цымæ, Асланы уавæр зоны? Йæ бинонтæ, цымæ, Асланы тыххæй искæй бафарстой?

Ирыстоны хъæутæй иуы уыд ахæм хабар. Æцæг уыд æви нæ... Жаннæ йæ цалдæрæй фехъуыста.

Мад сидзæргæсæй баззад йæ фаззон дыууæ лæппуйæн. Йæхи сын снывонд кодта. Рахъомыл сты, æмæ дыууæйæ дæр уыцы хъылмайы амæддаг баисты. Хæдзары ницыуал уагътой, афтид къуымты дымгæ зилдух кодта. Мад, цæмæй уыцы цъымарайæ йæ хъæбулты ратона, уый тыххæй удæнцой нал зыдта, фæлæ... Уæд, дыууæ 'фсымæры иубон сæ мады, дæумæ хъусынæй нал фæразæм, дæ хъуыр-хъуырæй сфæлмæцыдыстæм, зæгъгæ,

сынтæгмæ сбастой, уыцы хъылмайæ йын укол скодтой. Æмæ афтæ – дыууæ æви æртæ боны фæд-фæдыл. Æмæ, дам, мад йæ лæппуты хуызæнæй агæпп ласта, уыдонæй иу фестад.

Наркомани – нæ рæстæджы, не 'хсæнады уæззау, æвирхъау низ. Æмæ йын хос и? Бирæтæ дзы сдзæбæх? Бирæтæ раирвæзт уыцы цъымарайæ? Дыууиссæдз азмæ дзы бирæтæ цæры? Уæлмæрдтæм бацу, цыртытæм кæсыс, æмæ фылдæр – æрыгæттæ. Зæрондмæ дзы чи аирвæзы? Уыцы хъылмайы аххосæй цал æмæ цал æрыгон зæрдæйы банцад сæ куыстæй?

Жаннæ наркоманийы тыххæй иу æмæ дыууæ чиныджы нæ бакаст. Наркоман суæвын æнцон у, тынг æнцон, дæхи дзы ратон, уый та – тынг зын.

Уалынджы иу бон, Аслан йæ цæстытæй тыххæй каст, афтæмæй загъта:

– Хъуыддаг нал кæнын. Уый цыдæр ницæйаг куы у, йæхицæй мын цыдæр зæд аразы, – æмæ йæ къух ауыгъта.

Бинонтæ сулæфыдысты...

*31-æм августмæ ма баззад 15 боны.*
*16-æм август. Хуыцаубон. 2009 аз.*

Кулдуар чидæр æрбахоста. Ныфсджын, барджын хост. Бинонтæ йæ иууылдæр фехъуыстой. Мад – цæлгæнæны. Аслан та дысон нæ фæзынд, æмæ фегъуыссæг сты. Темыр абондæргъы уынгмæ цалдæр хатты ацыд: алæууы, куы иуырдæм акæсы, куы инæрдæм, æмæ та фæстæмæ кæртмæ, сарамæ уæззау къахдзæфтæй æрбахизы, йæхицæн бынат нал ары. Телефон ныдздзæнгæрæг кодта, уæд æм фæлæбур: чи дзуры, кæд Асланы тыххæй исты хабар...

Кулдуары хойынмæ бинонтæ æртæйæ дæр рауадысты. Темыр дуар байгом кодта, æмæ кæртмæ æрбахызтысты... Милицæйы кусæг, бæрзонд, æлвæст, иу-æртын авд, цыппор азы кæуыл цæудзæн, ахæм кары капитан, йæ фæстæ – уымæй æрыгондæр лæппулæг джинс пиджак æмæ джинс хæлафы. Сæ цæсгæмттæ – уыцы тар... Бинонтæ æнæ иу ныхасæй бамбæрстой: цыдæр... цыдæр бæллæх та ракодта Аслан кæнæ йæхиуыл цыдæр æрцыд, кæнæ...

Темыр æдзæмæй лæууы. Мады цæнгтæ æрхаудысты. Жаннæ хæдзарæй сарамæ рацæуæн дуары тарвазыл баныхæст. Бинонтæ,

йæ аххос чи фембары, уыдонау лæууынц: сæркъулæй, æнкъардæй æмæ æнхъæлмæ кæсынц. Æрæджиау капитан загъта:

– Æмбæлы уæм? – Йæ хъæлæс – бардзырддæттæгау, йæ цæстæнгас – ныфсджын. Капитаны ракæнон цæстытæ сарайы, кæрты къуымты æрзылдысты, цыма дзы исты ферох æмæ уый агуры. Æппынфæстаг Темырыл æрæнцадысты: – Уазæгуарзон адæмы хуызæн стут, афтæмæй мидæмæ нæ зæгъут. Æви ирæттæ нал стæм?..

Жаннæ сæ уазджытæм аивæй кæсы: ацы милиционер, бирæ чи федта, уайæнты чи ауад – ахæм у. Æдзæсгом. Æфсармы кой кæны, фæлæ йæхæдæг, æфсарм цы у, уымæн ницы зоны.

– Мидæмæ, мидæмæ, – загъта Темыр, йæ хъæлæс – хирастгæнæгау.

– Сбадын уæм æмбæлы? – Капитан ныхасмæ нæ банхъæлмæ каст, сарайы даргъ бандоныл даргъ стъолы уæллаг фарс, хистæр кæм фæбады, уым сбадт. Бандоны фæстæмæ ауадзæн хъæдыл, цыма абондæргъы фыркуыст фæкодта, афтæ йæхи фæстæмæ ауагъта, йæ цæнгтæ фæйнæрдæм аппæрста.

Жаннæ йæм кæсын нæ фæразы, фæлæ... Ехх! Ныр уымæн йæ базыгыл ма фæхæц æмæ йæ ма феддæдуар кæн. Хицаудзинад диссаг у. Чысыл хицауы бынат дæр чи ахсы, уый йæхимæ хуыцау кæсы, цыма адæм йæ цагъартæ сты: уый, уæле кæмдæр – бæрзондылбадæг, адæм та – бынæй, кæмдæр, цыдæр уаллæттæ, æмæ дæ цы фæнды, уый сын кæн, фæнды дæ – дæ цъыф къæхтæй сыл бацу æмæ сæ ныцъцъист кæн. Ау, адæм хицауы бынæттæм уый тыххæй тырнынц? Æви уый æрмæстдæр махмæ, ирæттæм хауы? Цыма ирон адæймаджы хуызæн къæлæтджын бандоныл бадын ничи уарзы, Жаннæмæ афтæ кæсы. Уый нын, æнхъæлдæн, æрдзæй лæвæрд у, нæ туджы и. Нæ-æ, æвæццæгæн, алы адæм дæр афтæ сты. Кæрцæй хæдон – хæстæгдæр, Жаннæ ирон у æмæ уымæн афтæ хъуыды кæны.

Ацы милиционер, цыма капитан нæу, фæлæ æппынкъаддæр – инæлар, зæхх ууыл лæууы, йæхимæ афтæ кæсы. Æмæ инæлар у, чысыл инæлар, къухы кæстæр æнгуылдзы йас инæлар. Цæмæ æрбацыд, бинонтæ уый хорз зонынц, фæлæ йæ зæгъинаг цæмæндæр ивазы. Æмæ цæмæн, уый Жаннæ зоны: уадз бинонтæ тыхсой, катай кæной, уæд семæ æнцондæр дзурæн уыдзæн, цас тынгдæр батыхсой, афтæ сæ фылдæр ратонæн уыдзæн. Бæрæг у, ахæм хъуыддæгты йæм стыр фæлтæрддзинад и, профессор у.

Темыр йæхи нал баурæдта æмæ йæ фæрсы:

– Аслан исты бæллæхы бахауд? Исты фыдбылыз æрцыд? – милиционеры фарсмæ бандоныл сбадт. Капитан, милицæйы кæй кусы, уый æвдисæн йæ дзыппæй систа æмæ йæ стъолыл æрæвæрдта. Йæхи бæлвырд бацамыдта, стæй загъта:

– Ды дæ Асланы фыд, дæ ном...

– Темыр.

– Сылгоймаг – де 'фсин, уæртæ зæды хуызæн, уый та – уæ чызг. Æмæ фæрнæй цæрут, фæлæ уæм хорз хабар не 'рбахастон. Уæ лæппу – Аслæнбег – уæхæдæг æй хуыздæр зонут. Цы у? Чи у? Цы мигæнæг у? Хъуамæ ахæстоны иу æмæ дыууæ хатты нæ бадтаид, фæлæ йын фæтæригъæд кæнынц: цы фæуыдзæн, куыд ацæудзæн йæ хъысмæт? Уæддæр та, ирæттæ стæм æмæ...

Бинонтæй ничи ницы дзуры, милиционер йе 'рбацыды сæр кæд зæгъдзæн, уымæ æнхъæлмæ кæсынц. Темыр капитанмæ хæстæгдæр бабадт. Жаннæ стъолы кæрон æрлæууыд. Æфсæрмы нæ кæны, уæд милиционерæн йæ фындзы бынмæ бацæуид æмæ йын зæгъид:

– Цы схæц-ныххæц кæныс? Цы зæгъинаг дæ, уый-ма зæгъ!

Милиционер бинонтыл йæ цæстытæ ахаста:

– Фæлæ уæ лæппу ныр афтæ арф нынныхст, æмæ йæ фæндаг æмраст цæуы ахæстонмæ, раирвæзæн ын нал и.

– Æмæ уæддæр цы 'рцыд? Цы ракодта? – Темыр капитанмæ комкоммæ кæсы.

– Цы ма кæна? Æппынкъаддæр ахæстоны хъуамæ абада фондз-авд азы.

– Мæгуыры бонтæ, – йæ сæр нынкъуыста мад, йæ цæнгтæ йæ риуыл дзуарæвæрд акодта. – Аслан ахæстоны иу азваг дæр не суыдзæн. Нæ-æ, уымæн æруадзæн нæй.

Жаннæ, йæ мад, чысыл иуварсдæр куы лæууид, уæд ын исты хуызы ацамонид: ныртæккæ дзурын ницы хъæуы, æцæгдзинад цы у, уый уал базонæм. Милиционеры ныхæстæ... Уый цæмæ æрбацыд, цы йæ хъæуы, уый чысыл сывæллон дæр зоны, йæ цæстытыл хорз фыст у: фылдæр æхца цы хуызы ратона. Барадхъахъхъæнæг кусджытæн дын æхца ратонынæн фадат фæуа, чысыл фадат дæр, æмæ уымæй ма спайда кæной, сæ фарчыхай ма ратоной, уымæн гæнæн куыд и? Чызгмæ хатгай афтæ фæкæсы, цыма барадхъахъхъæнæг оргæнты кусджытæ иу джиппы уагъд сты, æддаг бакастæй – алыхуызон цæсгæмттæ-маскæтæ,

мидæгæй та – иухуызон, иу цæсгом. Нæ! Се ’ппæт давджытæ, æдзæсгом, цæстфæлдахджытæ, гæртамисджытæ куыд уыдзысты? Фæлæ се ’ууæнк бахордтой æмæ... Диссаг, цы рæстæг, цы æхсæнады цæрæм? Закъонтæ, адæмы, дæу чи хъахъхъæна, уыдонæй ды дæхæдæг тæрс, уыдон сты фыццаг стъигъæг, уыдонæй дæхи хъахъхъæн.

– Мæнæ æфсин раст зæгъы, уæ лæппу ахæстоны аз нæ, фæлæ мæй дæр нæ бафæраздзæн, – йæ къæхтыбынæй ныуулæфыд капитан, цыма Асланы мæтæй дысон-бонмæ нæ бафынæй, тынг ыл тыхсы, йæ зæрдæ йыл тынг риссы. Уымæн йæ зæрдæ цæуыл риссы, Жаннæ уый хорз зоны: йæ нывондаджы тынгдæр куыд бастигъа, æнцонæй йæ чи ауадза, ахæмы каст нæ кæны.

Милиционер йæ ныхас фæбæлвырддæр кодта:

– *Æ*мæ æз дæр ууыл хъуыды кæнын: уæ лæппу ахæстоны мæй нæ, фæлæ цалдæр боны дæр нæ бафæраздзæн æмæ йæ ратонын хъæуы.

– *Æ*мæ уæддæр цы ракодта? – ногæй та йæ фæрсы Темыр.

– Цы ма ракæна? Мæнæ, кæй бастъыгъта, бонсихорафон кæй бабын кодта, уый йæ йæхæдæг хуыздæр зæгъдзæн, – йемæ цы лæппулæг æрбацыд, уымæ разылд капитан.

– Мæ машинæ «Викалинæйы» базары цур фæуагътон. Сигнализаци сæвæрдтон æмæ æдас уыдтæн. Бирæ нæ афæстиат дæн, нымадæй цалдæр минуты. Рацыдтæн æмæ... – лæппу ныссабыр, йæ сæр банкъуыста. – Рацыдтæн, кæсын æмæ машинæйы дуар – гом, магнитофон нал и, йæ телтæ – пырхытæ. Чысыл фалдæр дыууæ милиционеры лæууынц. Азгъордтон сæм. Сæ иу мæнæ Сослæнбег. Фæлтæрдджын кусджытæ. Кæрæдзимæ бакастысты æмæ, цыма дзырд бакодтой, афтæ иумæ загътой:

– Уый уыдаид. Сабыргай, куыд ничи сыл фæгуырысхо уа, цыма сæ зæрдæты дзæбæхæн тезгъо кæнынц, æппындæр сæ ницы æндавы, афтæ базары зилынц. Стæй æваст иу лæппуйы ацахстой. Йæ фарсмæ – йæ кары, чысыл барзонддæр лæппу – алыгъд, адæмы æхсæн æрбайсæфт.

– Уый дæр нæ дард нæ аирвæздзæн, – машинæйы хицаумæ бакаст милиционер. – Уыцы лæппу уыд, дæ фырт магнитофон кæмæн æрбауæй кодта, уый. Аслан алцæуыл дæр басаст, алцыдæр радзырдта. Магнитофон цы æхцайцыл æрбасатар кодта, уыдон ын йæ дзыппæй систам.

– Дæс æмæ ссæдз мины аргъ дзаума дыууæ миныл авæр! –

лæппу йæ сæр банкъуыста, Темырмæ бакаст, ома цы ницæйаг фырт дын и.

– Уый йæ, иу укол цæмæй скæна, уый аргъыл дæр авæрдтаид. Ацы наркомантæн сæ хъуыддаг æз хорз зонын. Бахъахъхъæнут уæ лæппуйы, бынтон æй сæфын ма бауадзут, – бинонтыл та йæ цæстытæ ахаста капитан, цыма сын тынг тæригъæд кæны.

– Æмæ нырАслан кæм и? – Жаннæ стъолмæ хæстæгдæр бацыд.

– Кæм хъуамæ уа? – бахудт милиционер. – Рестораны йæ зæрдæйы дзæбæхæн минас кæны. Кæм хъуамæ уа? Рæстæгмæ уал – милицæйы, куы нæ йæ ратонат, уæд та йæ фæндаг æмраст цæуы ахæстонмæ.

Темыр йæ бадæнæй сыстад, йæ цæнгтæ стъолмæ сбыцæу кодта æмæ сыл йæ уæз æруагъта.

– Папæ, – йæ цонгыл ын йæ арм æрхаста чызг, – дон дын радавон?

– Нæ, ницы мæ хъæуы, – фыд бандоныл фæстæмæ сбадт. Жаннæ дæр – йæ фарсмæ. Асланы бæллæх бинонтæй алкæмæн дæр зын куыд нæ у, фæлæ Темырæн куыд зын у, æвæццæгæн, афтæ никæмæн.

Милиционерæй цыдæр æнæуугæнкдзинад гуыры, æгæр ракæнонхуыз ын и, йе 'фсармы сæрты раджы чи ахызт, ахæм у. Аслан магнитофон адавта æви нæ, уый нырма равзарын хъæуы. Кæд ыл дау æркодтой, уæд та? Кæд фæтарст, æмæ йын уыдон цы дзырдтой, ууыл сразы, уæд та? Давы, æмæ уый Жаннæ дæр зоны. Фæлæ ныр... Ныр, цыфæнды дæр уæд – милицæ раст уыдзысты, семæ дзурæн нæй. Тыхныхас, уæд...

Капитан Темырыл йæ цæстытæ æрæвæрдта, цыма, цæуыл хъуыды кæны, уый базонынмæ хъавы. Æмæ цæуыл хъуыды кæны? Йæ фыртыл. Цæмæй ахæстонмæ ма бахауа, уый тыххæй йæ фæстаг хæдон дæр ратдзæн. Цы хуызы йæ фервæзын кæна? Куыд ын баххуыс кæна?

– Ахæм рæстæг алы минут дæр зынаргъ у, – милиционер та йæ ракæнон, æдзæсгом цæстытæ Темыр, Маринæ æмæ Жаннæйыл ахаста. – Гæххæттытæ фыст нæма æрцыдысты, куыддæр арæзт æрцæуой æмæ сын фæндаг лæвæрд æрцæуа, афтæ сæ министры бон дæр æруромын нал уыдзæн. Æмæ лæппу фесæфт, бабын. Мæнæ машинæйы хицау, Хуыцауы уарзон адæймаг, æмæ йæ ницы хъæуы, йæ магнитофоны аргъ у дæс æмæ ссæдз мины

ӕмӕ йын уый бафидут, кӕнӕ йын ахӕм магнитофон балхӕнут, ӕмӕ хъуыддаг ныссабыр кӕндзыстӕм.

Машинӕйы хицау ныхас йӕхимӕ айста:

– Уӕ лӕппу мын мӕ магнитофон кӕй адавта, уый тыххӕй гӕххӕтт нӕма балавӕрдтон. Ахӕстоны фӕбаддзӕн, уый мӕнӕн цы пайда у?

– Дӕс ӕмӕ ссӕдз мины, – ныуулӕфыд Темыр, йӕ бинойнаг ӕмӕ йӕ чызгмӕ разылд, кӕсы сӕм. Цыфӕндыйӕ дӕр ӕхца ссарын хъӕуы. Аслан ахӕстонмӕ бахауа, уый гӕнӕн нӕй, уырдыгӕй нал рацӕудзӕн. Ныр дӕр дзой-дзой куы кӕны, бафу йыл кӕн ӕмӕ ахаудзӕн.

– Дӕс ӕмӕ ссӕдз мины, – цыма, уыцы ӕхца хъуамӕ уый ссара ӕмӕ йын тынг зын у, ахӕм хъӕлӕсӕй загъта милиционер. – Уый магнитофоны аргъ. Иу уыйбӕрц та, дӕс ӕмӕ ссӕдз мины, цӕмӕй гӕххӕттытӕ арӕзт ма ӕрцӕуой ӕмӕ хъуыддаг тӕрхондонмӕ ма бахауа, уый тыххӕй. Ӕрмӕст, уӕ хорзӕхӕй, рӕстӕг ма сафут, алы минут дӕр зынаргъ у.

– Цы? – йӕ сӕрыл схӕцыд Темыр ӕмӕ милиционермӕ кӕсы. – Иу уыйбӕрц ма, зӕгъыс? Ӕмӕ уыйбӕрц ӕхца хъуамӕ кӕм ссарӕм? Къуыри нӕ сасирӕй куы фӕлуарат, уӕддӕр уыйбӕрц ӕхца никӕм ссардзыстӕм. Аппарӕн дзы нӕй? Уыйбӕрц ӕхца... – фыды хъӕлӕс ризы, цы кӕна...

Милиционер базмӕлыд, цыма сыстынмӕ хъавы. Фӕлӕ не сты:

– Нӕ фыдыхай, нӕй, ницы хуызы йын ис фӕкъаддӕргӕнӕн, ахӕм уӕззау фыдракӕндӕн уый у тӕккӕ къаддӕр аргъ. Алы фыдракӕндӕн, алы хъуыддагӕн дӕр ис йӕхи аргъ, ӕмбарыс мӕ? Ӕмӕ дзы ӕппарӕн нӕй. Уӕд мӕ мӕхи дзыппӕй фидын хъӕуы ӕмӕ хъуамӕ искӕй тыххӕй мӕ мӕгуыр капеччытӕ цӕмӕн хардз кӕнон. Ӕмбарыс мӕ? Мӕнӕн дӕр бинонтӕ и.

– Цы чындӕуа, нӕ зонын. – Темыр ӕдзӕмӕй бады, йӕ уӕнгтӕ ӕркалдысты, ныггуыбыр.

Милиционер сыстад. Сыстад йе ‘мбал дӕр.

– Ӕхца раттын хъӕуы райсом, дӕс сахатыл. Уыйфӕстӕ ницыуал хъӕудзӕн. Райсом мын кусгӕбон нӕу, фӕлӕ сымах тыххӕй ӕрбацӕудзынӕн, – капитаны хъӕлӕс нырмӕ дӕр сойӕ сӕрсты хуызӕн фӕлмӕн ӕмӕ лӕгъз нӕ уыд. Ныр ноджы фӕкарздӕр.

– Дӕс сахатмӕ, зӕгъыс, – сыстад Темыр. – Ӕмӕ уӕдмӕ уый бӕрц ӕхца кӕм ссардзыстӕм, – йӕ хъӕлӕс, цыма скӕуынмӕ хъавы, афтӕ ризы, ферхӕцы.

– Ссардзыстут, ссардзыстут, хорз лæг. Уыдон капеччытæ сты. Адæймаджы цард алцæмæй дæр зынаргъдæр у. Райсомы дæс сахатмæ уал, – æмæ акъахдзæф кодта, фæлæ йæ Темыры ныхас фæурæдта.

– Æмæ æхца куы раттæм, уæд лæппуйы суæгъд кæндзыстут?

– Уый та куыд зæгъыс?! Уыцы сахат нæ, фæлæ уыцы минут.

Æнæнхъæлæджыйы хæддзу уазджытæ ацыдысты, æмæ Жаннæйæн куыддæр фенцондæр. Нæ сæ бауарзта, йæ зæрдæ сæ нæ райста. Уæлдайдæр уыцы милиционер, æхсæнтæ дон ын йæ цæсгомыл бакал, уæддæр йæ цæст нæ фæныкъуулдзæн. Чызг раздæрты хъуыды кодта: алцæмæн дæр фæлгæт и. Нæй! Фæлгæт ницæмæн и. Ахæм ма дзы æдзæсгом уа? Æхца уал сахатмæ уыцы уатмæ æрбахæссут. Цыма йын, йæ сыгъдæг фæллойæн цы мызд æмбæлы, хъуамæ уый бахæссой. Тæрсгæ дæр нал кæнынц. Давын, сайын, гæртам исын, цæстфæлдахæн митæ царды æууæлтæ систы. Æмæ цæмæн тæрсой? Халон халоны цæст къахы? Зоны йæ, Жаннæ рæдийы, фæлæ йæм хатгай афтæ фæкæсы, цыма адæм иууылдæр давджытæ сты, цыма, гæнæн æмæ амал кæмæн и, уыдон иууылдæр гæртам исынц, цыма раст æмæ сыгъдæг адæймагæн нæ царды бынат нал и.

Бинонтæ хæдзармæ бацыдысты. Мæрдджыны хуызæнæй. Ничи ницы дзуры. Æмæ цы дзурой? Фæнды сæ-нæ фæнды, сæ бон у, нæу, уæддæр сæ æхца ссарын хъæуы. Темыр ныуулæфыд, ныуунæргъыдта:

– Ацы лæппу нæ смæгуыр кодта, нæ къæхтыл слæууынхъом нал стæм. Æмæ цы нæ бон у? – Маринæмæ разылд. – Кассæйы ма нын исты ис?

– Æвддæс мины.

– Жаннæ, лæпputæм-ма адзур, Фатимæйæн дæр зæгъ, æмæ кæд, мыййаг, сæ бон истæмæй феххуыс кæнын у, уæд...

– Папæ, мызд нын мæйы райдайæны фæдæттынц, фæлæ æхца нæ уыд æмæ йæ знон райстон, стæй ма мæм цыдæртæ уыд æмæ мæм дыууадæс мины ис.

– Бæргæ, хорздзинадæн нæ куы бахъуыдаиккой, фæлæ... – мад йæ чызгмæ бакаст.

– Уæддæр ма нæ иуæндæс æмæ ссæдз мины ссарын хъæуы, – дзуры фыд.

Чызг йæ уатмæ бацыд: йе ‘мкусджытæй искæмæ адзурид, искæмæй æхца райсид æмæ... Сæ бæрнон секретарь æнæ ’хца

никуы вæййы. Нæ. Никæмæ дзуры. Фæстæмæ сæ раттын йæ къухы куынæуал бантыса, уæд – худинаг. Цы йæ схондзысты? Цы дзурдзысты?

Темыры ныхас хъуысы:

– Нæхиуæттæ куы ницы феххуыс кæной, уæд уал искæмæй æфстау райсын хъæуы. Нæ дыгæрдыг ауæй кæндзыстæм æмæ сæ бафиддзыстæм.

Чызг йæ сæр банкъуыста: Аслан... Аслан сæ ахæм уавæры цал æмæ цал хатты баппæрста? Æмæ та йæ сыфцæйласæгау ралас. Иуырдæм тæх, аннæрдæм згъор, лæгъстæ кæн, дæ уæрджытыл æрхау. Уæвгæ ма ныры рæстæг уыдæттæ кæй хъæуынц. Æхцайы æвзаг – се ‘ппæтæй тыхджындæр, уый алцыдæр сараздзæн. Æмæ хæдзары ауæйгæнæн цы ис, уый ауæй кæн, хæсы бацу, уæддæр дæ лæппуйы скъах, ахæстонмæ йæ ма бауадз.

Жаннæ телефоны хæтæл систа: кæмæ уал адзура? Ахуырбегмæ? Вадим æмæ Фатимæмæ дæр адзурдзæн, фæлæ... Цъысымы куы бахауынц, уæд та сæ тъæпп Ахуырбегыл фæцæуы, цыма уымæн йæ хо æмæ йе ‘фсымæрæй йæ къух фылдæр амоны, бонджындæр у. Уый йæ фæстаг капекк дæр нæ бавгъау кæны.

– Ахуырбег, дæ бон хорз. Хъусыс мæ?

– О.

– Жаннæ дæн. Хорзæй... Хорзæй нæм ницы ис. Аслан та бахауд.

– Æнамонд у æмæ... Æмæ цы зæгъынц?

– Æртиссæдз мины агурынц. Æмæ дæс æмæ ссæдз нæхимæ ис, фæлæ иннæтæ... Æдзух дæ хъыгдарæм æмæ...

– Уæ хъалæй мæ нæ хъыгдарут. Омæ... Омæ хорз, Жаннæ, истытæ ссардзыстæм. Темыр æмæ Маринæ хæдзары сты? Телефон-ма сæм ратт, сæхиуыл фæхæцæнт, сæхи та ма бахæрæнт.

– Дæттын телефон.

– Папæ, салам. Маринæйæн дæр зæгъ æмæ уæхи æгæр ма тыхсын кæнут, уæхи хъахъхъæнут. Æхца райсоммæ хъæуы? Гъемæ хорз.

– Хорз, хорз, Ахуырбег, – фыд телефон Жаннæмæ радта. – Ныр мын фенцондæр, – æмæ ныссабыр. Йæхимидæг йæ хъуыдыты анығъуылд, Маринæмæ бакаст. – Ахуырбег дæр дын мæ лæппу æмæ Вадим дæр. Диссаг, бынтон афтæ алыхуызæттæ цæмæн сты?

– Цот иууылдæр æмхуызон уой, уымæн уæвæн нæй, – дзуры мад.

– Фæлæ уый дæр куыд раст у, цыма иу мад, иу фыдæй гуырд не сты. Ахуырбегмæ уæлдай æхцатæ и? Йæ фæстаг капеччытæ йæ бинонты, йæ цоты хъуырæй ратоны æмæ та сæ сæрвиты. – Темыр диваныл йæхи фæстæмæ ауагъта, йæ цæстытæ бахгæдта. Хуыссæг æй ахсы. Чызг æнæуынæрæй йæ уатмæ бацыд, мад та сарамæ рахызт: мыййаг, кæд Темыры хуыссæг ахсы, уæд бадгæйæ афынæй кæна.

Жаннæйæн дæр фенцондæр. Æхца кæй ссардтой, искæмæй курын сæ кæй нæ бахъуыд. Вадим æмæ ма Фатимæмæ адзура, æви... Нæ йæ фæнды, фæлæ... адзурдзæн сæм. Барæй, кæддæра цы зæгъиккой. Диссаг, фылдæр кæмæ и, уыдон æлгъиндæр, чъындыдæр цæмæн сты?

Фыццаг дзæнгæрæг уал Вадиммæ.

– Уæдæ та уыцы фаджыс йæхи лæхы нытъхъыста, зæгъыс? Иу хатт дзы куы аирвæзид æмæ дзы куы фервæзиккам, уæд хуыздæр уаид, бæргæ.

– Æмæ нæ æхца агурынц, æртиссæдз мины, æмæ йæ уæд рауадздзысты.

– Æртиссæдз мины! Æмæ уыйбæрц æхца хъуамæ кæм ссарат?! Уый кæуылты æхца у. Йæхæдæг æд тъæнгтæ æртиссæдз капеччы аргъ куынæ у, уæд...

– Нæ зонын. Нæ зонын.

– Æмæ æркæсут, æркæсут, мæнæн ныртæккæ мæ бон ницы у. Районы мæ цыдæр хъуыддаг и, нæхимæ дæр бауайдзынæн æмæ ма аныхæстæ кæндзыстæм, – Вадим йæ телефон акъæпп кодта. Тагъд æй ардæм хъæуы, йæ дзыппытæ æхцайæ фæйнæрдæм тондзысты, афтæмæй. Æртиссæдз мины анымайдзæн æмæ сæ стъолыл æрæвæрдзæн.

Жаннæ ныр та Фатимæмæ дзуры, йæ хистæр хомæ. А-а, Жаннæ дзуры. Бахатыр ын кæнæд, цалдæр минуты фæстæ операци райдайдзæн æмæ йын æппындæр фезмæлæн нæй. Аслан та... Æмæ йын цы нæ бон у, фыццаг хатт ын нæу, ахуыр ыл стæм. Æртиссæдз мины агурынц? О-о! Махæн нæ бон ницы у, уый зонын. Æртæ мины бахъуаджы сахатмæ бавæрдтон æмæ сæ райсом ныддавдзынæн. Хуыздæр та уаид, дæхæдæг сæм куы суаис, уæд. Æппындæр æй не ‘вдæлы, мæнæ йæм æнхъæмæ кæсынц. Æмæ йæ телефон ахуыссын кодта.

Чызг бахудт. Йæ хо тынг æнæвдæлон у, операци хъуамæ скæна, æмæ уый та æхца у, æрмийы æхца, цæттæ æхца. Æмæ

уый уадзæн и? Фатимæ йæм, чысыл раздæр сæм æхцайы тыххæй цы милиционер æрбацыд, уый хуызæн кæсы. Æмæ, æвæццæгæн, се 'хсæн тыгъдбыдыртæ нæй. Сæ иу – дохтыр-хирург, иннæ – милиционер, сæ иу – нæлгоймаг, иннæ – сылгоймаг, фæлæ иухуызон, иу джипы уагъд. Акæса, Фатимæмæ æхца нæй, йæ къухтæм æмхасæнтæ кæны, мæгуырæй сæфы. Æрмæстдæр æм ис æртæ мины, йе 'вæрд æхца, æмæ сæ ратдзæн. Бафæрсын æй хъуыд: æмæ, абон операци кæмæн кæны, уымæй æхца нæма райста? Нæ! Райстаид дзы. Жаннæйы хо дардыл хъуыды кæны: цы нæ вæййы, уæд та йын операцийы фæстæ рынчын æхца нал дæтты, иннæрдæм ныкъкъуырдта. Паддзахадон рынчындæтты хъуамæ адæмы лæвар ма дзæбæх кæной?..

Чызг йæ уатæй рахызт. Фыд æмæ мад сарайы даргъ бандоныл бадынц.

– Фатимæ æмæ Вадиммæ адзырдтон. Фатимæ операци кæны æмæ йын æруайыны фадат нæй, фæлæ Вадим æруайдзæн. – Жаннæ йæ мады фарсмæ сбадт. Уый йæм разылд:

– Чи зоны, дзурын сæм нæ хъуыди, фæтæрсдзысты.

– О, сæхи фыртыхст, фыркатайæ Терчы змæст уылæнты куы баппарой, уымæй тынг тæссаг у, – бахудт чызг. Темыр æнцад бады. Асланы цæмæй рауадзой, уый тыххæй æхца ссардтой, æмæ йæ цæсгомыл рухсы тæпп фæзынд, фæлæ та ныр нынкъард, нырхæндæг. Куы фæтыхсы, мæстджын куы вæййы, уæд йæхимидæг фæуынæргъы, йæ риуы хæр-хæр фæхъуысы. Æмæ уый мад дæр æмæ чызг дæр зонынц, фæлæ йыл нæ ахуыр кæнынц: фæтæрсынц, мацы кæнæд. Ныр дæр та йæ риуы хæрхæр хъуысы, тыхулæфт кæны.

– Папæ, цы кæныс?

– Ницы.

– Папæ, ма тыхс, Аслан райсом нæхимæ уыдзæн.

Фыд йæ чызгмæ разылд, йæ цæстытæ, цыма скæуынмæ хъавы, – доны зилынц. Æнкъард, сагъæсæй семыдзаг мигъбадт цæстытæ.

– Афтæмæй куыд цардæуа, – йæ къæхтыбынæй ныуулæфыд Темыр. – Цард лæгъз фæндаг кæй нæу, уый зыдтон: къуыбыртæдзыхъхъытæ, фæхæрдгæнæнтæ-ныууайæнтæ, къæдз-мæдзытæ, бырынцъаг. Фæлæ афтæ суйтæ, афтæ куырмæлхъынцъытæ уыдзæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн. Хъуыды кодтон, зæгъын, уыцы дыгæрдыг Джеоргуыбайы аргæвддзыстæм æмæ бæрæгбоны

хæйттæ Вадимæн дæр, Фатимæйæн дæр æмæ нæ иннæ хæстæджытæн дæр арвитдзыстæм. Фæлæ йæ ауæй хъæуы æмæ Ахуырбегæн йе ‘хца арвитдзыстæм. Æдзух уæз ууыл æрæнцайы æмæ тæригъæд у. Зæрдæ, зæрдæ хъуамæ уа адæймагæн, уый куынæ уа, уæд адæймаг адæймаг нæу, уæд уый дур у. Мæ бинонты цард искæд афтæ ныссуйтæ уыдзæн, уый æнхъæл никæд уыдтæн.

– Папæ, – Жаннæ Темыры уæхскыл йæ сæр æруагъта, – зæххыл ахæм бинонтæ нæй, алцæмæй дæр, алы хуызы дæр амонджын чи у. – Зæгъынмæ ма хъавыд: «Ахуыргæндтæ, стыр фысджытæ куыд дзурынц, афтæмæй бинонты цард у сусæгдзинæдты сусæгдзинад, бинонты цардæй æмбæхстдæр æмæ зындæр ницы и, авд дуары йыл стыр авд гуыдыримæ». Фæлæ ницыуал загъта: мад æмæ фыд сæхæдæг алцыдæр хорз зонынц, уый хъуамæ уыдонæн цыдæртæ дзура?! Йæ телефон. Чидæр... Вадим.

– Хъусын. Хъусын. Хорз.

Чызг телефон стъолыл æрæвæрдта.

– Вадим дзырдта. Æруайынмæ хъавыд, фæлæ йын абон фадат нæ фæуыдзæн. Чи зоны, райсом сæмбæла.

– Нæ дуæрттæ йыл нæ сæхгæндзыстæм, – сыстад фыд. – Æз цæхæрадонмæ акæсон.

– Цом мах дæр, нæ хæдзары куыстытæ акæнæм. – Мад æмæ чызг дæр сыстадысты, хæдзармæ бацыдысты.

*31-æм августмæ ма баззад 14 боны.*
*17-æм август. Къуырисæр. 2009 аз.*

Такси горæтмæ схæццæ. Мады цæстæнгас дзуры: кæдæм сæ цæуын хъæуы, Жаннæ уый зоны? Нæ йæ зоны, фæлæ йæ таксистимæ ссардзысты. Мад та йыл йæ цæстытæ ахаста: йæ чызг фæндагыл куыд ницы дзырдта? Дзырдта. Æгæр дæр ма дзырдта. Æрмæст йæхицæн. Мæнæ ныр йæхимидæг, йæхиимæ куыд дзуры, афтæ: «Цавæр æнахъинон æхсæнад у не ’хсæнад? Æмæ дзы афтæмæй цæрæн и?».

Милицæйы кусджыты æгъатыр надæй Асланы буар куы сцъæхтæ æмæ ныссаутæ, фырнадæй сыстынхъом куынæуал уыд, уæд бинонтæ хъуыды кодтой: уæд та сыл тæрхондонмæ бадæттиккой. Вадим уыцы фæнд куы фехъуыста, уæд сыл хорз фæхудт: цы бæстæйы, цы паддзахады цæрынц, уый нæ зонынц?

Цæстытæ сыл нæй? Къуырматæ сты? Милицæйы кусджытæ аххосджын никæд уыдзысты. Аххосджын уыдзæн Аслан. Æмæ цы нæ уыд, цы нæ ракодта, сæдæ ахæмы ма йыл ныххуырсдзысты. Уый аххосæй ма бинонты дæр цалдæр сасирæй балуардзысты. Стæй чи загъта, æмæ уыдон – бинонтæ – сæхæдæг аххосджын не сты? Милицæйæн гæртам чи радта? Æмæ гæртам цы у? Фыдракæнд. О! О! Уыдон... уыдон дæр аххосджын сты. Дунейы хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр цыдæриддæр цæуы, уым аххосджын адæм сæхæдæг сты. Æмæ уыцы адæмæй иу у Жаннæ.

Такси æрлæууыд, æмæ Жаннæ дæр йæ хъуыдытæй фæиртæст. Нарæг асфальт къахвæндагыл адæм дыууæрдæм тыннывæндæгау нæ кæнынц, фæлæ дзы цæуджытæ уæддæр фаг и. Мад æмæ чызгмæ æрбакæсынц, сæ цæстæнгас сыл, цас æмбæлы, цыма уымæй фылдæр афæстиат вæййы. Æви уый Жаннæ афтæ хъуыды кæны? Суанг æм афтæ дæр кæсы, цыма, милицæйæн æхца кæй дæттынц, уый фæндагыл цæуджытæй чидæртæ æнкъарынц æмæ сыл сæ цæстытæ уымæн ахæссынц.

Капитан стъолы цур бады. Стыр, тынг стыр хицау куыд фæбады, афтæ: сæрыстырæй, цыма ацы зæххыл уымæй лæгдæр нæй, йæхи фæстæмæ ауагъта, йæ иу зæнг иннæуыл æрæвæрдта. Дæлбулкъон кæнæ йыл булкъоны стъалытæ куы æрттивиккой, уæд, цымæ, искæмæ ракæсид?.. Хæдзармæ сæм цы лæппулæгимæ æрбацыд – магнитофоны хицау, уый дæр – уаты. Капитан сæм разылд:

– Æрбахастат?

– Æрбахастам, – мад йæ хызынмæ æвналы. Жаннæ æнцад лæууы. Диссаг, æхца исын мызд райсыны хуызæн куыд сси. Ацы паддзахад ма, цымæ, искуы ссыгъдæг уыдзæн? Искæд ма рæстдзинад уыдзæн?

– Мæнæ сæ уымæ ратт, – йе 'мбалмæ ацамыдта милиционер. – Нымайгæ сæ нæ кæндзыстæм, æууæндын уыл.

– Æмæ нæ лæппу...

– Уæ лæппуйæн ма тæрсут, – Маринæйы ныхас фескъуыдта, «уазæгуарзон уæздан» фысым. – Æз мæ дзырдæн хицау дæн. – Сыстад, цалдæр къахдзæфы иуварс акодта æмæ йæ ныхас, æвæццæгæн, йæхимæ дæр нæ хъуыст, афтæ ныллæг хъæлæсæй йæ чысыл телефонæй кæмæдæр адзырдта, стæй разылд æмæ загъта: – Ацæут, æртæфондз минуты фæстæ нæ агъуысты тигъыл сæмбæлдзыстут.

Маринæ Жаннæмæ æрбакаст: цымæ сæ нæ сайы? Мах рæстæджы алцæмæ дæр æнхъæлмæ кæсæн и, æхца йæхи фесты æмæ...

– Мацæмæй тæрсут. Уастырджи уæ фæндараст кæнæд. Æнæфыдбылыз ут.

Мад æмæ чызг уатæй рацыдысты. Нæ, нæ сæ асайдта капитан. Аслан урс «Жигулийæ» рахызт. Йæ дарæс дæр, йæхæдæг дæр – æнцъылдтæ, лæбырдтæ. Фылдæр æнæдаст вæййы, æмæ бинонтæй уый диссаг никæмæуал кæсы, æвæццæгæн, дастæй фидаугæ дæр нал скæндзæн. Йæ цыд... Цымæ йæ нæ фæнадтой? Жаннæ йын йæ уæхскыл йæ къух æруагъта, фæлæ йыл уый иуварс ахæцыд:

– Рагæй мæ нал федтат.

Хо æфсымæрыл йæ цæст æдзынæг æрхаста: Аслан милицæйы иу суткæ фæци æмæ йыл фæзынд: цы мæллæг у, уымæй фæмæллæгдæр, йæ мигъбадт цæстытæй тыххæй кæсы, æвæццæгæн, æгъуыссæг æхсæв арвыста.

– Нæ дæ фæнадтой? – комкоммæ йæм кæсы Жаннæ.

– Куыд мæ хъуамæ фæнæмой, æз йед дæн... сывæллон, – йæ сæр иуварс азылдта лæппу. – Æз нæма цæуын, æз фæстæдæр ацæудзынæн. Фæндаггаг мын раттут æмæ...

– Аслан, ам дæ нæ ныууадздзыстæм, иууылдæр цæуæм нæхимæ, – йæ цонгыл ын барджынæй æрхæцыд Жаннæ. Лæппу бамбæрста: йæ хо йæ горæты ницы хуызы ныууадздзæн. Маринæ дæр æй нæ ныууадздзæн æмæ æнæбары таксийы сбадт.

– Темыр афонмæ йæхицæн бынат нал ары. Дæумæ æнхъæлмæ кæсгæйæ йæ цæстытæ ныуурс сты.

– Æз адæймаг нал дæн, æз никæйуал хъæуын.

– Хъæуыс, хъæуыс, Аслан, афтæ мадзур, – йе ‘фсымæры уæхсчытыл йæ армытъæпæнтæ æрхаста Жаннæ.

Такси фезмæлыд. Ссæдз-фондз æмæ сæдз минуты фæстæ сæхимæ уыдзысты æмæ Темыр сулæфдзæн, йæ æнкъард сагъæсæй семыдзаг цæстытæ фæрайдзаст уыдзысты, йе ссæст, хъæдгæмттæ зæрдæмæ рухсы цъыртт бакæлдзæн: табу, табу Хуыцауæн, æгайтма сæрæгас сты, æгайтма Аслан сæ хæдзар ссардта. Фæлæ та йын цас рæстæг ахæсдзæн уыцы цин...

*31-æм августмæ ма баззад 12 боны.*
*19-æм август. Æртыццæг. 2009 аз.*

Æхсар... Жаннæйы къахайст фæсабыр. Лæппу йæ ныхмæ æрбацæуы. Æмæ кæцæй фæци? Кæд æй ам, районы исты хъуыддаг уыд? Жаннæимæ сæмбæлынмæ куы хъавы, уæд раздæр æрбадзуры. Раздæр йæ алы фембæлд дæр чызгæн æхсызгон уыд. Фæлæ фæстаг рæстæг... Нæ йын æхсызгон вæййы, нæ хъыг. Нæ фæлæ – хъыг. Мæнæ ныр дæр, Æхсар æй федта, æндæр иуварс фæзилид, иннæ уыннгмæ згъорæгау ацæуид. Æхсар æм телефонæй арæх дзуры æмæ Жаннæ йемæ куы аныхас кæны, куы та – нæ. Дзæнгæрæг... Æмæ Æхсар у, уæд телефоныл иуварс ахæц, дæ къухы и, уæд æрцæйхауы. Ногæй та дзæнгæрæг. Дыккаг, æртыккаг хатт. Де 'нгуылдзтæ судзынц, ризынц, телефонмæ бавнал æмæ йæ ахуыссын кæн, фæлæ дæ цæмæндæр уый дæр нæ фæнды. Æмæ фест, цыма истæмæй фæтарстæ, афтæ тагъд-тагъд кæртмæ кæнæ де 'мкусджытæй искæй уатмæ бауай æмæ дæм ницы дзуринаг и, фæлæ цыдæртæ дзур, уæдмæ кæд телефоны дзæнгæрæг æрсабыр уаид. Уый дын æфсон. Æмæ дын фенцондæр. Нæ! Нæ дын фенцондæр: дæхæдæг дæхиимæ хыл кæн: чи дæ, цавæр æнахуыр адæймаг дæ? Æргом зæгъыны хъару дæм цæуыннæ разыны?

Чызджы къахайст бынтондæр æрсабыр, фæстæмæ фæзил æмæ алидз, зæххы скъуыды ныххау. Æхсар æдзухдæр йемæ сæмбæлы йæ мидбылты худгæ. Цыма мæстджын кæнын нæ зоны. Чызг Æхсаримæ куы сæмбæлы, уæд йæ зæрдæ тынгдæр гуыпп-гуыпп кæнын райдайы, йæхиуыл нал фæхæцы. Мæнæ ныр дæр йæ зæрдæйы сонт гуыпп-гуыпп хъусы. Æхсар ныр йæ мидбылты нæ худы. Æмæ цæуыннæ? Цы кодта? Сæ фæхицæны рæстæг æрхæццæ æмæ йæ, ау, йæ зæрдæ æнкъары? Се 'хсæн – цалдæр къахдзæфы. Лæппу йæ мидбылты бахудт:

– Адæмæй йæхи чи æмбæхсы, телефон чи нæ исы, уыцы зæххон зæдæн зæрдиаг салам, – лæппуйы къух йæ къухыл андзæвыд. Куынæ йыл æндзæвид, фæлæ... Æхсар ын йæ къух райста. Цы бирæ йыл хæцы. Секунд дæр – нæ, фæлæ Жаннæмæ афтæ кæсы – бирæ, тынг бирæ рæстæг.

– Зæдтæ уæлæрвты цæрынц, – бахудт æм чызг дæр.

– Уæларвон зæдты æмæ нæ зæххон зæдты хорзæх уæд, – комкоммæ йæм кæсы Æхсар. Ацы хатт цыдæр ракæнон каст. – Жаннæ, кæрæдзийы бамбарын афон нын у. Нæ райсомы цардыл

ахъуыды кæнæм. Æмæ... Æмæ æз мæ фидæны цард уынын æрмæстдæр демæ. Жаннæ, мацæмæй тæрс, æз æппæтдæр сараздзынæн, цæмæй нæ иумæйаг цард амондджын уа, уый тыххæй.

Чызг æнцад лæууы, цæмæндæр æй фæнды: Æхсары риуыл дæ сæр æруадз, фæлæ йæ не 'руадздзæн: чидæртæ сæ рæзты ацæуынц æмæ... æрмæст уый тыххæй нæ – уыцы бар йæхицæн нæ ратдзæн, уый уаид ногæй гадзрахатдзинад.

– Æхсар, ма тагъд кæн, – йæ цæстытæ йыл ахæссынмæ хъавы Жаннæ, фæлæ сæ бынмæ æруагъта: йæ бон æм комкоммæ кæсын нæу. Сайы йæ, гадзрахатæй йыл цæуы æмæ ма йæм хъуамæ суанг джыгъгъытцæстæй дæр кæса? Бынтондæр йæ цæсгом бахордта? Æрхæццæ... Æрхæццæ æргом, цæхгæр зæгъыны афон. Цыдæр уысм... Цыдæр уысм йæ сæры атахт: Æхсармæ цæхгæр фæзил, дæ армытъæпæнтæй йын йæ риу ныххой, стæй алидз, фесæф. Диссаг, арвы æрттывдау æм цæмæн фæзынд ахæм æнахуыр хъуыды? Кæд, мыййаг, йæ зонд цудын райдыдта?

Æхсар ын цыма йæ хъуыдытæ кæсы:

– Жаннæ, алцæмæн дæр афон и, æмбарыс мæ? Дардæй йæ дарддæрмæ цы æргъæвæм? Кæд... Жаннæ, кæд дæ зæрдæ æндæр искæмæ 'хсайы, уæд... уæд æй æргом зæгъ. Фæлæ дæ æз никæмæн ратдзынæн. Никæмæн! Хъусыс мæ? Хуыцау нæ кæрæдзийæн сфæлдыста, æмбарыс мæ? Æмæ Хуыцауы ныхмæ цæуæн нæй, ралгъитдзæн нæ, дыууæйæ дæр фенамонд уыдзыстæм.

– Æз ныр дæр æнамонд дæн.

– Цы?!

– Æз ныр дæр æнамонд дæн.

– Жаннæ, цыдæр мæ 'мбæхсыс.

– Уый афтæ æнæуи зæгъын.

Чызг фезмæлыд:

– Цом сабыргай. Иу ран лæууын аив нæу.

Æмæ акъахдзæф кодтой. Жаннæ йæ мидбылты бахудт. Йæхиуыл. Уæдæ ма хъуамæ кæуыл худа? Хуыцау сæ ралгъитдзæн. Æмæ Жаннæ рагæй æлгъыст у. Рагæй. Куы райгуырд, уæдæй фæстæмæ. Уыцы æлгъыст йемæ æмдзу кæны, æхсæв дæр æмæ йæ бон дæр уæгъд нæ уадзы. Æмæ та йæхи ногæй фæрсы: «Цæмæн... цæмæн фæзынд ацы зæхмæ?» Æлгъыст. Æнамонд адæймаг. Æмæ йæ фарсмæ чи и, уыдоны дæр æнамонд кæны. Мæнæ Æхсары дæр. Æгъгъæд... Æгъгъæд фæуæд! Ацы фембæлд у сæ фæстаг фембæлд.

– Æхсар...

– Жаннæ, хуыцауизæр уæм минæвæрттæ бацæудзысты.

– Цы?! Сæ кой дæр ма кæн! Цавæр минæвæрттæ? Темырмæ чызгдæттинаг нæй.

– Ис! Йæ ном – Жаннæ, Темыры кæстæр чызг.

Жаннæ бахудт:

– Темырæн ахæм чызг и, уый æз куы нæ зыдтон.

– Æз æй зонын, – бахудт Æхсар дæр.

– Æхсар, ды зонджын, æмбаргæ лæппу дæ æмæ дæхи æрсабыр кæн. Алцæмæн дæр и йæ афон, æмæ дæ минæвæрттæ æрбарвитынæн сæ рæстæг нæма æрхæццæ.

– Жаннæ, æрхæццæ. Мацæмæй тыхс, мацæмæй тæрс. – Лæппу æрлæууыд. Æрлæууыд Жаннæ дæр. Æхсар йæ армытъæпæнтæ чызджы уæхсчытыл æрæвæрдта, цыма афтæ æмбæлы. Æмæ йæ цæсгом бахордта, адæмæй дæр куы нал æфсæрмы кæны. Чызг лæппуйы къухтыл иуварс ахæцыд, бакаст æм: кæдмæ йæ сайдзæн? Кæдмæ фæдфæливæн митæ кæндзæн?..

– Æхсар...

– Жаннæ, – йæ ныхас ын фескъуыдта лæппу. – Кæд, мыййаг... уæ фадæттæ... Мацæмæй тыхс. Æз алцыдæр махимæ исын, алцыдæр рæсугъд æмæ æгъдауыл скæндзыстæм. Æрмæст дæ зæрдæ ма фæхудæд. Хорз?

Чызг йæ сæр банкъуыста, лæппуйыл йæ цæстытæ афæстиат сты, ацы хатт фылдæр рæстæг. Æвæццæгæн, Æхсар афтæ æнхъæлы, æмæ Темыр æмæ Маринæйæн сæ чызджы æгъдауыл арвитын сæ фадат нæу, æмæ Жаннæ Æхсары йæ минæвæрттæ барвитын уымæн нæ уадзы, рæстæг уымæн ивазы, æбæлвырд ныхас уый тыххæй кæны.

– Æхсар, афтæ та куыд ахъуыды кодтай?

– Кæд дæ, мыййаг, бафхæрдтон, уæд бахатыр кæн. Уый хуызвдæры тыххæй загътон.

– Ау, ирон мад æмæ мын ирон фыд нæй, ирон бинонты ‘хсæн не схъомыл дæн, ирон хæдзарæй нæ рацæуын?!

– Жаннæ, мæ ныхас фæстæмæ исын. Ницы фехъуыстай. Ныртæккæ цæрын зын у. Фылдæр адæм къуындæг, тыхцард кæнынц. Бирæтæн куыст нæй, бирæтæ та кусынц, фæлæ мамæлайы къæбæрыл, цы сын фидынц? Æз музейы директор дæн, фæлæ цы? Æмæ изæрыгæтты дыууæ-æртæ сахаты мæ машинæйыл акусын, бæлццæтты фæласын. Ахæмтæ дæр ис, æмæ чызг

арвитын кæнæ чындзæхсæв скæнын йæ фадат нæу æмæ æртæ фæрсчы æмæ æртæ чъиривæ скувынц, лæппу æмæ чызг сæ цард баиу кæнынц. Æмæ æвзæр у уый? Сæ иумæйаг цард тынг дзæбæх ацæуы. Нырæй арæхдæр нæм чызгыскъæфтытæ искæд цыд? Æмæ цæмæн? Чызг арвитын æмæ чындзæхсæв скæнын стыр хъуыддаг ссис. Мах скæндзыстæм хорз чындзæхсæв.

Æргом зæгъыны афон æрхæццæ. Æрхæццæ! Æргъæвæн ын нал и:

–Æхсар...

– Жаннæ, – Æхсар йæ размæ алæууыд.

– Ма мыл анıдзæв, абонæй фæстæмæ мæм макæдуал æрбадзур, ацы фембæлд у нæ фæстаг фембæлд, – æмæ чызг ноджы тагъддæр ацыд. Æхсар йæ мидбынат лæугæйæ баззад, Жаннæйы фæстæ æдзæмæй кæсы, чызг тигъыл сæ хæдзармæ фæзылд, нал зыны, уæддæр ма йæ фæстæ кæсы. Лæппу йæ машинæмæ тагъд-тагъд ацыд...

Жаннæ сæхимæ бацыд, мад æмæ фыд – цæхæрадоны. Æмæ уый хуыздæр у: йæ тыхст ын куы бафиппайой, истæуыл куы фæдызæрдыг уой, уæд... Ницы базондзысты: Жаннæ йæ зæрдæйы ахастыл авд гуыдыры сæвæрдзæн.

*31-æм августмæ ма баззад 11 боны.*
*20-æм август. Цыппæрæм. 2009 аз.*

Аслан та дысон нæ фæзынд. Кæм баззад? Цы фæци? Кæм и? Мад æмæ фыд мæрдджынты хуызæнæй бадынц. Зæрдæ... зæрдæ цыдæр хъуыддæгтыл нæ ахуыр кæны, нæ комы. Темыры цæстытæ, цыма сыл мигъ ныббадт – рухсы тæпп сæ нæ кæлы. Аслан Жаннæйæн цы маст, цы зын кæны, æмæ æрмæст уый нæ – Вадим та? Фатимæ та? Уыдон ын фаг не сты æмæ ма Маринæ æмæ Темыры мæнæ афтæмæй – мæрдджынты хуызæнæй куы фены, уæд, йæ цард кæй ницы у, дзæгъæлы кæй цæры, ууыл дызæрдыг нал фæкæны.

Темыры мигъбадт, сагъæсæй æмдзаг цæстытæ йæ чызг æмæ йе 'фсиныл æрæнцадысты. Ницы дзуры, фæлæ сæ йæ цæстæнгасæй фæрсы: дарддæр афтæ куыд цардæуа? Куыд кæнæм? Цы нæм æнхъæлмæ кæсы разæй? Æмæ йын цы зæгъа Жаннæ?

– Папæ, фæзындзæн. Ма йын тæрс. – Æмæ йын уæдæ цы

зæгъа? Жаннæ, тархъæды адæймаг куы фæдзæгъæл уа, уый хуызæн у.

– Аууон къудзи хон, – йæхицæн дзурæгау зæгъы Темыр. Æмæ раст зæгъы. Бæргæ, Жаннæйæн йæ бон исты куы уаид æмæ... Цы æнæхъару, цы æнæбон у. Цымæ бинонты цардæй сусæгдзинаддæр исты ис? Чызг йæ уатмæ бацыд: йæ мад æмæ йæ фыдмæ кæсын йæ бон нæу. Ныллæг, фæлмæн къæлæтджыны сбадт, йæ зæнгтæ, цыма йын уазал у, афтæ кæрæдзимæ æрбалхъывта, йæхи фæстæмæ ауагъта, йæ цæстытæ бацъынд кодта. Йæхимидæг истæуыл куы фæтыхсы, уæд афтæ сбады, æмæ йын фенцондæр вæййы. Æви йæм уый афтæ фæкæсы? Æмæ-гъа, æмæ-гъа.

Жаннæ раздæрты бинонты царды тыххæй цалдæр уацхъуыды, цалдæр очеркы ныффыста. Фæстаг рæстæг иу ахх дæр нал акодта, стæй нал акæндзæн. Раздæрты дæр куыд уæндыд? Йæ ныфс куыд хаста? Йæ цæсгом бинонты тыххæй фыссын куыд хъæцыд? Сæртæг ма уыд æмæ... Уæд та йæ исчи æрурæдта æмæ йæ фæрсы: «Гъе, хорз чызг, кæйдæр бинонты цард хурмæ хæссыс, фæлæ уæхи бинонтæ та чи сты?» – Æмæ уæд хъуамæ цы зæгъа? Нæ! Фæстаг дыууæ-æртæ азы бинонты царды тыххæй иу хъуыдыйад дæр нал ныффыста æмæ нал ныффысдзæн. Фыссын та йæ фæндыд. Бинонты цард – суйтæ къуыбылой, æмæ йæ хал. Алы бинонтæ дæр – ног, æндæр дуне. Сæйрагдæр та, царды цыма бинонты цардæй ахсджиагдæр ницы и, æнахуыр дуне, æмæ уыцы дунемæ дуæрттæ байгом кæн. Бинонтæ адæймаджы базыртæ сты. Цымæ ахæм бинонтæ и, æмæ алцæмæй дæр æххæст чи у, алы хуызы дæр амонддджын чи у? Уæддæр... Аслан... Асланы маст абарæн ницæимæ и. Æппæт бинонтæн дæр – масты хос. Вадим æмæ Фатимæ дæр...

Темыр хъазгæ фæкæны æви æцæг фæзæгъы:

– Вадим æмæ Фатимæ мæ цотæй не сты.

– Уæдæ кæй цот сты? – барæй йæ бафæрсы Жаннæ. Фыд æм æрбакæсы: цы йæ къахы, йæ хъуыды йын нæ зоны?

– Уыдон нæ рæстæджы, не 'хсæнады хъæбултæ сты. Ацы æнамонд цард бинонты дæр æддæг-мидæг ауайын кодта.

Æмæ уый Жаннæ дæр зоны.

Æхца! Æхца! Дæ къухы бафтæд. Куыд, цы хуызы, уый уæлдай нæу. Фондз-æхсæз мины пенси чи исы, уымæй операцийы тыххæй дыууадæс – фынддæс мины æхца райс, уый куыд раст

у?! Мæгуыр сылгоймаджы фæстаг капеччытæ, æфстау æхцайы муртæ... Цымæ сæ къухтæ нæ фæсудзынц? Æхцадонæй фæдисы хъæр нæ фæкæнынц? Наркотиктæ чи уæй кæны, уый адæймаг у? Зоныс æй, æрыгон адæймаджы мæрдтæм æрвитыс. Æмæ уæд ды чи дæ? Милицæйы кусджытæ, наркотиктæ чи уæй кæны, уыдоны нæ зонынц? Сæ фондз æнгуылдзы хуызæн. Фæлæ сын сæ фæндæгтæ цæмæн æрæхгæной, уыдон сын æхцайы суадæттæ куы сты, уæд. Æхца! Æхца! Æмæ æхца!

Æмæ иурæстæг Жаннæ скарста: фæсивæды чи сафы, уыцы емынæ, уыцы талæу сын парахатæй чи уæй кæны, уыцы мæлæтхæссæг наркотиктæй стыр æхцатæ чи аразы, æддæг-уæлæ галуантæ дзы чи аскъæрдта, уыдоны чъизидзинæдтæ хурмæ ракалын йæ куысты, йæ царды нысантæй иу скæндзæн. Дардмæ цæуын æй хъæуы? Сæхи хъæуы – районы центры цалдæр раны сусæгæй-æргомæй уæй кæнынц. Сусæгæй – цæмæн? Æргомæй! Æвæццæгæн, Ирыстоны ахæм цæрæнбынæттæ бирæ нæй, наркотиктæ кæдæм нæ хæццæ кæнынц.

Хъæуы æмæ районы хицауады дыууæуæладзыгон агъуыстыты бакомкоммæ туджы хуызæн сырх дурæй амад галуан йæхи фæйнæрдæм анывæста, йæхи хæрдмæ систа, цыма стæхынмæ хъавы. Йæ хицау – Заретæ, фæндзайиуаздзыд сылгоймаг. Мæгуыр. Сидзæргæс. Æртæ сывæллоны мад. Йæ лæг дыууадæс азы размæ амард. Алы бон дæр бæрзонд кулдуары цур сырх плиткæйæ æмбæрзт фæзы æрлæууы цалдæр хæдтулгæйы, хатгай иумæ дыууæ-æртæ дæр бавæййынц. Рахизынц дзы æрыгон лæппутæ æмæ чызджытæ, хион, барджынхуызæй бæрзонд, уæрæх дуар байгом кæнынц, мидæгæй афæстиат вæййынц цыбыр рæстæг, стæй та бæрзонд, уæрæх дуар байгом вæййы æмæ рацæуынц. Æдзухдæр рацæуынц хъæлдзæгæй, цыма гæлæбутæ сты, фæпæр-пæр кæнынц. Фистæгæй цæуджытæ дæр иу æмæ дыууæ не сты, бæрзонд кулдуары цур æрлæууынц. Дзæнгæрæг. Цыбыр ныхас, æмæ дын æртæ метрæй бæрзонддæр æмæхгæд кæртмæ бацæуыны бар. Уыдон дæр æддæмæ, уынгмæ рахизынц базыртимæ.

Жаннæ дæр уыцы фистæгæйцæуджытæй ссис иу. Уый размæ цалдæр боны фæлтæрдджын сгарæг басгуыхт æмæ хæдзармæ сусæгæй каст: кулдуары цур чи æрлæууы, уыдон цæмæй кæртмæ бацæуой, уый тыххæй сын хæдзары хицауимæ цы сæрмагонд бæрæггæнæнтæ и? Уыцы галуаны кæртмæ алчи баирвæздзæн?

Ærbacæuæг æмæ хæдзары хицауæн, цæмæй кæрæдзи æмбарой, уый тыххæй цыдæр сæрмагонд, сусæг нысантæ и? Жаннæ зыдта: Заретæ уыцы хъылма парахатæй кæмæн уæй кæны, уыдонæй иу у Аслан.

Кæсы, æмæ Аслан иу лæппуимæ кулдуары цур æрлæууыд. Жаннæйы фæндыд йæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кæнын:

– Аслан! Аслан, кæдæм цæуыс? Дæхи ма бын кæн! – Фæлæ йе 'взаг уыд баст, æмæ йæхæдæг дæр йæ мидбынат нындзыг. Азгъор, де 'фсымæры цонг ацахс, дæ фæстæ йæ раскъæф, ныууигъ æй, хъæры бын æй фæкæн. Фæлæ йын фезмæлæн дæр нæ уыд, æмæ йæ быны зæхх сыгъд, бæлæсты аууон йæхæдæг йæхиуыл хъадамантæ сæвæрдта.

Аслан рæсугъд урс бицъи æртæ хатты нылхъывта, æмæ арвы дуар байгом. Йе 'мбал лæппуимæ кæртмæ бахызтысты, Жаннæйыл та дуне рафæлдæхт, йæ зæнгтæ йæ нал урæдтой, ризæг сыл бахæцыд, афтæмæй сæхимæ рацыд æмæ ноджы фидардæрæй скарста: ныффысдзæн, æнæмæнгæй Заретæйыл сæ газетмæ ныффысдзæн. Уый æмæ ахæмтæ сæхицæн рæсугъд, бухъ цард кæнынц. Æмæ цæмæй? Адæмы æнамонддзинадæй. Мингай æмæ мингай лæппутæ æмæ чызджыты та сау ингæнмæ æрвитынц, сæхæдæг та галуантæй рахизынц. Нæ! Жаннæ ацы хъуыддаг афтæ нæ ныууадздзæн, сæ газеты сыфтæй йæ бон фæдисы дзæнгæрæг цæгъдын у æмæ фæдисы дзæнгæрæг цæгъддзæн. Æмæ иу изæр Заретæйы хæдзары цур æрлæууыд. Тарст, куы йыл фæгуырысхо уа, йе 'рбацыды сæр ын куы бамбара. Чызг йе 'цæг цæсгом æмбæхста, Жаннæ Жаннæ нал уыд. Уый уыд, уыцы хъылмайы азары чи бахауд, уыцы лæппутæ æмæ чызджытæй иу. Æнæитувæрд æмæ фæлладхуыз, йæ алыварс цы цæуы, уый æппындæр кæй не 'ндавы, ахæм адæймаг. Æцæгæлон йæхицæн дæр æмæ адæмæн дæр.

Жаннæ дзæнгæрæджы урс бицъийыл æртæ хатты бахæцыд, æмæ уæззау дуар сабыргай байгом. Йæ цуры лæууыд Заретæ даргъ халаты, йæ сæнтсау ахуырст дзыккутæ йæ уæхсчытыл цæхæр калдтой. Чызджы сæры арвырттывдау атахт: уыцы сæнтсау дзыккутæм фæлæбур æмæ йæ дæ фæстæ рахæр-хæр кæн, районы милицæйы хайад – уынджы иннæ фарс æмæ, йæ уым балæууын кæн. Арв куыд нæры, дæ хъæлæс афтæ нæргæ ацæуæд:

– Цъаммар, ды фæсивæды сафæг дæ! Цъаммар, дæу хуызæттæ хъуамæ ацы зæххыл ма цæриккой!

Фæлæ дзы иу ныхас дæр не схауд. Хæдзары хицау ыл сæрæй къæхтæм цалдæр хатты йæ сау хъоппæг цæстытæ, цыма йæ сгаргæ кæны, афтæ æрхаста æмæ загъта:

– Нырмæ дæ никæд федтон. Ног дæ?

Жаннæ йын зæгъынмæ хъавыд: «О, о, ног дæн. Дæ клиенттыл ма иу бафтыд æмæ цин кæн». Чызг сабыр хъæлæсæй загъта:

– Ног.

– Цас дæ хъæуы?

– Иу.

– Банхъæлмæ кæс. Аргъ зоныс?

– Зонын, – æмæ йæм æхца радта. Заретæ ацыд, уайтагъд фæзынд. Жаннæ уыцы «удхос» райста. Тарст: йæ къухтæ куы ризой æмæ чысыл целлофан пакет зæхмæ куы ʻрхауа, цыдæр ныхас дзы куы сирвæза. Æмæ згъорæгау рацыд. Пакет йæ хызыны сæвæрдта тæккæ арфдæр ран, фæлæ цæмæндæр тарст: цыма схаудзæн, фесæфдзæн, ногахст кæсаг къухæй куыд ацъыввытт кæны, афтæ ацъыввытт кæндзæн. Цалдæр хатты йæ асгæрста. Иу рæстæг та йæм афтæ фæкаст; уыцы хъылма йæ хызыны судзы, йæ тæвд ыл æмбæлы, æмæ йæ хызын фегом кодта.

– Цы æдылы дæн, – загъта йæхицæн, æмæ æфсæрмы нæ кодта, уæд азгъордтаид. Сæхимæ куыд баирвæзт, уымæн ныр дæр ницы зоны. Уыцы изæр, æмæ уыйфæстæ дыккаг æмæ æртыккаг бон дæр иу хъуыдыйад нæ ныффыста. Фæлæ цыппæрæм бон дзырдтæ, хъуыдыйæдтæ сæхæдæг сæхигъдауæй гуырыдысты, æрмæстдæр сæ фыссын фæраз. Фæстаг стъæлф сæвæрдта, уæддæр ма æнцад бадт. Уый уыд йæ зæрдæйы цъæхахст, гæххæтмæ раирвæзт æмæ йын фенцондæр, цыдæр æхсызгондзинад йæ риуы тæлфыд. О, ныффыста, фæлæ йæм редактор цы цæстæй ракæсдзæн? Жаннæйæн дæр æмæ газетæн дæр хуымæтæджы уацхъуыд нæу. Жаннæ йæ хъуыдытæ ныффыста. Æргом. Комкоммæ. Цы уа, уый уæд! Жаннæйы æрмæг газеты куы рацæуа, уæд районы бæрнон кусджытæй кæмæндæрты хъыг кæй уыдзæн, уый зыдта. Хъыг нæ, фæлæ уый уыдзæн æхсæрфарс ныкъкъæрцгæнæгау. Йæ алы акъахдзæфмæ дæр ын кæсдзысты, лыстæг сасирæй йæ луардзысты. Æмæ йæм кæсæнт! Луарæнт æй! Уый никæд ницы адавта, никæд никæй асайдта, зонгæзонын æвзæр никуы никæмæн сарæзта. Йæ цæсгом сыгъдæг у. Раздæр æм ахæм хъуыды дæр уыд: милицæйы бæрнон кусджытæй искæмæн йæ фæнд бамбарын кæна, уыцы хъылма куы

ælхæна, уæд милицæйы кусджытæй йемæ искæй ракæна: уадз, алцыдæр сæхи цæстытæй фенæнт. Фæстæдæр йæ хъуыды аивта: чи зоны, йемæ йын искæй рарвитой. Кулдуар бахойдзысты æмæ сæм Заретæ ракæсдзæн, се 'рбацыды сæр ын зæгъдзысты. Уый сыл цъиуджын каркау йæхи андзардзæн: чи загъта, æмæ уый наркотиктæ уæй кæны?! Уый, наркотик цы у, уый зонгæ дæр нæ кæны. Æмæ сæм лæбурдзæн. Уый – алцæмæй дæр цæттæ, уымæн æмæ йын милицæйы кусджытæ раздæр фехъусын кодтой. Чи зоны, суанг уымæ дæр ахæццæ уа, æмæ Жаннæйы схона цæстфæлдахæг, сыгъдæг адæймагыл тугтæ мысæг – æмæ милицæмæ фæдисы дзæнгæрæг ныццæгъда. Æмæ, чи зоны, милицæйы машинæ сæ цуры алæууа, автоматтимæ дзы цалдæр лæппуйы рагæппытæ кæной æмæ Жаннæйы – цæстфæлдахæджы – фæласынц. Ацы ælгъыст, суйтæ рæстæджы алцæмæ дæр æнхъæлмæ кæсæн и: лæгмар раст адæймаг фесты, сыгъдæг, зæды хуызæн адæймаг Сыбыры бинаг къæйы стæлфы.

Жаннæ йæ фыст цалдæр хатты бакаст, йæ зæрдæ йæм нал æхсайдта æмæ йæ редактормæ радта. Æнхъæлдта: фыццаг бон куынæ уа, уæддæр æм Дауыт дыккаг бон фæдзурдзæн æмæ зæгъдзæн:

– Æнæуи дæр нæм районы хицауадырдыгæй хорз цæстæнгас нæй, æмæ, ацы æрмæг куы рауадзæм, уæд нæ бынтондæр сæ ныхтæ ныссадздзысты. Зонгæ-зонын нæхæдæг нæхицæн ингæн къахæм. – Стæй йæм Дауыт разилдзæн, йæ цæстытæ йыл хионхуызæй ахæсдзæн æмæ ма йæ ныхасмæ бафтаудзæн: – Æппынфæстаг, дæхи хъысмæтыл уæд та ахъуыды кæн: дæхæдæг дæ фæндаг лыг кæныс: цы фæуыдзынæ, цы дæм æнхъæлмæ кæсы, кæм кусдзынæ?..

Жаннæ нал фæлæууыд æмæ йæм æртыккаг бон бацыд:

– Куыд у?

Дауыт гæххæттытæ йæ цуры æрæвæрдта, скаст æм æмæ загъта:

– Хорз у. Цыфæнды дæр уæд. Дæттæм æй.

Жаннæйыл хур ракаст. Æфсæрмы нæ кодта, уæд Дауытыл йæ цæнгтæ æрбатыхтаид. Нæ! Хорз редактор сын и. Лæг у, кæм бахъæуа, уым йе 'мбæрц слæудзæн, нæ тæрсы.

– Нæхиуыл æндзарæм, уый зонын, фæлæ ницы кæны. Жаннæ, де 'рмæг у нæ районы масштабы бомбæ, æниу районы цæмæн – æнæхъæн республикæйы дæр, фæлæ хатт ахæм бомбæ срæмудзын дæр фæхъæуы.

Уац рацыд. Жаннæмæ телефонæй редакцимæ æмæ хæдзармæ дæр дзырдтой. Иу æрмæджы тыххæй дæр ыл уыйбæрц арфæйы ныхæстæ никæд сæмбæлд. Бынтон æнæзонгæ адæм дæр-иу æй баурæдтой æмæ уыцы æнæккаг сылгоймаджы æнаккаг хъуыддæгтæ хурмæ кæй ракалдта, уый тыххæй йын арфæтæ кодтой. Дауыт цалдæр хатты загъта:

– Нæ редакци дзæнгæрджыты бын фæци. – Фæлæ, редактор æмæ Жаннæ цы дзæнгæрæгмæ æнхъæлмæ кастысты, уый нæ райхъуыст. Чызг æнхъæлдта: иубон сæм Дауытимæ районы хицауад, йе милицæйы разамонджытæ фæдзурдзысты æмæ ма сæ кæд хъæуа. Уайдзæфтæ?.. Цы сты уайдзæфтæ? Чи загъта, æмæ Заретæ наркотиктæ уæйгæнæг у? Цыдæр хъуымызбыл уацхæссæг æй милицæйæ хуыздæр зоны? Сыгъдæг адæймаг, æмæ æрмæст ууыл нæ, фæлæ районы милицæйыл, районы разамынд æмæ æппæт районы цæрджытыл цъыф калы. Уый газет нæу, фæлæ адæмы чъизигæнæг, æмæ хъуамæ дзуапп ратта.

Районы æмæ сæм милицæйы разамындæй иу адæймаг дæр нæ фæдзырдта. Æмæ Жаннæйы зæрдæйы цыдæр æбæрæг тас æвзæрд. Æгæр, æгæр сабыр сты районы æмæ милицæйы разамонджытæ. Йæ уацхъуыд сæм цыма æппындæр ницы бар дары. Афтæмæй йæ фаттæ фыццаджыдæр уыдонмæ арæзт сты. Заретæйæ дæр иу ныхас не ’рбайхъуыст, йе ’взаг аныхъуырдта. Йæ «ахсджиаг» æмæ «вазыгджын» куыст нæ фæсабыр, ныр дæр æй кæны. Йæ бæрзонд кулдуары цур æрлæууыноджы фылдæр хæдтулгæтæ, цæуы йæм фылдæрæй-фылдæр адæм. Фылдæрæй-фылдæр кæнынц æрыгон лæппуты æмæ чызджыты ингæнтæ, фылдæрæй-фылдæр кæнынц саударæг ныййарджытæ.

Жаннæйы æрмæг газеты куы фæзынд, ууыл рацыд мæйæ фылдæр. Йæхимæ дæр æмæ редакцимæ дæр ничиуал дзырдта, ферох. Фæлæ, йæ зæрдæйы цы æбæрæг тас сæвзæрд, уый йæ уæгъд нæ уадзы. Æмæ дзæгъæлы нæ.

...Ноябры фæстаг бонтæй иу. Жаннæ йæ хорз хъуыды кæны – дыууын æстæм ноябрь. Горæты æгæр афæстиат: изæры аст сахатыл сæхимæ æрхæццæ. Маршрутон таксийæ рахызт. Цас бауайын æй хъæуы: дæс – дыууадæс минуты æмæ сæ хæдзары уыдзæн. Фыццаг хатт цæуы ацы фæндагыл? Телыхъæдты цырæгътæй иу дæр нæ судзы, цыма сæ барæй ахуыссынчындæуыд. Талынг. Уыдоны ’рдæм исчи куы цæуид æмæ... Цæй, цæмæй тæрсы?.. Уæддæр чызг уайы тагъд-тагъд. Æмæ æваст...

Æваст æртæ лæппуйы, цыма зæххыскъуыдæй февзæрдысты, афтæ йæ цуры фегуырдысты. Сæ цæсгæмттæ нæ зынынц, сау маскæтæ сыл. Дыууæ лæппуйы йын дыууæрдыгæй йæ цæнгтæ фæстæмæ æрыздыхтой. Жаннæйæн ныхъхъæр кæнын нал бантыст: æртыккаг лæппу йын йæ армытъæпæнæй йæ былтæ ацахста, йæ сæр ын йæ риумæ нылхъывта. Иннæ дыууæ йын йæ цæнгтæ æрзылдтой, æнауæрдонæй, æгъатырæй, цыма сæ ратонынмæ хъавынц. Судзгæ рис æппæт буарыл дæр апырх.

– Жаннæйы рæсугъд, ды æгæр хорз фыссыс, фæлæ, цæй тыххæй фыссын хъæуы, уый нæ зоныс æмæ йæ абонæй фæстæмæ зондзынæ, – æмæ йын, рахизырдыгæй цы лæппу лæууыд, уый йæ рахиз къухы амонæн æнгуылдз ацахста, сонт æй цæхгæр фæзылдта, йæ къæрцц фæцыд. Уыцы къæрцции мæ судзгæ рис æппæт буарыл дæр апырх. Æмæ ма уый размæ кæд йæхи суæгъд кæныныл цыдæртæ архайдта, уæд ныр афтæ æрлæмæгъ, æмæ йæ æрхауынмæ бирæ нал хъуыд. Цыдæр уысм йæ цæстытæ атартæ сты. Ракаст. Лæппутæ куыд æвиппайды февзæрдысты, афтæ æвиппайды æрбайсæфтысты. Йæ судзгæ рисимæ сæхимæ згъордта, фæмиддуар, уæддæр, аирвæзт, уый йæ нæма уырныдта. Æппæты тынгдæр цæмæй тарст – тыхмийæ. Фæнæмæнт æй, акъабæзтæ йæ кæнæнт. Фæлæ тыхми... Уымæн нæ ныббыхсыдаид. Цыдæр æнæуынон дын дæ буар йæхи бакæнæд. Æмæ ма уыйфæстæ уæд цæрæн и?

Мад æмæ фыд сæхицæн бынат нал ардтой. Жаннæмæ йæ къух чи систа, уыдон адæм не сты, фæлæ лæгсырдтæ, фашисттæ.

– Уыдон дæр аххосджын куыд не сты, фæлæ, чи сæ сардыдта, сафинаг уыдон сты! – стъол йæ къухæй хоста Темыр.

– Æхца, æхца цы нæ кæны, – кæуæгау дзырдта Маринæ.

Тагъд æххуысы дохтыртæм адзырдтой. Баралгин сæм разынд æмæ йын дзы мад дыууæ таблеткæйы фæд-фæдыл баназын кодта, фæлæ йæ рис нæ фæкъаддæр: йæ амонæн æнгуылдзы судзгæ рисæй æнæхъæн буар дæр сыгъд. Йæ тарст куыд цыд, рис та афтæ тынгæй-тынгдæр кодта. Йæ уд ницæуылуал хæцыд. Иурæстæг йæ сæры атахт: цæй фыссыны мæт æй уыд? Цы проблемæ рахаста хурмæ, – уый суйтæ, æлхынцъытæ къуыбылой, уæлæмæ дзы цы нæ зыны, мин ахæмы дзы – бынæй. Ныффыста, æмæ цы? Хъуыди! Хъуыди ныффыссын! Кæй ныффыста, ууыл иу уысм дæр фæсмон нæ кæны.

Дохтыртæ йын, цæмæй йæ рис фæсабырдæр уа, ахæм укол скодтой, стæй сæ иу загъта:

– Ӕнгуылдз саст у ӕмӕ дӕ ӕвӕстиатӕй рынчындонмӕ ласын хъӕуы, рентген дын скӕндзысты, радгӕс хирург дӕ фендзӕн.

Маринӕ йемӕ цӕуыныл ныллӕууыд. Ӕмӕ рацӕуӕд. Темыр дӕр йӕ дзаумӕттӕ раивынмӕ уатмӕ бахызт.

– Папӕ, ды та кӕдӕм цӕуыс, ды ам лӕуу.

– Куыд лӕууон ам? – йӕ чызгмӕ разылд фыд. – Сымах – уым, ӕз та ам ӕнӕмӕтӕй бадон? Нӕ.

– Кӕд ды нӕ лӕууыс, уӕд ӕз нӕ цӕуын.

– О-о, ныры фӕсивӕд... семӕ дзурӕн нӕй. Омӕ хорз, нал цӕуын.

– Мах тагъд уыдзыстӕм, – Жаннӕйы фӕнды йӕ фыдмӕ бахудын, фӕлӕ йӕ йӕ рис нӕ уадзы.

Районы рынчындоны радгӕс хирург ын йе 'нгуылдзмӕ ӕркаст, басгӕрста йӕ ӕмӕ загъта:

– Саст у, – ӕмӕ уатӕй рацыд. Йе 'нгуылдз саст кӕй у, уый куырм дӕр базыдтаид: йе 'рдӕг ӕрдзедзыкка, нуӕрттӕ ӕмӕ йӕ царм урӕдтой. Хирург та – рӕстӕмбис кары лӕг, фӕзынд, йе стъолыл – цыдӕр гӕххӕттытӕ, ӕркаст сӕм, арафӕлдах-бафӕлдах сӕ кодта, сыстад ӕмӕ та уатӕй ацыд, цыма йӕ кӕмдӕр цыдӕр стыр хъуыддӕгтӕ и. Жаннӕ ӕмӕ Маринӕ фӕдисы ӕрбацыдысты ӕмӕ сӕ хъуыды дӕр нӕ кӕны, кӕрӕдзимӕ бакӕсынц: хирург сын цы кӕнынмӕ хъавы?.. Маринӕ катай кӕны: йӕ чызгӕн ын тагъд ӕххуыс кӕй хъӕуы, хирург уый не 'мбары? Цы дыууӕрдӕм кӕны? Гуыбынниз ыл бахӕцыд?

Маринӕ къӕлидормӕ ахызт, дыууӕ-ӕртӕ минуты фӕстӕ фӕзынд. Фӕзынд радгӕс хирург дӕр. Жаннӕ йӕм бакаст: куы никӕдӕмуал ацӕуид!.. Ӕмӕ нал ацыд. Ӕнгуылдзӕн рентген скӕнын кодта, гипсӕй йӕ сбаста. Цалдӕр хатты Жаннӕмӕ бакаст, цалдӕр хатты йӕм бахудт фӕлмӕн, хионы худт ӕмӕ загъта:

– Ма тыхс, адзӕбӕх уыдзӕн, де 'нгуылдз куыддӕриддӕр уыд, афтӕ уыдзӕн, – йӕ ныхас – уӕздан, лӕгъз, цыдӕр ӕхсызгон хъарм дзы цӕуы. Куы 'рбацыдысты, уӕд ын цыдӕр уазалхуыз уыд, цыдӕр ӕцӕгӕлон цӕстӕй сӕм каст. Ӕмӕ уый атад, ӕмӕ Жаннӕ дӕр бахудт.

Сӕхимӕ ссыдысты ӕмӕ та чызджы зӕрдыл радгӕс хирург ӕрбалӕууыд, йӕхимидӕг фӕдызӕрдыг: дохтыр къӕссавӕлдӕхт цӕмӕн фӕци? Уыцы цыбыр рӕстӕг ыл цы 'рцыд? Маринӕ бахудт ӕмӕ загъта:

– Уый дыл æхца узæлыд, æхца дæ дзæбæх кодта, ахæм фæлмæн хъæлæсæй демæ æхца ныхас кодта.

Мад рынчындоны Жаннæйы разæй къæлидормæ куы рахызт, уæд хирургæн дыууæ мины йæ дзыппы атъыста. Уый йæ цæст дæр нæ фæныкъуылдта, анымадта сæ, фæрухсдзаст æмæ загъта:

– Цом, чызгмæ фæкæсын хъæуы, алы уысм дæр зынаргъ у.

– Мамæ, адæм, нæхæдæг стæм, нæхæдæг, алы хъуыддаджы дæр аххосджын. Чысыл дæр æххуысхъуаг кæмæй стæм – æххуысхъуаг цæмæн – уыдонæн уый сæ куыст у – уыдоны æвзæр сахуыр кодтам: хъуамæ сын сæ былтæ айсæрдæм, хъуамæ сын сæ зæрдæ истæмæй алхæнæм, æмæ нæ хынджылæг кæнынц. Нæхæдæг, нæхæдæг стæм аххосджын. Цæй æхца дæттын хъуыд хирургæн? Мызд нæ исы?

– Раст зæгъыс, мæ чызг, раст, фæлæ... Æхца нæ раттам, зæгъгæ, уæд ма райсоммæ дæр уым джиуиккам. Стæй, æнгуылдз куыд бабастаид, чи йын цы зоны. Чи зоны, фæстæмæ сæттинаг фæуыдаид.

Жаннæ æнцад лæууыд æмæ хъуыды кодта: уый цавæр паддзахады цæрæм? Цавæр? Æмбыд. Сæрæй къæхтæм æмбыд паддзахады. Бирæ хæттыты йæхи бафарста: æгæр карз ныхас нæ кæны? Æгæр карз тæрхон нæ хæссы не 'хсæнадæн? О, нæ паддзахад рынчын у, фæлæ ахæм уæззау низ... кæд, мыййаг, рæдийы? Нæ рæдийы! Афтæ кæй у, ууыл, азтæ йыл куыд фылдæр цæуы, афтæ æууæнды тынгæй-тынгдæр, афтæ йыл дызæрдыг нал кæны.

Жаннæ æмбæрста: Заретæйы чи хъахъхъæны, йæ алыварс ын цæджындзты хуызæн чи у, йæ «бæркадæй» сауджыны хай кæмæн и, уыдон ын йæ бафхæрæджы афтæ нæ ныууадздзысты. Йæ амонæн æнгуылдз ын уыдон асæттын кодтой: уадз, кæд æмæ цы фыссын хъæуы, уый зонæд. Уый йын у фыццаг урок. Æмæ уыдон афтæ ныууадза? Милицæмæ гæххæтт бадæтта? Æмæ уый дзæгъæлы нæ уыдзæн? Донмæ фæрæтæй лæбурæгау нæу? Фат фехсдзæн, фæлæ афтæ дæр рауайдзæн, æмæ фæстæмæ йæхимæ æрбаздæхдзæн. Мад æмæ фыды хъуыды – цæхгæр: Жаннæ йæхæдæг афтæ кæй баззад, уый тыххæй табу Хуыцауæн. Ныр та уыцы хъуыддаджы тыххæй иу хахх дæр – нал! Милицæмæ курдиат куы ныффысса, уæд цы уыдзæн? Фыдгæнджытæ æмæ хицауад иумæ кæй архайынц, баст кæй сты, уый алчидæр зоны. Хицауад æмæ абырджытæ ныртæккæ иу сты. Æмæ Маринæ æмæ Темыр уый куы зонынц, уæд æй Жаннæ нæ

зоны? Зоны йæ, зоны, фæлæ хъуамæ къуыттыйы хуызæнæй дæр куыд бада? Йæхицæй куырм адæймаг куыд сараза? Ма аразæд æмæ йæ фендзæн. Стæй йæ уынгæ дæр фæкодта. Стъол йæ къухæй ныххоста фыд æмæ мæстджынæй хæдзарæй кæртмæ рахызт.

Редакцийы кусджытæй, чи Жаннæйыл йæ хъæлæсыдзаг кæлкæлæй худт: цæй фыссыны мæт æй уыд, кæм æй хордта, арсимæ кæрдо чи цæгъды? Чи та йæхимæ ныхъхъуыста. Чи та карзæй дзырдта: газеты уыцы бандитты тыххæй ног æрмæг рауадзын хъæуы. Дауыты фидар ныхас Жаннæйæн æхсызгон уыд: æппындæр мацæмæй тæрсæд, редакцийы кусджытæ иууылдæр йæ фарс сты, куы бахъæуа, уæд тæрхондонмæ дæр ацæудзысты.

Æмæ Жаннæ скарста: йе 'нгуылдз ын чи асæттын кодта, уыдон афтæ уадзгæ не сты, уыдон хъуамæ закъоны цур дзуапп раттой. Рынчындонæй йæм – гæххæтт. Районы милицæйы хицауы номыл курдиат ныффыста. Разамонæг уым нæ разынд æмæ йын йæ хæдивæгмæ бацыд. Уый, фæндзай азмæ æввахс кæуыл цыдаид, ахæм бæзæрхыгтæ лæг, гæххæтт райста, цыма кæсын нæ зоны æмæ дамгъæгай кæсы, кæнæ алы дамгъæйы фæстæ дæр цыдæр æмбæхст и æмæ уый агуры, афтæ йæ бирæ фæкаст, стæй йæ сæрыл схæцыд æмæ загъта:

– Дæ уацхъуыдгонд дын æз дæр бакастæн. Æмæ уый цы у, уый зоныс? Æхсæнтæдон. Раст, сыгъдæг адæмыл цъыф калыс, цæсты сæ æфтауыс. Уый нæ, фæлæ ма оргæнты дæр худинаг кæныс.

Уыцы сылгоймаг наркотиктæ уæй кæны, уый мах нæ зонæм, махмæ уый тыххæй хъаст никуы æрбацыд.

Жаннæ йæхи нал баурæдта, цыма ныртæккæ йæ мидбынат ссудздзæн, афтæ йæм каст:

– Заретæ, уыцы хъылма кæй уæй кæны, уый æз куы зонын, уæд æй сымах куыд нæ зонут? Фыдгæнæг – уæ фындзы бын, æмæ уæхи ницызонæг скодтат.

– Мах цы зонын хъæуы, уый нын дæу амонинаг нæу. Бамбæрстай? Фыдгæнæг чи у, уый нырма рабæрæг хъæуы æмæ рабæрæг уыдзæн. Районы разамындыл, районы милицæйыл, раст, сыгъдæг адæмыл цъыф чи калы, уый чи у? Уый фыдгæнæг нæу? – Комкоммæ йæм каст æмæ хъæрæй дзырдта хæдивæг.

– Царциаты диссæгтæ, – загъта Жаннæ. Дарддæр цы дзырдтаид, уый нал зыдта. Чысыл ма, æмæ йæхæдæг фыдгæнæгæй

агæпп ласдзæн. Уый уыдзæн, миллионтæ æмæ миллиардтæ чи бахордта, уыдонæй иу. Уæвгæ, уыдонæн цы у. Æнцад-æнцойæ сæхицæн дзæбæх цæрынц, цас фылдæр адавай, афтæ æдасдæр дæ.

– Æмæ дын цыдæр лæппутæ, маскæты, ды куыд зæгъыс, афтæ де 'нгуылдз кæй асастой, цыдæр æртхъирæнтæ дæм кæй кодтой, уый тыххæй æвдисæнтæ ис? – майор ын йæ курдиатыл иуварс рахæцыд, ома нæ ныхас дзæгъæлы у.

– Нæй.

– Нæй, – бахудт лæг. Скаст æм æмæ йæ сæр банкъуыста. – Мах уын, барадхъахъхъæнæг оргæнты кусджытæ, сымахæн, журналисттæн, уæ фокустæ хорз зонæм. Цæмæй адæмы уæхимæ æрыхъусын кæнат, уый тыххæй цыфæнды дæр бакæндзыстут. Чидæртæ уæ, цыма рæстдзинады фыццаг тырысахæсджытæ уыдон сты, сæхицæй цыдæр ахæмтæ аразынц, æцæгдзинадæй та...

– Æцæгдзинадæй та цы?! – загъта Жаннæ. Хъуамæ йыл йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодтаид, фæлæ та йæхи тыххæй баурæдта.

Лæг сыстад æмæ, йæ мидбылты нæ, фæлæ, цыма барæй, афтæ йæ хъæлæсы дзаг ныххудт:

– Нырма æрыгон дæ, афтæмæй дæ нервытæ нал бæззынц æмæ сæ сдзæбæх кæн. Дзæуджыхъæуы хорз психрынчындон и.

Æмæ та Жаннæйы сæры февзæрд: кæм и? Кæдæм æрбахауд? Закъæттæ хъахъхъæнджытæм æви закъæттæ халджытæм? Йæ къæхты бын пъол тасыд. Кæм и? Кæимæ ныхас кæны? Йæ курдиат æмæ, рынчындонæй цы гæххæтт райста, уыдонмæ фæлæбурдта æмæ сæ аскъуыдтæ кодта. Фæндыд æй, уыцы гæххæтты скъуыдтæ лæджы цæсгомыл бакал, йæ цæсгомыл ын сæ ныццæв, фæлæ цыдæр уысм арвы æрттывдау йæ сæры атахт: цы кæны, йæ зонд фæцыд?

– Нæ дын загътон, дæ нервытæ дзæбæхгæнинаг сты. Рынчындонмæ ласинаг дæ. Нервытæ кæм дзæбæх кæнынц, уырдæм нæ, фæлæ æрраты рынчындонмæ, – æмæ худы. Йæ цæсгомы алы стъæлфæй дæр дзуры: куыд зондджын у – Жаннæ йæ уатмæ нæма æрбахызт, афтæмæй йын йæ низ базыдта, сæвæрдта йын тынг раст диагноз.

– Сымах, сымах... Хицауад та цæмæй рынчын стут?! – Йæхи

нал баурæдта æмæ йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодта Жаннæ, цæхгæр фæзылд æмæ æнæуынон уатæй разгъордта. Йæ цæстытæ доны зылдысты, куыдта.

Жаннæ куыдта, йе ‘фсымæр Аслан та худт. Нæ йын дзырдта: æнцад бад, ма фысс, дæхи дын фæаххосджын кæндзысты? Дзырдта. Æмæ афтæ рауад? Рауад. Сæ бон у, æмæ йæ ахсгæ дæр æркæной.

– Æмæ афтæ цæмæн у? Цæмæн у афтæ? – фарста йæхи дæр æмæ йе ’фсымæры дæр.

– Афтæ цæмæн у? Афтæ у, æмæ уымæн, – æнæмæтæй худт Аслан. Бæрæг уыд, йæ удхосæй та фæхъæстæ æмæ йын уыд хорз, тынг хорз, хъæлдзæг зæрдæйы ахаст. Зæххон цард – йæ бирæ куырмæлхынцъытимæ, æмæ уымæй нæ цард, фæлæ тахт уæлæрвты. Зæххон цардæй уыд дард, зæххон цард æй æппындæр не ‘ндæвта. Æмæ Жаннæйы сæры цыдæр уысм атахт: йе ‘фсымæр цы амондджын у! Стæй, цы æнахуыр, æбуалгъ хъуыды йæм февзæрд, уый фембæрста æмæ ныккæрзыдта, йæ буар ныггæрттгæртт кодта. Йæ цæссыгтæ æмбæхста, фæлæ сын бамбæхсæн нæ уыд: йæ рустыл урс фæрдгуытæй уадысты. Йæ цæсгом йе ’фсымæры риумæ нылхъывта, йæ хæкъуырцц кæуын тыххæй урæдта, афтæмæй загъта:

– Æдылы, æз газеты уыцы уацхъуыд фыццаджыдæр дæу тыххæй ныффыстон.

– Мæн тыххæй? Ха-ха-ха!

– Кæд Заретæ уыцы хъылма нал уæй кæнид æмæ дзы кæд фæиртæсис, кæд дзы фервæзис.

– Æмæ уæд æндæр никæм и? Ха-ха-ха!

– Æмæ уæдæ куыд? Куыд, Аслан? Дарддæр афтæмæй куыд цæрдзынæ?

– Мæныл та тыхс. Æз цы дзыхъхъы ныххаудтæн, уырдыгæй схизæн нал и. Мæныл ма тыхс.

– Ис! Ис, Аслан.

– Æз цы цардæй цæрын, Хуыцау мын цы хъысмæт саккаг кодта, уымæй разы дæн, – æфсымæр йæ хойы сæрыл иуварс ахæцыд. – Æз уынгмæ акæсон. Мæныл мачи тыхсæд, – æмæ фæцæуы. Жаннæ йæ фæстæ каст, йæ цæссыгтæ сæрфта, фæлæ уыдон уæддæр уадысты. Цы кæна? Цæмæй баххуыс кæна йе ‘фсымæрæн? Йæ сæр ницы ахста.

*31-æм августмæ ма баззад 10 боны.*
*21-æм август. Майрæмбон. 2009 аз.*

Жаннæйы телефоны дзæнгæрæг райхъуыст. Æмæ йæм чи дзуры? Æхсар? Æмæ йæ уæд нæ сисдзæн, се 'хсæн ницыуал и. Æмæ се 'хсæн исты уыд? Жаннæ йæхæдæг у аххосджын: цыдæр ныфс ын лæвæрдта. Йæ хо Фатимæ. Арæх æм не 'рдзуры, æппынæдзух дæр дугъ кæны, рæстæг ын нæ фаг кæны, хæргæ дæр – тагъд-тагъд. Хæдзар балхæдтой, уый нæ хъæр кæнынц. Цымæ, йæ цæмæ 'мбæхсынц? Уым сусæггагæй цы и?

– Фатимæ...

– Куыд стут? Дзæбæх, æнæниз?

– Ницы нын у. Цæрæм.

Куыд сты, цыма уый нæ зоны. Æфсоны фæрстытæ. Аслан милицæмæ куы бахауд, уæдæй нырмæ цал боны рацыд? Æмæ иу хатт ма æруай! Цыма йæ автобусы цæуын хъæуы, науæд æй такси æххуырсын хъæуы. Æмæ автобусы куы 'рцæуа, уæд ын цы уыдзæн? Жаннæ сæхицæй горæтмæ æмæ фæстæмæ дæр автобусы цæуы æмæ уымæй фегад? Куыд цæрынц? Цæрынц. Иу поэты загъдау, цæрдтытæ кæнынц. Йæ хо йæ кæнгæ, йæ былалгъ фæрстытæй, цæй тыххæй дзуры, уымæ куы рахизид.

– Фатимæ, иу изæр дæ сызгъæрин рæстæгæй цалдæр минуты ратон æмæ нæ фен.

– О-о, ды куыддæриддæр зæгъай, афтæ бакæндзынæн.

Жаннæ телефон йæ хъусæй чысыл дарддæр айста, цыма, цы хъуыды кæны, уыдон телефонæй райхъуысдзысты æмæ сæ йæ хо куы фехъуса, уымæй æфсæрмы кæны, уымæй тæрсы. Диссаг, рæстдзинад хъусын адæймагæн афтæ зын цæмæн у? Зæгъæм, мæнæ Фатимæйæн.

– Хорз, хорз. Цæмæн дæм дзурын: уыцы æхцамæ цæуыннæ суадтæ?

Жаннæ йæ сæр банкъуыста: дзурын æй нæ фæнды, æнæ дзургæ та йын нæй. Æмæ йын цы зæгъа, цы хъуыды кæны, уый?

– Ссардтам æмæ дæм уый тыххæй нал ссыдтæн. – Æртæ мины. Æмæ уыдон цы сты? Сæ кой та куыд скодта?!

– Кæд, зæгъын, тæргай фестут.

– Нæ. Нæ.

– Уæдæ хорз...

*Уыдзæн ма.*

# УЫРЫМТЫ ПЕТКА: 80 АЗЫ



*УЫРЫМТЫ Петка*

# УДЫ ЗЫНГ

## ХУРЫ ХЪÆБУЛ

**Ног бон та ралæууыд, бæстæ рæвдаугæ,
Арвы къуырф тæбæгъы мигъы тæпп нæй.
Хурзæрин райхъал, йæ цæстыты хаутæ,
Уалæ æркалдысты хæхты сæрæй.**

**Уазал йæ судзинтæ асадзы буары,
Хæхты фæззыгон дзæбæх тæфсæн нæй. –
Хъуамæ æз бавзарон абон мæ хъару:
Хуры нæ зæхмæ æрласон сыфцæй.**

**Хуры йæ бындзыгæй ме ‘ккойы ласын,
Тибы уæзæгмæ йæ пæлæз æрхауд.
Фæлæ йæ рухс цæсгом коммæ нæ разынд,
Хæхты дæндæгтыл ныффидар, ныссагъд,**

**Оххай, цы бакæнон? Абастон хуры
Комы бæлæстыл йæ дзыккутæй раст.
«Ма ‘взар дæ хъару! – дæлæмæ мæм дзуры, –
Фæззæг мæ нал уадзы хæхтæй ыскаст».**

## ЗЫНГГУР

**Æмбæрзæн дуры ‘ртæдзыхон къæрттытæ,
Лæджы цæст уыл ныр нал æрхæцы, нал.
Уæ хъæбысæй-иу сгуылф кодтой æртытæ,
Зынггурæй-иу куы æрбаздæхт мæ мад.**

**Зынггур... Уыди мæгуырдзинады ‘вдисæн...
Зынггур... Уыди хъæздыг зæрдæйы хатт.
Зынггурæн сых йæ цин æмæ йæ рисæй
Сæхимæ истой алкæддæр сæ хай.**

Идæдз æфсинты цас æвдæлд ныхасмæ, –
Зынггурæфсон кæрæдзийы уыдтой.
Æрбадтысты-иу къонайæн йæ фарсмæ,
Кæрæдзийæн сæ тыхстытæ дзырдтой.

Ныфсæвæрдæй ыздæхтысты фæстæмæ
Æртваг зынгимæ, риуы та – цæхæр.
Нæ хъæубæстæйы хистæрæй кæстæрмæ
Зынггур цæуын æхсызгон уыд кæддæр.

Зынггур цæуын – ныр худинаг, ай-гъайдæр,
Уæддæр-иу фен ды исты ‘фсон дæ сых.
Дæ цин, дæ хъыгæй уымæн дæр фæхай кæн,
Фылдæр кæндзæн дæ зæрдæйæн йæ зынг.

## ФЫЦЦАГ КЪÆВДА

Хуры цæсгом исдугмæ фæтар.
Сифтыгъта йæ сармадзантæ арв.
Сау мигътæ фæллад галтау фæлæсынц.
Сабитæ сæ хæдзæртты æмбæхсынц.

Раст цыма зæрватыччы лæппын
Ахстонæй йæ бур бырынкъ æвдисы,
Уыйау сыфтæр радардта йæ фындз,
Къуыбарæй йæ бафæндыд æрхизын.

Дуне фендзыг исдугмæ... Æваст
Арв æрцыди Сау хохыл зынг ехсæй,
Цыма къæвда истæмæй фæтарст,
Уыйау фæзты азгъордта цырд ефсау.

## ЗÆРОНД ФÆНДАГ

Хуыссыс æнцад... Цыма мæрдвынæй бадæ.
Фæлурс фæсалæй бамбæхстай дæ тæрттæ.
Цыма сæ разæй барджытæн нæ уадтæ,
Цыма дыл никуы цыдысты уæрдæттæ;

Цыма нæ хуыдтай адæмы дæ фæстæ,
Цыма Акимы зарæгмæ нæ хъуыстай,
Цыма æдзух фæсалы бын æмбæхстæ,
Цыма лæгæн хæрзгæнæгæй нæ куыстай;

Цыма нæ сыгъдтæ карз бонты цæхæрты,
Цыма дæ сæрмæ тохы мигъ нæ бадти.
Хуыссыс æнцад... Ныр разагъды кæстæртæн
Сæ лæгъз фæндаг дæ иувæрсты æруади.

## ÆФЦÆГМÆ

Офф. Бастадтæн. Ысуадзин уал мæ фæллад?
Æмæ, мыййаг, куы нал сыстон мæ рыстæй.
Ныфсы рагъмæ фæхæрд, фæзын мæ фæндаг,
Уæддæр цæуын, уæлахиз нæй æдыхстæй.

Фæллад цæстытæ атар вæййынц хатгай,
Мæ зæнгты нуæрттæ адымсынц, ныддудынц.
Ехх, чи бамбардзæн а бæлццоны катай,
Мæныл, æнхъæлдæн, исчитæ фæхудынц...

Хæрзаг зæгъынц: «Цы рын æй тилы, уастæн,
Лæгъз фæндагыл – æнцондæр цæуæн размæ!»
Нæ, сабийæ цы урс æфцæгмæ кастæн,
Уый хъуамæ фенон м’ амæлæты размæ.

Кæд не схизон мæ бæллицты бæрзæндмæ,
Уæддæр мæм азым ма æрхæссут сомбон.
Нæ хастон æз æнцон фæндаг мæ сæрмæ
Æмæ дзы абон дæр нæ дæн фæсмонгонд.

* * *

Йæ кæрцы къæриды сæ кæрты лæг бадти,
Йæ урс боцъо даудта æнцад.
Уæд, дам, æм уæлхæдзарæй тагъд-тагъд æруади,
Æртхъирæнтæгæнгæ, йæ мад.

Йæ хъустæ йын сивæзта: «Ма дын фæриссой,
Цы бадыс, нæ лæппу, дæ фыдмæ фæкæс!»
Мæ зæрдыл æрбалæууыд уыцы æмбисонд, –
Нæ къæсæрыл абон куы бахызтæн æз.

Цыма мыл æвзæрста мæ мад дæр йæ тыхтæ,
Йæ къухтæй мыл атыхсти кæрты æваст,
Цыма та мыл авдæнбæттæнтæ æртыхта,
Йæ хъæбыс мæм афтæ фæкаст.

* * *

Хæрз саби ма уыдтæн,
Мæ фынты-иу арæх
Æнæбын бæрзондæй сæрсæфæнмæ тахтæн.
Мæ хъæрмæ-иу фехъал
Мæ идæдз ныййарæг.
«Уæд рæзгæ фæкæныс»-иу узæлгæ загъта.
Куы-иу ныддæлгом дæн
Æз сау зæххы буарыл, –
Æввахс мæм æрбацæуын никæйы уагъта.
«Уæд рæзгæ фæкæны,
О ма йæ хъыгдарут,
Уадз, айрæза, – загъта-иу, – слæг мын уа
тагъддæр!»
Хæрз саби ма уыдтæн,
Лæууы ма мæ зæрдыл,
Мæ къæхтыл-иу исчи куы ахызт нæ кæрты, –
Мæ мад-иу хыл кодта:
«Цы хизут йæ сæрты?
Йæ рæзæнтæ ма исут уымæн, æмгæрттæ!»
Æвæдза, æмбал дын куыд нæ и, ныййарæг,
Дунейы зарджытæн – сæ рæсугъддæр зарæг!

*ХЪАУЫРАТЫ Дауыр*

# РАГБОНТЫ АРТÆЙ

*(Нæ чындзыты хистæр Дзиойты-Таутиаты Мæдинæты мысинæгтæ)*

## 1. КАЛМЫ КЪУЫРТТ

Хуыцауæй арфæгонд æвзонджы дуг! Бонвæрнон стъалыйау баззайы уый зæрдæйы цæрæнбонтæм. Ацы Рухс Дуне цыма иууылæй дæуæн конд у... Дæ уындмæ бæлгæйæ, цыма стулы Хурзæрин арвгæронæй. Æмæ уал раздæр мæ райгуырæн хъæу Хохы Санибайы тыххæй: Дзæнæты Бæстæ! Хуры тынтæй – æфсæст. Хæххон уæлдæф. Гъе, æрмæст, арт сугæй æндзæрстам уæды рæстæг. Æмæ та уыцы уалдзыгон бон мах – хистæр кары скъоладзаутæ – балæгæрстам доны фаллаг фарсмæ. Дон кæй раласта, ахæм сугтæ æмбырд кодтам. Афтæмæй, æнæнхъæлæджы, змисыл суыдтам калмы къуыртт цъæх æйчытæ. Цымыдисæй сыл амбырд стæм. Уæдмæ не 'мбæлттæй иу чызджы цъæхахст куыы азæлид: «К-а-а-лм!!!» Фæкастыстæм æмæ – æцæгдæр: сау калм сугты бын фæмидæг и... Мæ удæй мæ хъуыры ницыуал аззад. Цæй сугтæ æмæ ма цæй æндæр! Ныр дон та уæдмæ раивылди. Иннæ фарсмæ нын фæстæмæ æнæ хъаймæтæй рахизæн нал уыд. Æрæгмæ куыы здæхтыстæм, уæд нæм нæхицæй фæдисы рацыдысты. Тыхамæлттæй ма сæмбæлдыстæм нæ къонатыл.

## 2. СОЛÆМАНЫ РУХС

Уыцы азты не 'рвадæлты лæппу – Таутиаты Солæманы рухс æгас Ирыл дæр анхъæвзыди. Хуымæтæджы сæрыстыр дзы уыдыстæм мах дæр – рæзгæ фæлтæр. Мæныл дæр базыртæ базад, æмæ пьесæ куыы ныффыссин... Поэт Тедеты Рюричы загъдау «Цæугæдоны былгæрон мæ фыццаг цъыбар-цъыбур ленкыл нымадтон»... Не 'рвадæлты лæг горæты ахуыргæнæгæй куыста æмæ йæ уымæ уынынмæ куыы бахæссин. Уый йæ бакаст, стæй худы: «Фысджыты цæдисмæ цæуын байдай! Уыдон дын

феххуыс уыдзысты». Æз ын йæ фæдзæхст сæххæст кодтон. Гъе, æмæ мæ кæд фыссæг нæ рауади, уæддæр мæ мæ цæстæй ракæсын кодтой цардмæ. Æмæ сæ цæрæнбонты бузныг уыдзынæн!

## 3. ЗÆХХОН ЗÆДТÆ

Цас æмæ цас дон акалдис Терчы уæдæй ардæм! Фæлæ сæ абоны хуызæн хорзæй мæ зæрдыл дарын ирон фысджыты уæды фæлтæр. Раст, цыма арвæй æрвыст лæгтæ уыдысты! Уыцы хæстарыд азты сæ уды цæхæртæ куыд нæ мынæг кодтой! Ирон дзыллæты зæрдæтæм рухсы тын хастой... Куыд хæлар æмæ цæстуарзонæй кастысты райдайгæ автортæм, уый æз уæд мæхи цæстæй федтон. Æрыгонæй та æмдзæвгæтæ чи нæ фыссы, æмæ-иу æз дæр ацархайдтон. Фыццагдæр сæ равдыстон Гулуты Андреймæ. Мадзура лæг уыдис – уæздан. Йæ хъуыды та – арвæрттывдау!

«Фыссæджы куысты талф-тулф гæнæн нæй... Хиуыл кусын бирæ хъæуы!» – уыдис йæ ныхас.

Иуахæмы та драматургийы секцийы æвзæрстам Ситохаты æрыгон лæппуйы пьесæ. Хацырты Сергей йын дзы тынг раппæлыди. Фæлæ мæм иу хъуыддаг диссаг кæсы: Ситохы-фыртæн пьесæты чиныг дæр ма куы рацыд мыхуырæй, уæддæр ын дзы театры куыд ницы æвæрдтой, уый.

Иухатт та фысджытæн æмбырд уыдис. Фæдзырдтой æрыгæттæм дæр. Мæн дын президиуммæ равзæрстой. Уæды хицауадæй Æгкацаты Валодя дæр – президиумы. Хъайтыхъты Геор та мæ тæккæ фарсмæ бадти. Æмæ дын йæ размæ гæххæттыл цыдæр карикатурæ ныв кæны. Уый фæстæ йæ Дзадтиаты Тотырбег фæрсы:

– Æндæр дæ ницы æндавы, карикатурæ йеддæмæ?

Геор худы:

– Уырны дæ, Тота, далæ залы Куыдзæджы фындзмæ фæкоммæ дæн...

Йе сныв кæнынæн мæ къæрандас не сфаг...

Æдзух дæр-иу уыцы ныкъкъæрццæввонг уыдис Геор. Æмæ та-иу пароди ацъапп ласта. Хуыбецты Рая йын афтæ куы зæгъид:

– Мæныл дæр-ма исты ныффысс!

Геор та, Уырысмæ куыд фæзæгъынц, «За словом в карман не полезет» æмæ афтæ:

О, ис нæм фысджытæ,
Хуыбецон – сæ иу...

Сæ сæрты – лысчъытæ,
Сæ дзыхтæ – хæлиу...

Цалдæр азы фæстæ æнæнхъæлæджы амбæлдтæн Хуыбецоныл. Мæ цардæмбал Георимæ Мæскуымæ ныццыдыстæм. Не 'рвадæлты лæппу Даурик та уым институты ахуыр кодта. Æххæст, зæгъын, уый дæр абæрæг кæнæм, æмæ дын мæнæ Литературон институты кæрты Хуыбецты Рая иу кавказаг бæзæрхыгтæ лæгимæ цæуылдæр зæрдиаг ныхас кæнынц. Æз ыл бацин кодтон ме 'мзæххоныл. Рая аджис-къус кодта:

– Кæцæйдæр дæ зонын, мæ къона, стæй худы. – Мæнæ Расул Гамзатов студентæй мæ уарзон уыдис... Ацы институты ахуыр кодтам. Æмæ ныр нæ фембæлд ардæм æрхастам...

– Совершенно верно! – ныххудтис Гамзатов дæр æмæ Раяйы армытъæпæн æркъуырдта.

Чысыл фалдæр кæрты мелæй хæххытæ кодтой удыкъæртты хуызæн æнахъом лæппу æмæ чызг. Чызгыл – разгæмттæ, лæппуйыл – цухъхъа, йæ астæуыл – чысыл хъама. Раст цыма гастрольты æрцыдысты Кавказæй... Сæ уындæй мæ зæрдæ хурварс абадт. Даурик сын уыцы хуызæнæй сæ къам systа. Æмæ, уый фæстæ нæхимæ Ирыстонмæ куы ссыди, уæд дын къам Фысджыты цæдисмæ куы бахæссид. Сывæллæтты мад Хуыбецоны размæ йæ стъолыл æрæвæрдта: «Мæнæ дын æнæнхъæлæджы хорзæх: дæ хъæбултæ»...

Рая сагъдауæй аззад. Йæ цæссыгтæ фемæхстысты...

## 4. МÆСТАГ ДЫРГЪТÆ

Скъола каст куы фæдæн, уыцы сæрд дыргътæисæгæй алæууыдтæн нæхимæ Санибайы. Суанг мæм хæстæгдæр хъæутæй дæр ластой сæ дыргътæ. Нæ сарайы дзаг асыччытæ æмæ чыргъæдтæй азмæлæн нал уыд. Ныр сæм хъуамæ горæтæй машинæ ласынмæ æрцыдаид. Фæлæ æхсæвы тыхджын къæвда рацыд. Авдæнтæ дæр-ма раласта ивылд дон кæцæйдæр...

Дон – хиды бынты, зæгъгæ, уыцы æмбисонд уæлгоммæ фæфæлдæхт, æмæ Санибайы хид Æрджынарæгæй фæдæле.

Дыргътæ нæ сарайы ранхъызтысты. Адæм сæ фæллой агуырдтой мæнæй, хъуыддаг тæрхондоны смидæг... Æртæ мины мыл рауад фиддон. Уæды 'хцайæ иу-дæс хъуджы аргъ. Цæмæй сæ хъуамæ бафыстаин? Уыцы сагъæсхуызæй Фысджыты цæдисмæ

ærbацыдтæн. Уыдон мын мæ равг бафиппайдтой: ацы чызг, дам, йæ чемы нæй. «Хæдзары уæ бинонтæ дзæбæх сты?»” – скатай Дæбе, дзæнæты бадинаг. Рахабар кодтон мæ сагъæс. Уый фæдзырдта Балаты Темболмæ. Уый, дам, ахæм хабæртты рæвдз у. «Æнæмæт у! – загъта Тембол. – Хъуыддаг мæ бар уадз...» Æмæ – æцæгдæр, ничиуал мæ батыхсын кодта.

Уымæй дзæвгар азтæ рацыд. Советон Цæдисæн йæ хал-йæ бæндæн куы фæхауди, уæд æз куыстон Беслæны хæлцы дуканийы. Æрмæстдæр нæм-иу хатгай фæзынди хойраджы ахсджиаг продукттæ, æндæра тæрхæджытæ галы ‘взагæй сдæрдау афтид уыдысты... Æмæ дын иубон дуканийы къæсæрæй Тембол куы ‘рбахизид. Йæ цæсгом – фæлурс, уыцы рынчынхуызæй... Йæ цардæмбал дæр йемæ. Сæкæрнизæй, дам, ныззаууат дæн... Æмæ, кæд амал ис, уæд мын хус къалбас, нæлхæ æмæ иу карк – алхæнынмæ. Уыдоныл, зæгъын, тыхсгæ ма кæн. Æмбæлдзысты дыл. Хорздзинад дыууæрдæм у... Æмæ йын сæ уый фæстæ бон нæ чызг Светæимæ арвыстон. Æцæг ын ныффæдзæхстон:

– Хъусыс, иунæг сом дæр дзы мацы баком!.. Гъеныр рухсаг уæнт Тембол дæр, стæй уæд мæхи чызг дæр...

## 5. УАРИЙЫ НЫМÆТХУД

Уалæ, дам, Санаты Уарийы ардæм æрласут, бахæс нын кодта иу сæрдыгон бон Хуыбецты Рая. Æмæ мах дæр Хъобанмæ фæраст стæм. Поэт Балаты Тембол дæр немæ. Фысымтæ нæ, чысыл ма бахъæуа, æмæ фырцинæй аныхъуырой... Уарийы хурзæрдæ æфсин кæрты нымæтхуд æууæрста урс къуымбилæй. Ныр фæуагъта йæ ми æмæ махыл цинтыл фæци. Тембол ын балæгъстæ кодта:

– Дæ хорзæхæй, дæ архайд кæронмæ ахæццæ кæн! Æмæ йæ мах дæр фенæм, нымæтхуд куыд райгуыры, уый!

Зæронд ус бакаст йæ коммæ. Уалынмæ ногконд нымæтхуд хъæдын къуыдырыл хурмæ æрсагъта. Тембол ын æм бахæлæг кодта:

– Йæ бонæй уа, Уари, ацы тæвд бонты ахæм нымæтхуд йæ сæрыл чи дардзæни!

Уарийы ус нын кæрты бæласы бын æртæкъахыг фынгыл хъæдын къусыдзаг фых фæткъуытæ æрæвæрдта. Ме ‘мбал чызг дæр æмæ æз дæр æфсæрмытæгæнгæ æвнæлдтам, фæлæ дзы

Тембол хæрынæй нал æфсæсти. Зæронд ус æм æхсызгонæй каст. Уари, иуæй куырм лæг уыдис, иннæмæй цыдæр нæфæразгæ хаста... Уемæ ацæуын, дам, мæ бæргæ фæнды, фæлæ мæ бон не суыдзæни... Æмæ – хатыр! Йæхæдæг архайдта йæхи хъæлдзæгæй æвдисыныл. Стæй нын ратаурæгъ кодта:

– Раст мæнæ ныры хуызæн хорз бон уыдис – амондджын бон. Афтæ нæм Хуыцауы уарзон уазджытæ сæмбæлд – Уастырджийы хуызæн æртæ лæджы. Мæ рагон хæлæрттæ. Далæ быдырæй хæхбæстæм рабалц кодтой кадæггæнæг Дрис Таутиаты, зарæггæнджытæ – Сатцаты Агуыбечыр æмæ Дзиойты Хъауырбег. Цухъхъатæ сыл. Хур дæр сæм кæсынæй нал æфсæсти нæ кæртмæ... Дрисæн йæ хъисын фæндыр йемæ. Бæтæйы фыртты таурæгъыл, дам, кадæг снывæндæм. Æмæ æз таурæгъ кодтон... Дрис æй фæзмыдта хъисфæндырæй, Хъауыр æмæ Агуыбечыр та – заргæ – хъырнгæ! Дыууæ боны ахаста нæ цин, нæ бадт. Афтæ æрдхæрæны кадджытæ гуырыдысты æмæ сæ цæрæнбонты кодта Дрис хъисын фæндырæй...

Уарийы таурæгътæ нын æхсызгондзинад лæвæрдтой. Тембол сæ хæлофæй йæ блокноты фыста. Стæй, нæ фысымтæй куы здæхтыстæм, уæд нын Уарийы хурзæрдæ æфсин немæ батыхта хуын: фых фæткъуытæ – адон та, дам, Хуыбецонæн. Мæнæ урс нымæтхуд та – Темболæн. Æз, дам, Уарийæн æндæр нымæтхуд скæндзынæн тæккæ райсом...

Темболыл фырцинæй базыртæ базад æмæ йын арфæйы ныхæстæ нал фаг кодтой...

Уари нæ фæдыл æнкъард мидбылты худгæйæ касти...

## 6. ЛÆДЗÆГДЖЫН УАЗÆГ

Уыцы азты заманхъуйлаг лæппу сыздæхт Мæскуыйæ æфсæнвæндаджы техникумæй. Æмæ йæ кусынмæ æрвыстой Дагестанмæ. Не 'рвадæлты лæг та йæ хорз лымæн уыд, æмæ нæ уый базонгæ кодта. Афтæмæй лæппу ууыл ныллæууыд: кæнæ – ды, кæнæ – ничи! Æнæ дæуæй кусынмæ дæр нал цæуын Дагестанмæ. Уæд иубон кæсын æмæ дын уынджы иу зæронд лæг ссæуы – лæдзæгджын уазæг. Йæ халас боцъотæ йæ риумæ хæццæ кодтой. Нæ дуармæ æрлæууыди. Махæн нæхимæ дæр стыр фыййау куыдз уыд, йæ рæйынмæ ма сыхы куыйтæ дæр æрхъула сты зæронд лæгыл. Æмæ старстæн, зæгъын, ныртæккæ йын

йæ цухъхъа арæдувдзысты… Фæлæ зæронд лæг, цыма куыдзы æвзагæй зыдта, цыдæртæ сæм сдзырдта… æмæ уыдон фæхъус сты… «Гъе, гъе, куыдз, дам, зæрдæ зоны» – бахудтис лæг. Рацæй-рабон, æмæ лæг кæддæр фыййау уыди. Фыййау куыдз та фыййауы æдзух дæр æмбары… Зæронд лæг цæугæ та махмæ Санибамæ скодта Заманхъулæй. Нæ фыд æм хæдзарæй рацыд æмæ йыл хур ракасти: мæнæ, дам, нæм Хуыцау цы зынаргъ уазæджы æрбахаста. Райсомы та æппæлыд не 'рвадæлтæн: ахæм, дам-ма дзы дзыхарæхст уа! Æгас бинонтæй нæ басаста йæ ныхасæй. Ме 'фсымæры сидзæр лæппуйæн, дам, йæ амонд уæ къухы ис… Æмæ Хуыцауы зæрдæхудты ма бацæут! Нæ бахæстæгдзинадæн фæндаг айгæрстам хохæй быдырмæ…

Уый фæстæ къуыри æрбацыдтæн Фысджыты цæдисмæ. Уыдон мын арфæтæ кæныныл фесты:

– Ды кæй къæсæрæй бахиздзынæ – йæ бонæй уа!

– Зæгъын, уыцы къæсæртæ Заманхъулы сты… Сымах дæр æй зонут… Гагуыдз – йæ ном…

– Æмæ æнгуылдзы йас лæгмæ цы бахæлæг кодтай? Мæнæ æз уæйыг куы дæн, – йæ риу хойы Тембол.

Æмæ, зæгъын, аргъæуттæ нæ фæкæсыс? Уылынджы йас лæг уæйыгыл куыд фæтых и…

Фысджытæ иууылдæр ныххудтысты.

## 7. АРÆГГАГ ÆХЦА

Мæ цардæмбал Гагуыдз, ахуыр куы фæци машинистыл, уæд æй кусынмæ арвыстой Дагестанмæ. Æз дæр мæ тæккæ ног чындзæй – йемæ. Æмæ ныл хæсты фæстæйы уæззау азты уæз иумæ æрæнцад. Æфсæнвæндаджы вагзалмæ хæстæг нын æмдзæрæны иу зæронд къуым радтой. Æмæ йæ зымæгон хъарм кодтам комытæфæй… Æхсæвæй уа, бонæй – поезды гыбар-гыбур арыдта хъустæ. Гагуыдз уæззау паровоз скъæрдта Цæгат Кавказы æфсæнвæндæгтыл. Стæй-иу ауæдзы галау, фæлладæй æрбаздæхт нæ фатеры къуыммæ. Цы капеччытæ-иу райста йæ негры куыстæн, уыдон нын æрмæст цай æмæ дзулыфаг кодтой…

Уæддæр дзы хæлардзинадæн æмбал куыд нæй! Хорз сыхæгты фарсмæ цъиуы ахстоны дæр фæцæрдзынæ… Хъуымыхъхъаг комендант нын зæронд цайдан радта. Иннæтæй нын чи – тас, чи – хъуывгъан, чи та – фæтæгены цырагъ. Афтæмæйты-уфтæмæйты

бахæдзархуыз стæм. Гагуыдз худæгæй мард: æгæр, дам, схъæздыг стæм æмæ тæрсын, нæ фыд Бабеджы хуызæн нæ кулак куы скæной, уымæй. Гъе, æрмæст мæ фæтæген æлхæнынмæ дардмæ цæуын хъуыди.

Иухатт та рады лæууын. Мæ иу къухы – сывæллон, иннæйы – литруат ботъыла. Фæтæген мæ нал фæцис... Уæйгæнæг мæм загъд кодта: ды та, дам, рады цæмæн лæууыдтæ æд сывæллон? Афтидæй здæхтæн æмæ сагъæстыл фæдæн... Ныр паровоз æрхæстæг, уасы мæм – фæдис кæны. Машинист мæ загъды бын фæкодта:

– Дæ цард дæ нал хъæуы, гъа, фæлæ сывæллоны та бæллæхы цæмæн æппарыс? Ноджы-ма мæн дæр уый æдде...

– Хатыр дзы курын. Мах лæг дæр, зæгъын, ам паровозыл кусы...

– Æмæ чи у?

– Гагуыдз...

– Æмæ уый мæ цæдисон æмбал куы у... Мæ рахиз conджы хуызæн...

Стæй мыл иу авайраг ус амбæлд. Мæ цонгыл мын ныххæцыди, ахуыдта мæ сæхимæ. Мæ авг мын фæтæгенæй байдзаг кодта. Сывæллоны къухы та радта хурматæ.

Уый фæстæ фæрынчын дæн. Гагуыдз мæм рынчындонмæ æрбацыди. Хызынæй систа йæ хуынтæ. Æз бадис кодтон:

– Цæмæй балхæдтай адон æппæт? Иу сом куы нæ ис нæ рæбыны...

– Къанауы сæрты куыд æрбацæйхызтæн, афтæ фондз æмæ ссæдз сомы ссардтон... Хуыцаумæ хорздзинæдтæ – бирæ. Ныр дзы туманæй дæумæ – рынчынфæрсæг.

– Æмæ знон та уыцы æрхуым цæмæн уыдтæ? Дæхимæ цы хъуыстай?..

– Дæ фарсмæ рынчынтæй æфсæрмы кодтон. Афтидармæй уæм æрбацыдтæн æмæ... Ноджы ма Заманхъулæй райстон фыстæг... Мæ фыдыхо Баликкайæ. Пецамайæггаг, дам мын, æхца рарвит. Ныр дзы туман та – уымæн æмæ æхсызгон улæфт скодта.

– Æмæ, уыцы æхца кæмæй ахаудис, уый та? Тæригъæд нæу?..

– Омæ æгас Дагестаныл куыд хъæр кодтаин, æхца уæ кæмæй ахауд, зæгъгæ.

## 8. КАРТОФЫ ЦИПЫХТÆ

Гагуыдзимæ цалдæр боны æмгъуыдмæ æрбацыдыстæм Дагестанæй. Фыссæг Хъазбегты Хъазбегимæ нæ хъуыддаджы ныхас уыди æмæ йæм сæхимæ бацыдыстæм. Йе 'фсин картæфтæ æхсæста. Картæфтæ та ахæм лыстæджытæ, æмæ стыгъдæй цъиуы айчы йæстæ йеддæмæ нал уыдысты... Мæхимидæг мæ зæрдæ бамæгуыр и: фыссæджы ус æмæ ахæм ципых картæфтæ стигъæд... Мæ цæсты уыйбæрц бæрзонд æвæрд уыдысты фыссджытæ, æмæ сын хорз цæрын æнхъæл уыдтæн... Рацæй-рабон: уыдон зæрдæйæ вæййынц хъæздыг, мулкæй хъæздыг та – æндæр чидæртæ...

## ФИППАИНАДЖЫ БÆСТЫ

Нæ чындз Мæдинæты ацы ныхæстæм мæ зæрдыл æрлæууыди рагбонтæй иу ахæм ныв: поэт Хъодзаты Æхсаримæ сæхимæ бацыдыстæм сихорафон. Æфсин хæдзары нæ разынд, æмæ лæг йæхæдæг февнæлдта: нæхи, дам, истæмæйты хорз фенæм. Æрæвæрдта фынгыл хъæдурæй дзаг тæбæгътæ. Æмæ та адджынæн схуыпп кæны. Нæ разы пъолыл хъазыд, къахыл дзæбæх чи нæма ауад, ахæм саби. Йæ цуры – æхсырæй дзаг чысыл æвгтæ. Сæ кæрæттыл – сывæдæгтæ. Æмæ та дзы сывæллон куы иу сдары йæ былтыл, куы – иннæйы. Æмæ та ныххуды. Ома, кæсут: æз куыд æмми кæнын... Сымах дæр мæн бафæзмут!.. Æз дæр, архайын фысымты зæрдæхудт нæ райсыныл. Мæхинымæр та хъуыды кæнын: фыссæг, æмæ хъæдурæй хъæрмхуыпп куыд адджынæн хæры!

Ныр мæ ме сæфты базыртæ хъæуæй сахармæ куы рахастой, уæд ма бæргæ æрымысын хъæдур... Уæййаг – бирæ! Фæлæ – цахæм? Фарон кæнæ æндæразы тыллæг... Рæмпæгхæрд... Къостайы сидзæргæс ус цуайнаджы цы дуртæ фыхта хъæдуры 'фсон, йæ гага раст уымæй дойнагдæр дур – хъæдур!..

# НОГ НÆМТТÆ



*Нæ адæм сæ мадæлон æвзагыл кæй сыстырзæрдæ сты, ирон скъолатæ кæй нæй, уый аххосæй нæ литературæ дæр бахауди уæззау уавæры. Номдзыд уырыссаг дохтыр, æрдз иртасæг æмæ педагог Н. Пирогов афтæ загъта: «Пока изучение родного языка в семье и школе не будет поставлено на должный уровень, вводить для ребенка изучение чужого языка – неразумно». Зонджын фыдæлты ныхæстæ кæй ницæмæ дарæм, уый аххосæй нын не 'нтысы не 'взаг мæлæты фæндагæй раздахын.*

*Нæ литературæмæ ног фæлтæр нал цæуы. Уый нæ стыр катайы баппæрста æмæ зилын райдыдтам республикæйы скъолатыл: кæд ахуыргæнинæгты 'хсæн разынид, сфæлдыстадон куыстмæ йе 'ргом чи здахы, ахæмтæ. Дзæуджыхъæуы æмæ Горæтгæрон районы скъолатæй уал бабæрæг кодтам иу ссæдзы бæрц, фембæлдыстæм директортимæ, ирон литературæйы ахуыргæнджытимæ, цыдыстæм урoктæм, ноджы уыдыстæм, горæты æмæ республикæйы скъоладзаутæн уацмыстæ аив дзурынæй цы конкурстæ уыд, уым. Конкурсы уæлахиздзаутæй иу – Аслæмырзаты Дзерассæ, Дзæуджыхъæуы 46-æм скъолайы 11-æм къласы ахуырдзау (нырказт фæци скъола). Йе 'мдзæвгæты ис зæрдæбын сагъæстæ, аив, оригиналон фæлгонцтæ. Зæгъæм:*

*Мæлæтмæ дæр дæ фæстæ*
*Фæцæуздзынæн æмраст.*

*Фæцæуздзынæн. Мæ риуы*
*Гуыпп-гуыпп кæндзæн дæ ном.*

*Мæ фæллад риуы ниуын*
*Нæ разындзæн æргом.*

*Дзерассæ йæ фыццаг æмдзæвгæ ныффыста, 2002 азы Хъолхъайы цъити куы ракалд, уæд – цыдис ыл авд азы. «Уæдæй фæстæмæ мæ музæ уæгъд нал уагъта, – зæгъы Дзерассæ. – Æнæ æмдзæвгæтæй цыма цæргæ дæр нæ кодтон, афтæ мæм фæкæсы ныртæккæ».*

*Карсанты Еленæ дæр нырма æрыгон у. Кусы ЦИПУ-йы фæсарæйнаг æвзæгты кафедрæйы, у доцент, филологон наукæты кандидат. Раппæлинаг хъуыддаг у, Еленæ ирон æвзагмæ комкоммæ англисагæй кæй тæлмац кæны, уый. Шекспиры 130-æм сонеты тæлмац у йæ фыццаг фæлварæнтæй иу.*

*Рæствæндаг ут, Дзерассæ æмæ Еленæ! Нæ зæрдæ уын зæгъы: музæ уæ уæгъд ма уадзæд уæ царды фæндæгтыл, уе 'мдзу кæнæд алкæддæр!*

***Хъодзаты Æхсар***

*АСЛÆМЫРЗАТЫ Дзерассæ*

# ÆНХЪÆЛМÆ ДÆМ КÆСДЗЫНÆН

## ÆЗ ÆМÆ ДЫ

**Æз æнæ дæуæй нæ дæн,**
**Ды æнæ мæнæй нæ дæ.**
**Уарзт æрбацыди фæлмæн**
**Раджы заманы, кæддæр.**

**Уды рыст ныхъхъус, фæци,**
**Уарзтæй разылди нæ сæр.**
**Махау амондджын кæм и?**
**Махæй чи уарзы фылдæр?**

Хур ӕрбахаста дӕ худт,
Хурау райдзаст ӕмӕ хъарм.
Ды мӕ амонд дӕ, мӕ уд,
Ды мӕ зæрдæ дæ, мæ фарн.

Хъавгæ къахдзæфтæй, фæлмæн
Рæстæг рацыди, уæддæр
Æз æнæ дæуæй нæ дæн,
Ды æнæ мæнæй нæ дæ.

## ÆНХЪÆЛМÆ ДÆМ КÆСДЗЫНÆН

Æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн,
Мæ удлæууæн, мæ бон.
Æндæрты дæ уындзынæн.
Мæ риуы нæй фæсмон.

Мæ риуы нæй фæсмæттæ,
Мæ зæрдæйы нæй маст.
Мæлæтмæ дæр дæ фæстæ
Фæцæудзынæн æмраст.

Фæцæудзынæн. Мæ риуы
Гуыпп-гуыпп кæндзæн дæ ном.
Мæ фæллад уды ниуын
Нæ разындзæн æргом.

Æрмæст дæумæ тырндзынæн,
Нæ уыдзæн фæндаг рог.
Æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн
Фæстаг сулæфты онг.

## ЗОНЫС?

Мæ цард æнæ дæу – ницы,
Мæ хъуыдытæ – дæуыл.
Мæ зæрдæ, зоныс, риссы,
Нæ рæстæг та цæуы.

Мæ бон, мæ райсом, ме 'хсæв –
Дæуæн, æрмæст дæуæн.
Мæ цардæй макуы фесæф,
Ды макуы ныууадз мæн.

Ды зоныс, æз куыд уарзын,
Куыд кувын æз дæуæн,
Дæу йеддæмæ дæ разы
Кæй ничи хъæуы мæн.

## ИРОН ЧЫЗДЖЫТÆН

Æз хъусын, – хъал æмæ сæрыстыр, –
Нæ буц чызджытæ дзурынц.
Мæ зæрдæ уыдоныл фæрысти,
Мæ уд мын арты судзынц.

Ныхас кæнынц рæсугъд хъæлæсæй
Æддæрæгон æвзагыл.
Сæ цæст æндæр зæххыл фæлгæсы,
Æндæрыл ысты ахуыр.

Чызджытæ ферох кодтой намыс,
Сæ сæрызонд фæдзæгъæл.
Чызджытæ раластой сæ дарæс,
Сæ цард ысси æдзæлгъæд.

Чызджыты нал хъæуынц æгъдæуттæ,
Æмгæрон сæ нæ уадзынц. –
Æнкъард ныуулæфынц фыдæлтæ,
Сæ ингæнты дзыназынц.



*КАРСАНТЫ Еленæ*

## ШЕКСПИРÆЙ

*(130-æм сонет)*

**Йæ цæстыты йын не ссардзынæ стъалы,**
**Йæ былтæ йын нæ рахонис коралл,**
**Йæ хъуыр тæмæнтæ, урс митау, нæ калы,**
**Йæ дзыккутæй дæр никуы вæййы хъал.**

**Дамаскаг уарди... Уый хæрздæф, йæ бакаст**
**Æмбисонд ысты: улæф æмæ кæс.**
**Нæхионæн йæ уынд æмæ йæ ахаст**
**Æндæр ысты. Куыд сæ хонон æнгæс?**

**Йæ ныхасмæ йын цингæнгæ фæхъусын,**
**Зæгъон æргом: йæ хъæлæс нæу зæрин;**
**Йæ фезмæлд дæр уæззаугомау – нæ усæн,**
**Сæгуытау рог нæ фæхæссы йæ син.**

**Фæлæ нæу цауддæр чызджытæй уæддæр,**
**Кæмæй феппæлынц алы хатт æгæр.**

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Нæ равдысты –*
***Дзиуаты Земфирæйы** куыстытæ.*

*Земфирæ каст фæци нывгæнынады училищæ æмæ ЦИПУ-йы нывгæнынад æмæ графикæйы факультет. У Уæрæсейы нывгæнджыты Цæдисы уæнг. Кусы сывæллæтты журнал «Ногдзау»-ы. Фæлгонц кæны нæ фысджыты чингуытæ, фæлæ йæ сæйраг куыстыл нымайы куклатæ кæнын. Уыцы хъуыддагыл фæцалх хæрз сабийæ. Йе сфæлдыстадон фантази кæуылты æххæссы, цы биноныг куыст кæны, уымæн æвдисæн – ацы равдыст.*

*Ирон чындз.*





*Кæсгон чызг.*



*Ӕрвхуыз изæр.*



*Уары мит.*



*Фæззæг*



*Зымæг.*

*Нана лæвæрттимæ.*





*Уазæг – Хуыцауы уазæг!*

*Хуындзау.*





*Базары.*

*Зымæгон фантази.*





*Хъæды æхсин.*



*Ӕрвхуыз маргъ.*



*Хъӕд.*

*Хъызмыдæ хъыбылимæ.*





*Насимæ.*



*Нана æмæ гино.*



*Нард уарай!*



*Фæндырдзæгъдæг.*



*Трио.*

# ИРОН
# ПРОЗӔЙЫ
# АНТОЛОГИ

# КОЦОЙТЫ АРСЕН

*(1872–1944)*

*Ирон профессионалон прозæйы бындурæвæрæг Коцойты Бибойы (Барисы) фырт Арсен райгуырди Джызæлы 1872 азы 16 январы.*

*Царды хæраймаг хъулон митæ хæрз сабийæ фæстæмæ ‘взæрста, фæлæ йæ хорз адæмимæ фембæлды амонд дæр уыд: се ‘рвадæлты лæппу Дæдзойы фæрцы ссис Æрыдоны дины семинары ахуырдзау. Ам йе ‘ргом аздæхта сфæлдыстадмæ дæр – фыста æмдзæвгæтæ.*

*Арæх рынчынтæгæнаг уыд æмæ йæ йæ ахуыр ныууадзын бахъуыд. Æмæ цыма исты азымджын у, уыйау æм иууылдæр сфыдæх сты – бирæ азты фæстæ Арсен мысыди: «Зындон мын фестадысты нæ хæдзар, нæ сыхбæстæ, нæ хъæу».*

*Ирвæзæнхос ын басгуыхти сфæлдыстад. 1895 азæй фæстæмæ йæ уацтæ ‘рвыста газеттæм – уæдмæ иттæг хорз базыдта уырыссаг æвзаг. Уалынджы йæ ныфс бахаста суанг роман ныффыссынмæ дæр – «Фыдæлты æгъдæутты нывæндтæ». Байаты Гаппо йын æй сфæлдыстадон æнтыстыл банымадта, фæлæ «Раугъдады æхсæнад»-мæ æхцайы фæрæзтæ нæ разынд йæ ныммыхуыр кæнынæн. Æмæ фæстæдæр романы къухфыст фесæфт. Раст ахæм рауад йæ хъысмæт, уырыссагау цы уацау ныффыста, уымæн дæр – хуынди «Кто виноват?»*

*Литературон фæллойæ цæрæн нæ уыд, æмæ Коцойы-фырт бар-æнæбары кусын райдыдта ахуыргæнæгæй алы хъæуты: Хъæдгæроны, Дæргъæвсы, Уыналы... Фæлæ йæ ахуырдзауты динырдæм кæй нæ амидин кодта, уый тыххæй йæ йæ куыстæй арвыстой.*

*Арсен XX æнусы райдайæны цардагур афтыд Хуссар Ирыстонмæ, æмæ ам йæ амонд ацыд: Чысангомы ирон скъолайы разынд ахуыргæнæджы бынат. Уыцы бонты ныффыста радзырд «Цуанонтæ».*

*1905 азы нæ фидæны классик ацыд Петербургмæ. Ам йæ уацтæ æмæ радзырдтæ цыдысты газеттæ æмæ журналты, уый руаджы цардамæлттæ кодта. Стæй ацыди Калакмæ, уадзын райдыдта ирон журнал «Æфсир». Æмæ та ногæй Петербурджы балæууыд – корректорæй куыста газеты, чингуыты рауагъдадты.*

*1912 азы сси газет «Правда»-йы корректор, чысыл уацтæй уæлæмæ дзы ныммыхуыр кодта радзырдтæ «Охотники» æмæ «Друзья».*

*Арсены уацмысты фыццаг æмбырдгонд мыхуыры фæзындис 1924 азы. Уæдæй нырмæ йын дзæвгар чингуытæ рацыд Дзæуджыхъæуы, Цхинвалы æмæ Мæскуыйы. 1971–1972 азты чиныгуадзæн «Ир» рауагъта фыссæджы сфæлдыстадон бынтæ дыууæ томæй. Мыхуырмæ сæ бацæттæ кодта Джыккайты Шамил.*

*Ис фыссæджы æхсар, ныфс, лæгдзинад. Цæстуарзон хайджын сæ уыди Коцойты Арсен. Уымæн уæлдай ирддæр æвдисæн сты, антологимæ йын цы уацмыстæ хæссæм, уыдон. Цы замана рæстæджы сæ рауагъта мыхуыры, зæрдылдаринаг у уый...*

*Не ‘нусон трагеди та уый у, æмæ уæззау зонд æмæ фыдæлтыккон фидар æфсармы хицæуттæм хъусæг кæй не стæм.*

*Ома Коцойты Арсены хуызæттæм.*

*КОЦОЙТЫ Арсен*

# ЦЫ ‘РЦЫДИ ФÆЗЫХЪÆУЫ ÆМБИСÆХСÆВ

*Радзырд*

## I

Уыди райдзаст сæрдыгон райсом.

Леуан бадти кæрты дуары раз æмæ, æвдæлон уæвгæйæ хæрынкъайæ къæцæлтæ амадта.

Леуан царди Пыхсджынæн йæ тæккæ кæрон. Уый хæдзарæй æддæмæ уыди сæрвæт, сæрвæты æддейы та зындысты цъитиджын хæхтæ.

Амайы Леуан къæцæлтæ, алырдæм дæр акæсы.

Æвиппайды къæцæл æмæ кард кæрæдзийæ фæхицæн сты æмæ афтæмæй аззадысты. Дæлæ Фæзыхъæуы ‘рдыгæй къахвæндагыл дыууæ чысыл лæппуйы ссæуы.

– Чи уой, цымæ? – дис кæны Леуан. Ныккасти æдзынæг æмæ сæ базыдта. Уыдон сты йæ хæлар Габойы фырттæ, 10-азыккон Сандро æмæ 8-азыккон Андро.

Дыууæйæн дæр æмдзуарджын уыди Леуан. Цал хатты уыди сæ хæдзары, цал хатты уыдысты ацы сабитæ йæ хæдзары, куыннæ сæ базыдтаид!

Дæлæ схæццæ кæнынц.

Цы тарстхуыз сты! Цы тагъд цæуынц! Мацы зиан æрцæуæд Габойы хæдзарыл!

Мæнæ схæццæ сты. Уæззау улæфынц. Æрлæууыдысты Леуаны раз.

– Кæм уыдыстут, мæ хуры гыццылтæ, афтæ раджы? – фæрсы Леуан.

Сабитæ лæууынц. Дзуапп раттын нæ фæразынц.

Леуан банхъæлмæ касти, цалынмæ уыдон æрулæфой, стæй та фæрсы:

– Дзæбæх сты Габо æмæ Тамарæ? Истæмæ уæ сæрвыстой, æвæццæгæн.

Сандро æнцад лæууы, ницы дзуры.

Уæд кæстæр лæппу Андро базмæлыди йæ бынаты æмæ сдзырдта:

– Габо æмæ Тамарæ нæ марынмæ хъавынц. Æхсæвыгон дзырдтой уый тыххæй.

– Цытæ дзурыс уый, лæппу? – мидбылты бахудгæйæ сдзырдта Леуан.

Сандромæ фыццаг зын касти йæ фыдыл æвзæрдзинад дзурын æмæ уымæн къуылымпы кодта дзурынмæ. Фæлæ ныр, Леуаны ныхас фехъусгæйæ, хъæбæр загъта:

– Афтæ у, афтæ. Андро раст зæгъы. Абон сын бонырдæм фехъуыстам сæ ныхас. Тамарæ дзырдта Габойæн:

– Куы æрæхсæв уа, уæд сæ амар æмæ бафснай!

Леуан, ацы дзырдтæм хъусгæйæ, адзæгъæлдзаст ис. Къæцæл аппæрста, æрмæст ма хæрынкъа ратух-батух кодта. Уый зыдта, куыд цъаммар разынди Тамарæ, куыд нæ уарзы йæ мойы сывæллæтты. Ахæм адæймаг исты фыдмийæ нæ бацауæрддзæн.

Сандро дзырдта дарддæр:

– Тамарæ нæ хæдзармæ куы ‘рцыди, уæдæй фæстæмæ нæ æдзух нæмы, къухæй дæр, къахæй дæр. Нæ цурты, æнæ фесхойгæйæ, цæуын нæ зоны. Хæринагæн нын дæтты уæлдæйттæ, уыдон дæр нын зæхмæ аппары. Габо та йæм, уыдæттæ уынгæ, дзургæ нæ кæны.

Ацы ран Сандро скуыдта. Йæ фæдыл Андро дæр сниудта, цæссыгтæ анхъæвзтой йæ цæсгомыл.

Леуан æмбæрста сабиты мæт. Уый хорз зыдта, сæ фыды хæдзар сын зындон кæй фестади. Фæлæ хъуыддаг сывæллætты марыныл банцайдзæн, ахæм хъуыды йæм никæд æрцыдаид, ныр дæр æй нæ уырны.

Рæвдауы Леуан сабиты æмæ дзуры:

– Ма тæрсут, ма тæрсут! Уыдон, æвæццæгæн, хъазгæйæ афтæ дзырдтой... Цæут, мæ хуртæ, цæут фæстæмæ, мацæмæй тæрсут!

Леуан радта сабитæн фæткъуытæ æмæ кæрдотæ æмæ сæ рæвдауæн ныхæстимæ арвыста.

Арвыста сæ, фæлæ бон-изæрмæ уыдон тыххæй хъуыдытæ йæ сæрæй нал хицæн кодтой. Æцæг амарынæй сын нæ тарсти – уымæ куыд æрхаудзæн Габо – фæлæ фыдран кæй сты, ууыл хъынцъым кодта Леуан.

## II

Царди Фæзыхъæуы иу чызг – Тамарæ. Йæ ас рæстæмбис, нарæгастæу. Æрфгуытæ дыууæ сау калмау æртыхстысты йæ худгæ цæстытыл. Тамарæ иу рæстæджы царди Калачы, йе 'фсымæры бинонтимæ. Уым базыдта фыссын æмæ кæсын, базыдта сахайраг чызджытау дарæс дарын æмæ химæ зилын пудрæйæ æмæ ахорæнтæй. Йе 'фсымæр куы амарди, уæд бацыди фæстæмæ йæ фыды хæдзармæ.

Рæсугъд нæ уыди Тамарæ, йæ тæссармæ дæндæгтæ ма йæ фыдуынд дæр кодтой, уæддæр æм иннæ чызджытæ хæлæггæнгæйæ кастысты, лæппутæ та йæ бæллыны цæстæй цух нæ уагътой. Тамарæ чызджытæм бæрзонд цæстæй касти, лæппутæй та хынджылæг кодта. Уарзон цæстæнгас æмæ мидбылты худтæйиу ссæра кодта лæппуйы, стæй-иу æй зонгæ дæр нал кодта.

Афтæ фæкомкоммæ ис Тамарæ Пугаты Габомæ дæр æмæ йæ сæрра кодта. Габо – уынидджын, хæрзконд лæппу – йæхи зæрдæмæ дæр цыди. Чи зоны, куы йæ курид, уæд ын комгæ дæр бакæнид. Уый Бакуйы куыста, æхца æрæмбырд кодта æмæ æгас Фæзыхъæуы уымæй дзæбæхдæр ничи цæры.

Афтæ лæппу дæр нал уыди Габо, 30-азыккон, ус ын ис дыууæ сывæллонимæ. Фæлæ Тамарæйы куы ауыны, уæд æй йæ ус дæр ферох вæййы, сывæллæттæ дæр.

Уалынмæ диссаджы хабæрттæ хъуысын байдыдтой стыр Уæрæсейы 'рдыгæй. Паддзах ратылди йæ кады бандонæй, кæмдæр, Сыбыры цъыфдзасты, æмбийынц йе стджытæ. Фæзындысты большевиктæ, уыдон фæсырдтой æлдæртты, кънйæзты æмæ алы мыггаг мулкджынты. Большевиктæ асастой сылгоймаджы рæхыстæ, ссæрибар æй кодтой, абонæй фæстæмæ нæлгоймагæн цы бартæ уа, сылгоймагæн дæр уыцы бартæ уыдзæн.

Ахæм диссæгтæ хъуысти Уæрæсейы 'рдыгæй.

Фæлæ мæнæ æрбахæццæ сты большевиктæ Фæскавказмæ дæр. Мæнæ фæзындысты женотделтæ, мæнæ агурынц, делегаткæтæн чи сбæзза, ахæм сылгоймæгты. Тамарæмæ дзырд лæвæрд никæцæй ма уыди, афтæмæй йæхæдæг райдыдта амонын чызджытæн æмæ лæппутæн ног царды æгъдæуттæ, куыд сæ æмбæрста, афтæ.

Иу хатт Чъребайæ сæфтыди Фæзыхъæумæ иу партион.

Уыцы партион иттæг дæсны разынди чиныджы. Цы нæ зыдта – Маркс уæд, Энгельс уæд, социализм, коммунизм, муниципализаци, национализаци æмæ ноджыдæр бирæ ахæм цыдæртæ. Сылгоймаджы барты тыххæй дæр бирæ фæдзырдта.

Чи зоны, цытæ фæдзырдта уыцы коммунист Тамарæйæн, фæлæ дыккаг бон Тамарæ ацыди Цхинвалмæ. Куы ссыди фондз боны фæстæ, уæд хуыдта йæхи – комсомолкæ æмæ делегаткæ. Йæ хуыз афтæ фендæр ис, æмæ йæ зонгæ дæр æвиппайды ничиуал бакодта. Йæ сæрыл уыди кепкæ, кæцыйæн йæ бырынкъ размæ ацыди хорз дисныйы бæрц. Кепкæйы бынæй пыхцылгондæй зындысты дзыккутæ. Юбкæ хæццæ кодта æрмæст уæрджытæм, цъындатæ та фатхъулты онг. Юбкæйæ цъындаты æхсæн зындысты бæгънæгæй рæсугъд, урс-урсид зæнгтæ. Цы лæппуиу фæкомкоммæ ис уыцы урс зæнгтæм, уый-иу бауадзыгмæ бирæ нал хъуыди.

Коммунист ма Фæзыхъæуы куы уыди, уæд дæр æвзæрста Тамарæ папирос дымыныл, фæлæ хорз нæ арæхсти, æмæ йыл нæ фидыдта, фæлæ ныр никæцы нæлгоймаг сарæхстаид афтæ рæсугъд йæ къухты папирос дарын. Куы-иу спъæртт кодта папирос, уæд-иу фæздæджы цæгтæ ленк кодтой уæлæмæ кæрæдзи фæдыл. Иуæй-иу хатт та-иу Тамарæ йæ былтæ амыр кодта, æмæ-иу уæд фæздæг фындзы хуынчъытæй кæлын байдыдта. Рæсугъд дымдта Тамарæ тамако, тынг рæсугъд. Лæппутæ-иу æм кæсынтыл фесты.

Тамарæ зæрдиагæй райдыдта кусын сылгоймæгты æхсæн. Амыдта сын, адæм сæрибар кæй систы, сылгоймагæн йæ бартæ нæлгоймаджы барты æмбæрц кæй систы. Хъуамæ сылгоймаг дæр, æнæ искæй фæрсгæйæ, цæуа, кæдæм æй фæнда, уырдæм. Хъуамæ йын бар уа, кæй уарза, ахæм лæгимæ цæрын. Лæгтæ сахуыр сты сылгоймаджы фосыл нымайын, æфхæрдтой, надтой йæ, æмæ-иу уый фосау фæстæмæ ницы дзырдта. Æз та уын зæгъын: æппындæр сæ коммæ ма кæсут! Æфхæрд кæуыл цæуа, уый хицауадæн хъусын кæнæд. Цæут, кæдæм уæ фæнды, уырдæм, цæрут, цы нæлгоймæгтæ тынгдæр уæ зæрдæмæ цæуынц, уыдонимæ! Ныронг уыдон æвзæрстой, ныр та хъуамæ мах æвзарæм!

Афтæ æмæ ноджыдæр бирæ ахæм цыдæртæ амыдта Тамарæ Фæзыхъæуы сылгоймæгтæн.

Тынг зæрдиагæй кусын байдыдта Тамарæ. Фæлæ устытæй

бирæтæ йæ ныхæстæм нæ хъуыстой, æмбырдтæм нæ цыдысты. Бирæтæ та йыл худгæ дæр кодтой. Лæгтæ та, тынгдæр зæрæдтæ, знаджы цæстæй кастысты Тамарæмæ.

Йæхи фыд дæр ын знаг фестади. Иу хатт баздæхти Тамарæмæ:

– Цæй тамако дымд дын у уый? Исты нæлгоймаг дæ? Ныууадз де 'взæр митæ, дæ цъаммардзинæдтæ. Мауал ралли-балли кæн, æппын хæдзар куы нал агурыс! Мæнæ дæ мад кусынæн нал у æмæ йын иу цъус æххуыс кæн!

Фыд уыцы ныхæстæ куы кодта, уæд Тамарæ йæ тæккæ хæргæйæ уыди. Уый афтæ смæсты ис йæ фыды ныхæстæм æмæ æууылд хæринаг, ныхъуырыны бæсты, æддæмæ ракалдта.

Галиу къух сины фæсагъта, рахиз къух та Цхинвалы 'рдæм адаргъ кодта æмæ загъта:

– Ацы хатт дын хатыр уæд, баба, фæлæ ма дæ искуы ахæм ныхæстæ куы фехъусон, уæд дæ дæлæ Цхинвалы ахæстоны атъысдзынæн. Сæрибары рæстæг кæй æрцыди, уый дæм нæма бахъардта, æнхъæлдæн!

Уымæй фæстæмæ фыд иу зул ныхас дæр никуыуал скодта йæ чызгмæ.

Иннæ зæрæдтимæ дзургæйæ-иу Тамарæйы фыд ныхæстæй йæ мæт суагъта, æлгъыста-иу цъаммар фæсивæды.

– Хæрз сæфт фесты нæ фæсивæд! – дзырдтой-иу иннæ зæрæдтæ дæр.

Хъæубæсты бирæты зæрдæмæ нæ цыдысты Тамарæйы митæ. Фæлæ Пугаты Габойæн хъауджыдæр нæ уыди. Уый зæрдæбынæй бауарзта Тамарæйы, æмæ йæ цард уыимæ куы нæ сбæтта, уæд æй фæлтау нæ хъæуы ахæм цард. Ныр мæнæ йæ ус рынчын у, чи зоны, нал фервæздзæн, æмæ уæд йæ хъуыддаг арæзт у, фæлæ куы фервæза, уæд цы кæндзæн, нæ зоны...

## III

Амарди Габойы ус. Баныгæдтой йæ. Йæ фæдыл зæрдæбынæй куыдтой йæ дыууæ лæппуйы, Сандро æмæ Андро.

Габо дæр-иу куы 'рбаймысыди, куыд дзæбæх ацарди йæ усимæ фыццаг, уæд-иу ныхъхъынцъым кодта, фæлæ-иу йæ разы фегуырди Тамарæйы хуыз, æмæ-иу уæд уайтагъд айрох ис йæ мæт.

Йæ усы мардыл мæй нæма рацыди, афтæ Габо схъæр кодта Тамарæйæн йæ фæндон.

Тамарæ бирæ нæ фæхъуыды кодта. Габо рагæй йæ зæрдæмæ цыди. Йæхæдæг ныр, æцæг, делегаткæ у, фæлæ делегаткæйы дæр хæрын æмæ нуазын хъæуы. Йæ фыды хæдзар мæгуыр у. Габо та амалджын лæг, æвæрд дæр ын цыдæртæ ис. Уыимæ хъуаг ницæмæй æййафдзæн, стæй йын æнад дæр нæу. Кæд æй лæг йæ куыст кæнын нæ уадза, уæд Тамарæ уымæн хос ссардзæн.

Кæд æмæ йæ зæрдæ æндæр лæгмæ бахъаза, уæд æй чи хъуамæ баурома – сæрибар ма цæмæн æрцыди! Цæргæ Габоимæ кæндзæн, æнæуи та йæ бар йæхи.

Фæлæ а сывæллæттæ? Кæйдæр сывæллæттæ? Уыдон тыххæй нæ зоны, куыд уыдзæн. Исчердæм сæ фæкæнæд Габо, æндæр ма дзы исты ис!

Афтæтæ ахъуыды кодта Тамарæ æмæ загъта Габойæн:

– Æз разы дæн, фæлæ дын сывæллæттæ куы ис... Уыдон та?

Габо бахудти.

– Куыд сывæллæттæ? Уыдон нæ цы хъыгдарынц?

Тамарæ ницыуал загъта Габойæн, фæлæ ахъуыды кодта: «Рæстæг йæхæдæг амондзæн, цы хъæуы, уый. Сæрибар уый тыххæй не ʻрцыди, æмæ æз æнæбары искæй сывæллæтты хæссон!»

Тамарæйы фыдæн æхсызгон уыди, йæ чызг моймæ кæй цæуы, уый æмæ чындзæхсæвы кой кодта, сауджыны кой, аргъуаны кой. Фæлæ йын чызг загъта:

– Баба, дæу ничи фæрсы, æмæ дæхицæн æнцад бад!

Чындзæхсæвы кой скодта Габо дæр.

– Революци уымæн у, – загъта чызг, – æмæ хъуамæ алы гæды æгъдæуттæ ферох кæнæм!

Ницыуал загъта Габо дæр.

Чызг ын йæ къух йæ дæлармы фæтъыста æмæ йæ Фæзыхъæуы загсы балæууын кодта.

Иу къорд боны фæстæ Габо баздæхти Тамарæмæ:

– Худынц мыл ме ʻмгæрттæ, мæ сыхæгтæ. Зæгъынц: «Фæхордта адæмы чындзæхсæвтæ, ныр йæхицæн æнцад сбадти!»

– Плевать! Революци ма цæмæн у! – загъта Тамарæ.

Габо разы уыди йæ цардæй. Æрмæст-иу, куыстæй æрцæугæйæ, арæх хæринаг цæттæ не ʻрæййæфта, Тамарæйæн-иу йæхи дæр арæх нæ баййæфта хæдзары. Бирæ хъуыддæгтæ уыди Тамарæйы: куыиу исполкомы бадти, куы комсомолты æмбырды уыди, куы та устыты æмбырды, æмæ кæй æвдæлди уыйас хæдзары хъуыддæгтæм! Цы гæнæн уыди, Габо-иу йæхæдæг ацæттæ кодта исты хæринаг.

Ус-иу афтæмæй хæринаг куы баййæфта цæттæйæ, уæд-иу ныббузныг ис лæгæй, йæ былтæ-иу æм пъа кæнынæн бадардта.

– Æндæр хатт та æз саразсдзынæн хæринаг. Хъуамæ радыгай аразæм хæринаг, ныр сылгоймаг æмæ нæлгоймаг æмсæр сты, – афтæ-иу загъта ус, фæлæ фылдæр хæттыты хæринаг кæнын лæгмæ касти.

Габо ууыл бирæ мæт нæ кодта. Уарзон ус ын уыдис, æмæ ахæм лыстæг хъуыддæгтæ хъуыды нæ кодта. Бæргæ, Тамарæ делегаткæ æмæ комсомолкæ куы нæ уаид, уæд сæ цард ноджыдæр хуыздæр уаид. Фæлæ алцы зæрдæйы фаг кæм ис! Стæй афтæ хъуыды кодта: «Афсæддзæн æмбырдтæй æмæ уæд йæ хæдзары сбаддзæн». Æцæг иу хъуыддагыл тынг хъынцъым кодта Габо. Ус сывæллæттæм знаджы цæстæй касти, æфхæрынæй сыл нæ ауæрста.

– Кæд чысылгай æрфидауид семæ! – афтæ ныфс æвæрдта йæхицæн уый тыххæй дæр Габо.

## IV

Иу бон, куыстæй æрæгмæ æрцæугæйæ, Габо баййæфта йæ усы æнкъардæй. Хæринаг рахаста Тамарæ йæ лæгæн, фæлæ дзурынæй йæхи тигъ кодта.

Габо фæтарсти, кæд ус рынчын у, мыййаг. Фæрсы йæ:

– Цы дыл æрцыди, усай, цæй æнкъард дæ?

– Æнкъард ницы дæн, нæ зонын, цæмæн дæм афтæ кæсы! – дисгæнæгау дзуапп радта Тамарæ.

Уыцы æхсæв ус хицæнæй схуыссыди, лæджы фæндтæм хъус не 'рдардта.

Кæсы лæг уый фæстæ бонты. Ус æнкъардæй рацу-бацу кæны. Хæдзары куыстæй фыццаг дæр ницы кодта, æфсоны æвнæлд йеддæмæ, ныр та æппындæр йæ хъус ницæмæуал дардта.

Афтæ фæдыл-фæдыл аивгъуыдта иу фондз боны.

Æппынфæстаг Габо йæхи нал баурæдта æмæ баздæхти усмæ:

– Зæгъ мын, Тамарæ, цы дыл æрцыди? Де 'нкъарддзинад мын мæ зæрдæ куы сæтты. Зæгъ мын, цы мæт дæ хъыг дары?

Тамарæ бирæ ратигъ-батигъ фæкодта йæхи. Æппынфæстаг Габойы æфцæгыл ныттыхсти æмæ загъта:

– Сывæллæттæ дын кæй ис, уый мæ мары. Уыдон куы нæ уаиккой, уæд мæ дуне, мæ цард ды уаис.

– Ӕмæ нæ цы хъыгдарынц? – зæгъы Габо. – Цæрæнт сæхицæн! Куы бахъомыл уой, уæд ма нын æххуыс дæр уыдзысты.

Ус йæ сæр банкъуыста æмæ сдзырдта:

– Сылгоймаджы зæрдæ афтæ нæу: йе иууылдæр, йе та æппындæр ницы. Хъуамæ нæ дыууæйы астæу мацы уæлдай исты уа. Кæд дæ æз хъæуын, уæд уый тыххæй ахъуыды кæн!

Лæг ницы уæлдай фæндтæ кодта, уый æнхъæл уыди, æмæ Тамарæ басабыр уыдзæн, æмæ дзæбæх цæрын байдайдзысты.

Фæлæ нæй, Тамарæ йæхи ныддур кодта, лæджы æмгæрон нал уадзы йæхимæ, алы ‘хсæв дæр ын йæ хъусы дзуры:

– Фесаф искуыдæм дæ куыдзы хъыбылты!

Иу хатт ын Габо зæгъы:

– Бацамон мын, мæ уды гага, кæдæм сæ фесафон! – Тамарæ йæ галиу къухы æнгуылдзæй зæхмæ амоны:

– Амар æмæ сæ бафснай дæлæ сыджыты бын!

Габо йæ къухтæй йæ цæсгом амбæрзта æмæ кæртмæ алыгъди. Уым, уынæргъгæйæ, æрдиаг кæнгæйæ, йæхи къуымты бирæ раппар-баппар фæкодта. Стæй бацыди фæстæмæ хæдзармæ æмæ баздæхти усмæ:

– Тамарæ, мæ уды гага, мæ зæрдæйы лæууæн, цæмæн мын зæгъыс уый! Куыд мын марын кæныс мæ сывæллæтты!

Бирæ фæдзырдта Габо, фæлæ ус йæхи хъæццулы стыхта æмæ лæгмæ иу дзырд дæр нал скодта.

Габо æхсæв нал фынæй кодта. Хъизæмарæй сыгъди. Йæ фарсмæ сылгоймаг, уыцы сылгоймаг, кæй тыххæй уыдысты йе ‘хсæвы фынтæ, йæ боны бæллын. Фæлæ йæ къух Бурсамдзелимæ куыд не ‘ххæссыди, афтæ уыцы сылгоймагмæ дæр не ‘ххæссыди.

Бонæй-бонмæ тади Габо. Хуыз дзы нал уыди. Рустæ мидæмæ бахаудтой.

«Ӕвæццæгæн, зындоны фыдæбæттæ бирæ æнцондæр сты», – загъта-иу хинымæр Габо.

Иу изæр, фæсахсæвæры, Габо тынг ласын байдыдта йæхи Тамарæмæ. Лæгъстæ йын кæны, дзуры йын рæвдауæн ныхæстæ:

– О мæ хуры хай! О мæ удлæууæн! Нал фæразын, нал!.. Цы аххос мæм ис? Цы кæнон? Зæгъ мын!

– Бафснай уæртæ уыцы куыдзы хъыбылты! – æмæ мæ царды фæлæууæн ды уыдзынæ! – афтæ уыди дзуапп.

Габо та йæ цæсгом къухтæй амбæрзта æмæ адæргæй æрæппæрста йæхи уаты астæрдыл. Уым бирæ фæуынæргъыдта, бирæ йæ цæссыг фæкалдта. Цæссыгтæ ахуырстой рустæ æмæ къухтæ æмæ фæйнæджытæм калдысты. Ус уыдта, Габо сæттынмæ кæй хъавы, æмæ йæхи фæстиат кодта уаты, айдæны касти, æрфгуытæ-иу адаудта, цæсты бынтæ-иу алæгъз кодта.

Сыстади Габо.

Бацыди Тамарæмæ.

Загъта:

– Рахæсс бел, хуыдоны бын уæрм скъахын хъæуы!

– Лæг куы разындтæ, лæг! – сцин кодта Тамарæ.

Хъарм пъа ныккодта Габойы былтæн æмæ азгъордта бел агурынмæ.

## V

Леуан хъуыдытæ кодта уыцы сабиты царды тыххæй, сæ абоны хъасты тыххæй.

«Хуыцау бахизæд фыдбылызæй», – куывта хинымæр Леуан. Афтæмæй бафынæй ис.

Æмбисæхсæвмæ бирæ нал хъуыдаид, афтæ Леуан мидфынæйы ныууынæргъыдта æмæ фехъал ис.

Фехъал ис Леуан æмæ æрфæсмон кодта ууыл, цæуылнæ байхъуыста зæрдиагдæр сабиты ныхæстæм. Куыд æвзæр фын федта ныр! Йæ алыварс туг, тугæй къах æрæвæрæн нæй. Леуанæн йæ дарæс, йæ къухтæ ахуырст. Къухтæ кæрæдзиуыл асæрфы æмæ ныхæсæгау кæнынц.

«Ай хуымæтæджы нæу», – дзуры хинымæр Леуан. – Чи зоны, кæд уыцы сабитыл æцæг исты зындзинад цæуы, чи зоны, кæд æцæг тас ран сты!

Рабадти Леуан йæ хуыссæны. Адæргæй цы акæна, уый нæ зоны.

Фæстагмæ нал баурæдта йæхи. Йæ гæрстæ акодта, револьвер йæ дзыппы атъыста, æмæ араст и Фæзыхъæумæ.

Габойы хæдзарæй ма рухс зынди.

– Бадынц ма, æнхъæлдæн, – сдзырдта хинымæр æмæ бахоста дуар.

Иу-дыууæ минуты дзуапдæттæг нæ уыди. Стæй Габойы ныхас фехъуысти дуары фæстейæ.

– Чи дæ ацы æнафоны?

– Æз дæн, æз – загъта Леуан. – Тъбеты уыдтæн æмæ мæ фæндаг сымахыл ракодтон, абæрæг уæ кæнон, зæгъгæ.

Дуар базыхъхъыр ис æмæ дзы Габо дзуры:

– Мидæмæ дæ ракæниккам æмæ æнафон у.

– Махæн та цæй æнафон ис! – загъта Леуан æмæ бараст ис, дзургæйæ, мидæмæ. – Иу арахъхъ мын авæрут æмæ марш домой!

Габо æнæбары иуварс айста йæхи дуары зыхъхъырæй.

Уыцы минут Леуаны цæст æрцахста ахæм ныв: Тамарæ къухæй амыдта Габойæн – «Фæрæтæй йæ цæвæм... Уым æй бафснайæм». Ауыдта Леуан ноджы къулы рæбын бел, уымæл сыджытæй ахуырст.

Уыдæттæ фенгæйæ, Леуан асгæрста йæ дзыппы револьвер æмæ æнцад сдзырдта:

– Иу арахъхъ аназдзынæн æмæ, зарокъатæ кæнгæйæ, сфардæг уыдзынæн Пыхсджынмæ.

Лæг æмæ ус арахъхъмæ куы фесты, уæд Леуан бауади тыргъмæ – уым-иу хуыссыдысты сывæллæттæ.

Ризгæ къухæй февнæлдта хъæццулмæ, раппæрста йæ æмæ уыны: тугæйдзаг гобаны лæууынц тугæй æхгæд дыууæ сæры гуыртæй хицæнгондæй.

Йæ цæстытæ атартæ сты Леуанæн.

Дамбаца куыд фелвæста, дыууæ гæрахы куыд фæкодта, уымæн фырмæстæй ницыуал бамбæрста.

Æрмæст йæ разы куы афæлдæхтысты дыууæ адæймаджы, уæд йæ зонд йæ бынаты æрбадти.

Йæ зонд йæ бынаты куы ‘рбадти Леуанæн, уæд ма ноджыдæр дыууæ мардæн сæ ныхты фæйнæ нæмыджы ныссагъта. Стæй систа йæ дзыппæй гæххæтт æмæ химикон кърандас æмæ ныффыста ахæм ныхæстæ: «Дыууæ æнахъом сидзæр сывæллоны дардæй фæцыдысты мæнмæ, се ‘мдзуарджынмæ, æххуыс æнхъæлмæ. Радзырдтой мын, сæ фыд æмæ йæ усы ныхас æхсæвыгон куыд фехъуыстой. Радзырдтой, марыны фæнд сæ куыд скодтой. Æз сыл нæ баууæндыдтæн, ницæмæй сын феххуыс дæн. Ныр мæнæ дыууæ дæр æргæвстæй хуыссынц. Æз амардтон марджыты, марын мæхи дæр.

Леуан».

Ацы фыст Леуан фынгыл æрæвæрдта æмæ та бацыди сывæллæттæм. Цæссыгтæ калгæйæ сыл цæхгæрмæ ныддæлгом ис æмæ ныхъхъæр кодта:

– О мæгуыр сидзæртæ! Дардæй мæм фæцыдыстут æххуыс æнхъæлмæ, фæлæ уæм æз нæ байхъуыстон. Сымахæн æххуыс раттын чи нæ бафæрæзта, уый уæ фæстæ нал схæцдзæн цæрыныл. О мæ уарзон Сандро æмæ Андро! Цæуын, цæуын æз дæр уемæ иннæ дунемæ!

Сыстади æнцад Леуан æмæ револьверы фындз йæ риуы асагъта.

Фехъуысти иу гæрах, фæстаг гæрах. Уый фæстæ æгас хæдзары хъыпп-сыпп никæцæйуал хъуысти.

Фæлæ скæсдзæн райсом хур. Сыхæгтæй исчи бауайдзæн Габойы хæдзармæ, æмæ афтæмæй айхъуысдзæн дзыллæйыл, цæй диссаджы фыдбылыз æрцыди Фæзыхъæуы æмбисæхсæв.

## КУЫСЫФТÆГ ÆМÆ ДУРЫН

Раджыма-раджыма цардысты, уыдысты дыууæ хæлары – Куысыфтæг æмæ Дурын. Иу хатт Куысыфтæг бацыди Дурынмæ æмæ йын загъта:

– Мæ хæлар Дурын, иу ран бадгæйæ схъуына уыдзыстæм, цом бæстæтыл ахæтæм.

– Нæй гæнæн, Куысыфтæг, – нæ фæндагыл стыр цæугæдон ис, ноджы ныр йæ ивылыны рæстæг у, æмæ мæ дон йæ бынмæ куы аласа, уымæй тæрсын.

– Ма тæрс, мæ хæлар, æз дын æххуыс кæндзынæн.

Дурын фæныфсджын ис, æмæ дыууæ хæлары араст сты сæ фæндагыл. Цæуынц, цæуынц æмæ бахæццæ сты стыр цæугæдонмæ, – йæ фæйлауæнтæ кæрæдзи сæрты бырстой, йæ уынæрæй хъустæ къуырма кодтой. Дурын æм куы бакасти, уæд фыр тæссæй базыр-зыр кодта, – хорз æм касти балцы цæуын, фæлæ йæм мæлын хорз нæ касти æмæ фæстæмæ здæхыны фæнд скодта. Куысыфтæг куы бамбæрста Дурыны хъуыдытæ, уæд æм бауади æмæ йын загъта:

– Æрбабад мæ рагъыл, æз дæ доны иннæ фарсмæ адавон.

Дурын бабадти Куысыфтæджы рагъыл, æмæ уайтагъд цæугæдоны иннæ фарс рахызтысты.

Цæуынц дыууæ хæлары дарддæр, быдыртæ æмæ хъæдты уындæй сæ зæрдæ рухс кæны, мæргъты зард сын сæ хъустæ рæвдауы.

Уалынмæ кæсынц, æмæ разæй цавæрдæр мигъ змæлы æмæ сæм хæстæгæй-хæстæгдæр кæны.

Æвиппайды Куысыфтæг фæхъæр кодта:

– Ме сæфт æрцыди, Дурын! Уæртæ быдыры кæрдæг судзгæ æрбацæуы æмæ мын аирвæзæн нал ис – басудздзынæн. – Цыма йыл тæфсæг бахæцыди, уыйау тæссæй зыр-зыр кодта Куысыфтæг.

– Ма тæрс, Куысыфтæг, – сабыр æй кæны Дурын. – Ницы дын уыдзæн, æз дæ фервæзын кæндзынæн.

Цалынмæ уыдон ныхас кодтой, уалынмæ сыгъд сæ уæлхъус æрбалæууыди.

Дурын Куысыфтæджы æрхуыссын кодта дзыхъхъы, йæхæдæг æй йæхицæй æрæмбæрзта.

Цыбыр рæстæгмæ сыгъд иннæ фарс фæци æмæ уæртæ фæцæуы дарддæр.

– Цы фæдæ, Куысыфтæг? Фесæфтæ? Басыгъдтæ, мыййаг? – бафарста Дурын.

– Зонгæ дæр нæ бакодтон сыгъд, – дзуапп радта Куысыфтæг.

Уæдæй фæстæмæ ноджы тынгдæр схæлар сты Куысыфтæг æмæ Дурын æмæ ма абон дæр æмзæрдæ, æмудæй цæрынц.

## СÆГЪ ÆМÆ ЧИНЫГ

*Индиаг таурæгъ*

Раджы, тынг раджы, Индийы стыр бæстæйы цардысты æртæ æфсымæры – иу фыд, иу мадæй гуырд. Хистæр æфсымæр хуындис Къуындзих, астæуккаг – Къабуз æмæ кæстæр – Бырынкъ.

Дуне сфæлдисæг Буддæ адæмтæн чингуытæ куы уæрста, уæд ацы æртæ æфсымæрæн дæр радта диссаджы рæсугъд чиныг.

Радта Буддæ чиныг æмæ загъта:

– Хъахъхъæнут ацы чиныг, хур æй ма басудзæд, уазалæй ма ныссæлæд, уарынæй ма ныххуылыдз уæд, фыдызнаг уын æй ма фæхæссæд! Цалынмæ уый уæ къухты уа, уалынмæ уын фыдгулы цæст нæ разиан кæндзæн, тыхгæнæг уын тых нæ бакæндзæн. Уæ быдыры – хорзад, уæ фосдоны – фосзад, уæ бинонтæ – æнæниз æмæ амондджын.

Афтæ зæгъгæйæ,Буддæ йæ къух арвы ‘рдæм фезмæлын кодта,

æмæ уайтагъд йæ тæккæ къæхты раз æрæнцади сызгъæрин асин. Цæстыфæныкъуылдмæ сфардæг ис Буддæ уæларвмæ. Уым сызгъæринцъарджын баз йæ нывæрзæн акодта æмæ, хуырхуыргæнгæйæ, йæ фæллад уагъта.

Уæд æртæ æфсымæры сфæнд кодтой Буддæйы хæрзиуæджы тыххæй куывд саразын. Æрæвæрдтой стыр тæрсы бын дурыны дзаг цывзыджын арахъхъ.

Бирæ фæкуывтой æртæ æфсымæры Буддæйæн, бирæ йын фервыстой зæрдиаг арфæтæ.

Æртæ кæхцы куы равдæлон сты, æртæ дурынæн сæ бынтæ куы сзындысты, уæд æртæ æфсымæры дæр, кæм бадтысты, уым афæлдæхтысты. Уыдон афтæ хъæбæр хуыссыдысты, æмæ сæ хуыр-хуырæй хæстæгдæр къæдзæхтæ зæлыдысты, хъæды мæргътæ та хæстæг нал уæндыдысты.

Уыцы афон кæцæйдæр рафтыди сау сæгъ. Рæсугъд чиныг куы ауыдта, уæд ыл йæхи ныццавта æмæ йæ фæткъуыйы сыфтæртæй адджындæрæн бахордта.

Дыккаг бон æфсымæртæ райхъал сты аходæн афон. Сæ зæрдыл æрбалæууыди Буддæйы лæвар æмæ йæм бауадысты фенынмæ.

Нал ссардтой чиныг.

Авд мæйы æмæ авд боны æфсымæртæ æрдиаг кодтой сæ чиныджы сæфты тыххæй. Авд мæйы æмæ авд боны сæ маст кæрæдзиуыл калдтой, стæй фæйнæрдæм фæцыдысты.

Къуындзих фæцыди æмæ цæгатаг паддзахæн стражник ныллæууыди. Къабуз ахызти хæхты сæрты хуссарырдæм æмæ цавæрдæр æлдарæн цагъар ныллæууыди. Бырынкъ фæцыди æмæ стыр Кæсæгæн фаджысмæрзæг æмæ къæхтæхсæг ныллæууыди.

Бирæ азтæ аивгъуыдта, бирæ дон ацыди Терк æмæ Леуахийы. Æртæ æфсымæры сфæлмæцыдысты æцæгæлон бæстæты æгад куыстæй. Сæ зæрдыл æрбалæууыди сæ райгуырæн бæстæ.

Иу бон, иу сахат æрцыдысты стыр тæрсы бынмæ.

Уыди диссаджы сæрдыгон бон. Хуры тынтæ цæстытæ тартæ кодтой.

Æртæ æфсымæры дзыназын байдыдтой:

– О Буддæ, Буддæ! Æркæс, куы нæ ферох кодтай!

Буддæ авæрдта сызгъæрин асин уæларвæй зæхмæ, æрлæууыди стыр тæрсы бын æртæ æфсымæры æхсæн æмæ загъта:

– Æз уæ нæ ферох кодтон. Уæхæдæг уæхи ферох кодтат...

Зæгъут ныр, цы уæ хъæуы!

Æртæ æфсымæры æмдзыхæй загътой:

– Чиныг!

– Чиныг!

– Чиныг!

Радта та Буддæ æфсымæртæн чиныг, фыццагæй рæсугъддæр, хуртæ æмæ дзы мæйтæ хъазыдысты.

Æфсымæртæ йыл кæрæдзи тонын байдыдтой.

Бæстæ хъæрæй байдзаг ис:

– Хицæн чиныг мын!

– Хицæн чиныг мын!

Æппын бынаты нал лæууыд кæстæр æфсымæр. Уый-иу куы фæхъæр кодта, уæд-иу Буддæ йæ хъусты хуынчъытæ æнгуылдзтæй ахгæдта.

Æппынфæстаг, хъæлæба къаддæр куы нæ кодта, уæд Буддæ райста чиныг фæстæмæ, фæсидти сау сæгъмæ æмæ йын чиныг цъаргай бахæрын кодта.

– Нæ уыдзæн сымахæн иу чиныг дæр! – загъта Буддæ æмæ сызгъæрин асиныл уæларвмæ сфардæг ис.

## ЦÆУКЪА ÆМÆ ФЫРКЪА

*Радзырд-фантази*

Иу зæхкусæгмæ уыди бур цæукъа æмæ сау фыркъа. Хæдзары хицау йæхæдæг дæр, йæ бинонтæ дæр хорз зылдысты цæукъа æмæ фыркъамæ, фаг сын лæвæрдтой æвзаргæ хæринаг, сæ цæрæн бынат сын сыгъдæг дардтой. Дзæбæх цардæй цæукъайы хъуын слæгъз ис æмæ сызгъæринау æрттывдтытæ калдта, фыркъайы хъуын та къæбæлдзыг кодта, ногзад бухайраг уæрыччы хъуыны хуызæн. Уæддæр уыдон сæ цардæй разы нæ уыдысты. Сæ хицау сæ дардта æдзух кæрты кæнæ скъæты мидæг, уыдон та сæ хъус дардтой кæртæй æддæмæ, фæндыди сæ сæрибарæй цæрын. Хаттæй-хатт-иу кæрты дуарæй куы аирвæзтысты, уæд та сæ-иу уайтагъд фæстæмæ æрбасырдтой. Фыркъа коммæгæсдæр уыди, æнцонæй фæстæмæ здахын куымдта, фæлæ цæукъа бирæ маст кодта йæ хицауæн, нæ куымдта-иу фæстæмæ здахын, тынг æвæндонæй-иу бацыди кæртмæ. Басырдта сæ-иу

хицау фæстæмæ, дуæрттæ сыл-иу сæхгæдта, сæ разы сын-иу парахатæй алы хæринаг ныккалдта. Нæ, фыркъа æмæ цæукъамæ уыцы цард æгъгъæд нæ касти, ноджыдæр æмæ ноджыдæр лыгъдысты кæртæй æддæмæ æмæ маст кодтой сæ хицауæн.

Иу хатт хицау æрлæууын кодта йæ разы фыркъа æмæ цæукъайы æмæ сын зонд амонын байдыдта. Уый сын дзырдта:

– Мæ хорз фыркъа æмæ цæукъа, æвзаргæ хæринагæй уæ хæссын, хорз уæм зилын, уæ цæрæн бынат фыр сыгъдæгæй æрттывдтытæ калы. Зæгъут, цы хъуаг ма стут? Цæмæн лидзут кæртæй æддæмæ? Сымах уæ хъус дарут быдырмæ, хъæдмæ, фæлæ уым цæры бирæгъ, фыркъа æмæ цæукъайы фыд бирæ чи уарзы. Уый уæ бахæрдзæн. Тынгдæр дæуæн дзурын, Бури. Ды дæ амидингæнæг æмæ фыццаджыдæр ды фесæфдзынæ.

Фыркъа æмæ цæукъа æнувыд хъуыстой сæ хицауы ныхæстæм. Фыркъа, йæ бурбын цæстытæ æрцъынд-æрцъынд кæнгæйæ, йæ уæззау дымæг тилгæйæ, хъуыды кодта: «Хицау раст зæгъы. Æз ам æппындæр ницы хъуаг дæн, хорз хæринаг мын фаг ис, зылд хорз, цæрæнуат хорз, тас мын ницæмæй у. Уым та... Чи йын цы зоны? Кæд дзы æцæг, мыййаг, бирæгъ цæры, уæд мæ бахæрдзæн. Ме 'мбал – бур хæйрæг – æнцад бадын нæ зоны, æдзух алы фыдуагдзинæдтæ хъуыды кæны. Хъуамæ æз уый ма фæзмон».

Цæукъа, йæ даргъ зачъе тилгæйæ, йæ зонджын цæстытæй касти комкоммæ хицауы цæсгоммæ æмæ хъуыды кодта: «Уыцы кæрдæгджын къуыппытыл куы нæ фæхизон, мæ фæстаг къæхтыл лæугæйæ, хъæды бæлæсты сойджын къалиутæм мæхи куы нæ сивазон, быдыры сыгъдæг уæлдæфæй куы нæ аулæфон, къуыппытæ æмæ дзыхъхъытыл куы нæ фæгæппытæ кæнон, фæлмæн цъæх кæрдæгыл куы нæ атылдтытæ кæнон, уæд мæ мæ цард ницæмæн хъæуы – иухуызон, æнтъыснæг æмæ æгад цард смаггæнаг скъæты мидæг. Дæуæн та, нæ хицау, цасфæнды дзур, дæ ныхæстыл æз бирæ нал æууæндын».

Хицау йæ ныхæстæ фæци фыркъа æмæ цæукъайæн æмæ сæ ауагъта.

Уыцы бонæй фæстæмæ фыркъа кæрты дуарæй никуыуал акасти. Цæукъа та тынгдæрæй-тынгдæр йæ хъус дарын байдыдта æддæмæ. Сфæлмæцыдысты дзы хæдзары бинонтæ, æнцой сын нал лæвæрдта æппындæр.

Иу æхсæв, райсомырдæм, бон цъæх нæма кодта, афтæ цæукъа

сыстади йæ хуыссæнæй, йæхи аивæзтытæ кодта æмæ бакасти йе ‘мбалы ‘рдæм, – уый хуыссыди хуырхуыргæнгæ. Цæукъа йæ басхуыста йæ къахæй, – райхъал кæнынмæ йæ хъавыди, фæлæ уымæ райхъалы фæндæй ницы уыдис. Уæд цæукъа æрлæууыди скъæты рудзынджы раз, æрбадти, асхуыста йæхи зæххæй, атыдта рудзынг æмæ агæпп кодта кæртмæ. Минуты бæрц алæууыди иу ран, алырдæм кæсгæйæ æмæ хъусгæйæ. Æдзæм уыди кæрты мидæг, рудзынджы састы уынæр никæй райхъал кодта. Уæд цæукъа бацыди бырумæ, æрлæууыди йæ разы, асхуыста та йæхи æмæ фестади быруйы æддейы. Афардæг ис.

Ралæууыди райсом. Хъæу райхъал ис, сызмæлыди, суынæр кодта.

– Цон, – загъта хæдзары хицау, – рауадзон цæукъа æмæ фыркъайы скъæтæй. – Байгом кодта дуар æмæ уыны – фыркъа йæ фарсыл хуыссы æмæ æнцойæ сынæр цæгъды, рудзынг саст, цæукъа нæй скъæты. Фæдзырдта хицау бинонтæм æмæ сын загъта:

– Цæукъа афардæг ис. Йæ агурын дзæгъæл у, – афонмæ йæ бирæгътæ бахордтой. Абонæй фæстæмæ уæ цæст тынгдæр дарут фыркъамæ... Нæ фæлæ йæ скъæты дуарæй æппындæр æддæмæ мауал уадзут.

Фыркъа хицауы дзырдтæ куы фехъуыста, уæд йæ зæрдæ бауынгæг ис, фæсмон æм æрцыди æмæ хинымæр загъта: «Ме ‘мбал – бур хæйрæг – раст уыди, – алидзын хъуыди мæн дæр».

Уыцы афон цæукъа, фæстæмæ нал кæсгæйæ, лыгъди размæ, уыцы рæсугъд рæттæм, кæцытæ йын бон рæвдыдтой йæ цæстæнгас, æхсæв та йын хъыгдардтой йæ фынæй. Бон-изæрмæ уый æвзæрста, ныронг кæй нæма зыдта, ахæм æхсызгондзинæдтæ. Сæрибарæй тыдта сойджын кæрдæг. Йæ фæстæгтыл лæугæйæ, ивæзта хъæддаг бæлæстæм æмæ хордта сойджын къалиутæ æмæ сыфтæ. Уый ратул-батул кодта фæлмæн кæрдæгыл, фыццаг хатт улæфыди хъæддаг сыгъдæг уæлдæфæй.

– Гъе ныр базыдтон сæрибардзинады цин, гъе ныр æз бавзæрстон адджын цард, – дзырдта цæукъа йæхицæн... – Фæлæ уæддæр уый куыд рауади, куыд цардтæн ныронг смаггæнаг скъæты?

Хур аныгуылди. Талынг кæнын байдыдта. Цæукъа равзæрста йæхицæн æхсæвиуаты бынат æмæ æрхуыссыди. Куыддæр

рæдзæ-мæдзæ кæнын байдыдта, афтæ йæ фындзыхуынчъытыл ауад цавæрдæр æнахуыр, ныронг кæй нæма бавзæрста, ахæм смаг. Хи бахъахъхъæныны æмбудындзинад æй фæгæпп кæнын кодта йæ къæхтыл. Алфамблай уыди æдзæм, æрмæст æхсæвы ирдгæ æнкъуыста бæлæсты сыфтæртæ, æмæ уымæй хъуысти сындæг æмæ æнæскъуынгæ сыф-сыф. Уыны цæукъа: сындæг æм хæстæгæй-хæстæгдæр цæуынц дыууæ тымбыл зынджы. Бамбæрста, уыдон бирæгъы цæстытæ кæй сты. Йæ зæрдæ бауынгæг ис. Йæ буарыл азгъордта лыстæг ризæг. Фæзынди йæм мæлæты тас. Афтæ уыди æрмæст иу секунды бæрц. Уый фæстæ секунды цæукъа загъта йæхицæн:

– Лидзынæй нæ фервæздзынæн, лидзгæ нæ акæндзынæн. Амæлдзынæн, фæлæ хъазуатон тохы. – Фидар ран æрлæууыди, къæхтæ уæрæх айсгæйæ, йæ сæфтджытæ зæххы æрсагъта æмæ бацæттæ кодта йæ сыкъатæ цæвынмæ. Зыдта, хорз зыдта, йæ цард иунæг цæфыл ауыгъд кæй у, – куы нæ йын фæрæстмæ уа уыцы иунæг цæф, уæд фесæфти. Зыдта цæукъа, цы ран æмæ куыд ныццæвын хъæуы, уый дæр. Хæстæгæй-хæстæгдæр кæнынц дыууæ зынджы. Мæнæ ис. Багæпп кодта бирæгъ, фæлæ уый уыди йæ фæстаг гæпп – цæукъайы рахиз сыкъа йын батыдта йæ хъуыр æмæ йæ тугæйдзаг кæрон азынди къæбутæй. Афæлдæхти бирæгъ, йæ гæндзæхтæ бацагъта æмæ æнæ змæлгæйæ баззади. Цæукъа зынтæй раласта йæ сыкъа бирæгъы хъуырæй æмæ та лидзын байдыдта, æнæ фæстæмæ кæсгæйæ, дарддæр æмæ бæрзонддæр, дарддæр æмæ бæрзонддæр. Хатгай фæкæлы, бæлæсты зыкъуыртæ æмæ сындзытæ йæ тонынц, фæлæ та уайтагъд фесты æмæ лидзы дарддæр. Мæнæ та сыфтæрты æхсæнæй фæзындысты хуры рухсы стъæлфытæ. Мæнæ хъæд фæци æмæ райгом ис арв. Цæукъа æрлæууыди. Йæ разы цы ныв разындис, уымæ баззади кæсгæйæ. Бæрзонд, бæрзонд зындысты митæй æхгæд хæхты цъуппытæ, сæ фæрстыл хъазыдысты райсомы хуры тынтæ, дæлдæр – сау гæмæх хæхтæ, ноджы дæлдæр – кæрдæгæй æмбæрзт къуыппытæ, ноджы æмæ ноджы дæлдæр – къутæрджын къуыппытæ. Æгæрон цинæй цæукъайæн йæ зæрдæ скафыди йæ риуы. Бамбæрста цæукъа, уым... уыцы бæрзæндтыл кæй ис йæ цæрæн бынат. Æнæ баулæфгæйæ ауагъта йæхи размæ, – дарддæр æмæ бæрзонддæр сæрибары цардмæ уæгъды бæрзæндтыл.

# АРВИСТОН

## ЦИТАТÆТÆ

* * *

...Хæдхуыз национ культурæ ахъаз у, хицæн адæймæгтæ цæмæй сæхи бамбарой, базоной, уымæн. Уый сын феххуыс вæййы сæ иумæйаг национ характеры индивидуалон бæрджытæ, психикæ æмæ æрдзон миниуджытæ рахатынæн. Уымæн æмæ æцæг национ культурæйы ис ахæм æуууæлтæ, хицæн адæймæгтæ сæхи мидæг дæр кæй ссарынц. Уый руаджы сын вæййы сæ апп æнцондæрæй раиртасæн æмæ сын раст аргъ скæнæн (культурæйы æххуысæй). Хæдхуыз национ культурæ хицæн адæймæгтæн фадат фæдæтты сæ «æз» бахъахъхъæнынæн, стæй сæ адæмимæ иу хъуыддаг аразынæн... Æмæ «йæхи чи базыдта», йæхи «æз» чи ссардта, ахæмтæ цас фылдæр уа, уыйбæрц æнтыстджындæрæй цæудзæни куыст хæдхуыз национ цæсгом ссарыныл, стæй æцæг национ культурæ аразыныл...

* * *

Адæймаг зонджыныл, адæмы уарзоныл æмæ амондджыныл нымад æрцæуы, «йæхи куы базоны», «йæхи цæсгом куы ссары», уæд. Уый зæгъæн ис æнæхъæн адæмæй дæр. Адæм та «сæхи базонынц», «сæхи ссарынц», хæдхуыз национ культурæ сын куы вæййы, уæд... Хæдхуыз национ культурæ адæймагæн æххуыс кæны амондджын суæвынæн, йæхи бамбарынæн.

Уæдæ афтæ: культурæ алы адæмæн дæр хъуамæ уа æндæр. Йæ национ культурæйы хъуамæ алы адæм дæр раргом кæна йæ индивидуалон цæсгом. Хъуамæ уыцы культурæйы элементты æхсæн уа гармони, хъуамæ сын уа иу национ гакк. Национ психологитæ кæрæдзийæ цас тынгдæр хицæн кæной, уыйбæрц национ культурæтæ уыдзысты фæйнæхуызондæр. Сæ национ характермæ гæсгæ кæрæдзимæ æввахс цы адæмтæ сты, уыдонæн сæ культурæтæ дæр сты æнгæс. Фæлæ æппæт дунейы адæмтæн дæр æмхуызон чи уа, ахæм культурæйæн уæвæн нæй... Ахæм

культурæ æцæг амонд никæмæн æрхæссид. Хъуыддаг бынтон æндæрхуызон у. Алы адæм дæр йæхи сæрмагонд культурæ саразынмæ кæй тырны, уымæн ис фидар моралон бындур. Цавæрфæнды культурон космополитизм æмæ интернационализмæн дæр йæ ныхмæ карзæй дзурын хъæуы.

*Николай Трубецкой (1890–1938)*
*(Æрмæг ист у, «Наследие Чингисхана»,*
*зæгъгæ, уыцы чиныгæй. Москва.*
*«Эксмо», 2007, 168–170 фæрстæ).*

* * *

Стыр адæмтæ гыццылдæрты куы ныхъуырой, уæд сæ ныхмæ архайын хъæуы. Ахæм фæлтæрæнтæ чындæуы Фæскавказы æмæ Цæгат Кавказы арæнтæм æвваахс рæтты: цæмæй Абхази æмæ Хуссар Ирыстоны адæмтæ сгуырдзиаг уой, ууыл зæрдиагæй кусынц Гуырдзыстоны. Дагестаны хуссар хæйтты æмæ Азербайджаны цæгатварс цæрджыты та тæтæйрæгтæ (азербайджайнæгтæ. – Ред.) скæнынмæ хъавынц. Уыцы фæлтæрæнты ныхмæ хъæуы тох кæнын: хъуамæ хæцæм, йæ национ цæсгом фесафынæй тас кæмæн у, уыцы адæмты фарс.

*(Уый дæр уым, 567 ф.)*

# МАДÆЛОН ÆВЗАДЖЫ ТЫХХÆЙ

♦ Тæккæ æвзæрдæр данайаг лæвар у, дæ мадæлон æвзаджы бæсты кæйдæр æвзаг куы райсай, уæд уый. *(Вергилий).*

♦ Зонджын лæг йæ бæстæйы сæргъы куы æрлæууа, уæд хъуамæ йæ куыст райдайа йæ адæмы æвзаджы уидæгтæ æмæ мидисмæ зилынæй. *(Конфуций).*

♦ Мадæлон æвзаджы поэзи у Арвы æцæг хъæлæс. *(Эсхил).*

♦ Мадæлон æвзаг у фыццаг къахвæндаг рæстдзинадмæ. *(Данте).*

♦ Æвзаг у адæмы уды æмæ хъысмæты айдæн. *(Пьер Беранже).*

♦ Сабийы сæрымагъзыл æцæгæлон æвзаджы уаргъ куы сæвæрай, уæд ын йæ хъуыдыкæнынадæн цæлхдуртæ æвæрыс. *(Пьер Бейль).*

♦ Сабийы интеллекты бындур у мадæлон æвзаг. *(Альберт Эйнштейн).*

♦ Цалынмæ мадæлон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг бинонты ‘хсæн æмæ скъолайы нывыл æвæрд не ‘рцæуа, уæдмæ сывæллонæн æндæр æвзаг амонын æнæзонд ми у. *(Николай Пирогов).*

# РÆДЫД ХЪУЫДЫТÆ УÆРÆСЕЙЫ ТЫХХÆЙ

## НЫВÆНДТÆ МУРТАТТАГ ХУЫЦÆУТТÆН

Уырыс чырыстон дин куы райстой, уæд апарахат ахæм хъуыды, славянтæм, дам, муртаттаг дины заман æппæт хуыцæуттæн дæр нывондæн хастой сылгоймæгты æмæ сывæллæтты. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, раст нæу. Археологты бирæ азты куыстытæй рабæрæг: иу ингæны дæр нæ разынди сылгоймæгты кæнæ сывæллæтты нывæндтæ. Æрмæст-иу уацайрæгты æрхастой нывондæн, Чернобог кæй хуыдтой, уымæн. Уыйхыгъд чырыстæттæ Астæуккаг æнусты цас адæмы басыгътой, уыдонæн банымайæн дæр нæй.

## КИРИЛЛ ÆМÆ МЕФОДИЙЫ АЛФАВИТ ФЫЦЦАГ УЫД?

Скъолаты сывæллæттæн амонын байдайынц, фыссынад, дам, Уырысмæ фыццаг хатт Кирилл æмæ Мефодий æрбахастой. Фæлæ уыдон размæ дæр славянтæм уыди фысссынад, стæй иу нæ, фæлæ æртæ варианты. Археологты бæрæггæнæнтæм гæсгæ зындгонд сты славяйнаг «æлхынцъ фыстытæ», стæй фæйнæгыл æмæ статуэткæтыл нывгонд рунæтæ æмæ суанг «абетæ» – Кирилл æмæ Мефодийы алфавиты æнгæс чи нæу, ахæмтæ.

## БАТЫЙ ÆНÆХЪÆН УЫРЫСЫ БАСАСТА?

Тæтæр-манголты æрбабырст Уырысы историйы ахæм сау ахорæнтæй ныв кæнынц, æмæ фæзынди миф, Батыйы стæры фæстæ, дам, хъыгдард баййæфта Уырысы бæстæ æнæхъæнæй. Фæлæ хабар бынтон æндæрхуызон уыд. Уырысы аст хайæ

æфхæрд баййæфтой æрмæст цыппар. Зæгъæм, Новгороды, Смоленскы, Полоцкы æмæ Турово-Пинскы æлдарæдтæм знаджы къух нæ бахæццæ. Зиантæ æрцыди Владимирыл æмæ Галицко-Волынскыл, фæлæ уыдон цыбыр рæстæгмæ сæ къахыл слæууыдысты æмæ æнтыстджынæй тох кодтой ныгуылæйнаг знæгтимæ – немыцимæ, литвайæгтимæ, польшæйæгтимæ. Æфхæрд чи баййæфта, уыцы Владимир-Суздалы æлдарады фæрцы Александр Невский хъахъхъæдта, Батый кæмæ нæ бавнæлдта, уыдоны.

Æппæтæй стырдæр цæфтæ æрцыди Черниговы адæмыл, уымæн æмæ уыдон арæх æххуыс кодтой половецтæн.

## ПУШКИНÆН ФЕРВÆЗЫНГÆНÆН УЫДИ?

Пушкинæн дуэлы фæстæ фервæзынгæнæн нал уыд. Афтæ хъуыды кодтой бирæ азты дæргъы. Фæлæ æрæджы профессор Лев Жуковский раиртæста, уый раст кæй нæу.

Пушкинæн йæ амарды аххосаг уыди перитонит. Фæлæ уыцы заман Уæрæсейы ахæм цæфтæ дзæбæх кодтой. Поэты хæстæджытæ æмæ дохтыртæ Николай Арендт, Христиан Соломон æмæ Иван Спасский афоныл куы бацархайдтаиккой æмæ уæды номдзыд хирург Илья Вуальскиймæ куы бахатыдтаиккой, уæд, æвæццæгæн, Пушкин фервæзтаид æмæ ма бирæ шедеврт æ сфæлдыстаид.

## КАРДИМÆ НÆМ ЧИ ‘РБАЦÆУА, УЫЙ КАРДÆЙ ЙÆ МÆЛÆТ ССАРДЗÆН

Афтæ нымадтой, ацы ныхасы автор, дам, Александр Невский у. Афтæмæй та Библийæ ист у. Матфейы Евангелийы 26-æм сæры 52-æм стих амоны: «Уæд ын Йесо загъта: «Нывæр дæ кард йæ кæрддзæмы, уымæн æмæ кард чи сиса, уыдон се ‘ппæт дæр кардæй бабын уыдзысты». Александр Невскийы номимæ та ацы ныхас баст æрцыди, С. Эйзенштейн æмæ П. Павленкойы кинонbackыв экраныл куы фæзынд, уæд.

## МИФ МУРОМЕЦЫ ТЫХХÆЙ

Номдзыд уырыссаг бæгъатыр Илья Муромецы адæм нымайынц мифон геройыл. Уый та æцæгæй цардис Уырысы, суанг

ма йæ амарды аз дæр бæрæг у – 1188. Йæ царды фæстаг бонты Илья сси моладзан. Йæ мард ын бавæрдтой Киевы-Печерскы моладзандоны, йæхи та йын банымадтой сыгъдæгудыл.

## ДИН АДÆМÆН – ОПИУМ

Ацы ныхасы авторыл иутæ Ленины нымайынц, иннæтæ та – Марксы. Фæлæ иутæ дæр æмæ иннæтæ дæр раст не сты. Фыццаджы-фыццаг æй ныффыста немыцаг фыссæг Новалис мæнæ ахæм хуызы: «Сымах дин кæй хонут, уый опийæ уæлдай нæу: адæймагæн тых раттыны бæсты йæ рис фæкъуырма кæны». Ленины нæу, «Æппæт бæстæты пролетартæ, баиу ут!», зæгъгæ, уыцы лозунг дæр. Уый та Карл Шаппер æрхъуыды кодта. «Алкæмæй дæр – йæ хъарутæм гæсгæ, алкæмæн дæр – йæ фаг». Уыцы ныхæсты автор дæр, дам, Ленин у. Æцæгæй та сæ Луи Бланка загъта. Жан-Поль Мараты хъуыды «Пролетартæ ницы сафынц, сæ рæхыстæй дарддæр», зæгъгæ, уый дæр рæдыдæй фыст æрцыд Ленинылл.

## ÆРТÆ ÆМБИСОНДЫ

* * *

Иу араббаг опиум банызта æмæ мæзджыты бафынæй. Сæударæй молло кувын байдыдта, æмæ араббаг райхъал. Моллойы хъæрмæ йæ бон фынæй кæнын нал уыди. Молло хъуамæ загътаид: «Фынæй кæнынæй кувын хуыздæр у». Фæлæ фæрæдыди, дзуры: «Фынæй кæнын кувынæй хуыздæр у».

Араббаг дæр фæцарæхсти:

– Хуыцауардыстæн, молло, дæ ныхæстæ иттæг раст кæй сты, уымæн мæнæ мæхæдæг – æвдисæн.

* * *

Иу «стыр лæг» йæ цагъарæн загъта:

– Дæхи ‘хцайæ дзидза балхæн æмæ йæ сфыц. Æз æй бахæрдзынæн æмæ дæ уый фæстæ ссæрибар кæндзынæн.

Цагъар, мæгуыр, цингæнгæ дзидза балхæдта, сфыхта йæ æмæ йын æй бахаста. Хицау ын йæ бас бацымдта, дзидза та фæстæмæ цагъармæ радта. Дыккаг бон та йын загъта:

– Уыцы дзидза хъæдуримæ сфыц, æз æй бахæрдзынæн, стæй дæ суæгъд кæндзынæн.

Цагъар та йын æй сфыхта æмæ йæм æй бахаста. Хицау хъæдур бахордта, дзидза та цагъармæ раздæхта. Дыккаг бонмæ дзидза нал бæззыди. Хицау загъта:

– Ауæй йæ кæн, сой дзы балхæн æмæ хæринаг скæн. Æз æй бахæрдзынæн, æмæ уæд сæрибар дæ.

Цагъар ын дзуапп радта:

– Мæ дзæбæх хицау, æз фæлтау цæрæнбонты дæ цагъарæй баззайдзынæн, æрмæст мын дзидзайы ссæрибар кæн.

* * *

Иу бедуины халифмæ цыдæр хъуыддаджы тыххæй æрбакодтой. Бедуин федта: халиф бæрзонд ран бады къæлæтджыныл, иннæтæ бынæй лæууынц. Æмæ загъта:

– Табу дæхицæн, о Аллах!

Халиф æм дзуры:

– Æз Аллах нæ дæн.

– О стыр зæд Гавриил! – загъта бедуин.

Халиф та йæм дзуры:

– Æз стыр зæд Гавриил нæ дæн.

Уæд ын бедуин афтæ:

– Аллах дæр нæ дæ, стыр зæд Гавриил дæр нæ дæ, афтæмæй цъуппыл сбадтæ? Æрхиз дæлæмæ æмæ адæмы ‘хсæн сбад.

*Убайд Закони*

## МИХАИЛ ЗАДОРНОВЫ НЫХÆСТÆЙ

* * *

Хæрæндоны менюйы уыди фыст: **«Мсяо жареное».**

Райстон дзы, ахордтон дзы æмæ мæ бауырныдта: æцæгæй дæр **«мсяо»** у.

* * *

Институты гардеробыл гæххæтт ныхæст ахæм фыстимæ: **«Ауындзæн ахуыргæнджытæн».**

* * *

Газеты уацхъуыдæй скъуыддзаг: **«Нæ колхоз лæууыди сæрсæфæны тæккæ былыл. Рацарæзты руаджы размæ егъау къахдзæф акодта».**

* * *

Мæскуыйы ис ахæм цыбыр уынгтæ:
«1-й Коммунистический тупик».
«2-й Коммунистический тупик».
Æмæ, дам, коммунисттæ хикритикæ нæ уарзтой!

* * *

Днепропетровскы аэропорты бакастæн иу плакат æмæ ахъуыды кодтон: æвæдза, нæ адæмæй æрхъуыдыйы тыххæй ницы аирвæздзæни. Мæнæ уыцы плакат: **«Хæдтæхæгæй хизгæйæ уал раздæр базон, трап æм æрбатардтой æви нæ».**

* * *

Æхгæд киоскы рудзынгыл гæххæтт ныхæст ахæм фыстимæ: **«Сихор хæрынмæ ацыдтæн, æрбаздæхдзынæн райсом».**

* * *

Сасмы ном: **«Пыл æй нæ атондзæн».**

* * *

Дыууæ зæронд усы æрфæндыди, куы амæлой, уæд чырыны цы хуызæттæ уыдзысты, уый базонын. Баныхас кодтой: фыццаг уал сæ иу æрхуысдзæни чырыны, иннæ та къамисæджы æрбахондзæни. Стæй та дыккаг æрхуысдзæни чырыны, иннæ та къамисæджы бацагурдзæни.

Куыд загътой, афтæ бакодтой. Къамисæг æрбацыди. Цæмæй хæйрæг уыди, чырыны удæгас «мард» кæй хуыссы. Систа йын йæ къам. Дыккаг ус æм дзуры:

– Ам фæлæуу. Æз дын æхца рахæссон.

Къамисæг æнхъæлмæ кæсы, йæ аппаратурæ æфснайы. Уыцы сахат, – сылгоймаг цымыдис кæм нæу! – «мард» ус чырынæй йæ сæр сдардта æмæ фæрсы къамисæджы:

– Къамтæ кæд сцæттæ уыдзысты?

Лæгæн йæ уд йæ къахы фындзæй агæпп ласта, фæлæ ма

рудзынгæй йæхи аппарын бафæрæзта, æмæ йæ къах асасти.

Зæронд устытæн стæрхон кодтой, хулиганты ми кæй бакодтой, уый тыххæй.

## АЛЫХУЫЗОН ХАБÆРТТÆ

♦ Фæсарæнты сæхи дзæбæх кæныныл уæрæсейæгтæ хардз кæнынц I миллиард сомы.

♦ Депресси адæймаджы стджытæ тæссонд кæны.

♦ Ноззтæй адæймаг куы фæрисса, уæд ын мыдæй хуыздæр хос нæй.

♦ Хорз характеры хицау куы уай, уæд фылдæр фæцæрдзынæ.

♦ Цæрæг кæм нæй, ахæм францаг хъæу уæй кæнынц 330 мин евройыл.

♦ Пъæлицæйы кусæг 50 000 сомы гæртам кæй райста, уый тыххæй ивар бафиддзæни 2,3 милуан сомы.

♦ Археологтæ ссардтой Сызгъæрин Ордайы сæрдыгон лагерь.

♦ Къофи ахъаз у адæймаджы цард фæдаргъдæр кæнынæн.

♦ Таллины донбакæлæны бын ссардтой дæлдондзæуæг бæлæгъ.

♦ Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ Цæгат æмæ Хуссар Ирыстонæй ацыди 117 мин адæймагæй фылдæр. Се 'мбис сæ хæдзæрттыл нал сæмбæлдысты. Афтæмæй уыцы рæстæджы ирон адæмы нымæц 400 минмæ дæр нæ хæццæ кодта *(Ред.).*

## САНАТЫ ЕЛХЪАНЫ ФЫСТÆГ ПОЭТ ДЗАНАЙТЫ ИВАНМÆ (НИГЕРМÆ)

*Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæн институты литературон хайады сæргълæууæг фыссæг Дзанайты Иван ракуырдта йæ хорз хæлар æмæ хæстæг зындгонд дохтыр Санаты Елхъанæй, цæмæй йын радзура Хъаныхъуаты Иналы цард æмæ куысты тыххæй. Мыхуыр кæнæм Елхъа-*

*ны фыстæг, ныффыста йæ 1943 азы 8 августы.*

В 90-х годах, будучи учащимся Ставропольской гимназии, я слышал об Инале Канукове, как о талантливом поэте, а также о том, что он, поссорившись с офицером из-за его плохого отзыва об осетинах, убил его, за что был сослан в Сибирь. Во Владивостоке говорили: Инал пользовался большим почетом, издавал журналы и газеты.

Могу подтвердить факт, что он в 1898–1899 годах вернулся из ссылки в сел. Брута, будучи болен чахоткой. Присяжный поверенный Дж. Шанаев устроил больного в Хумалаге, в доме, где ныне живет Кулов, а тогда принадлежавшем Дж. Шанаеву. Здесь за поэтом смотрела его амхарафырт Хури Шанаева – моя родная мать. Ухаживая за Иналом, сама заразилась и после смерти И. К. вскоре (1899) скончалась на моих руках летом. Я тогда, перейдя на 5-й курс Военно-медицинской академии, приехал на каникулы и застал ее в постели недвижимой.

С литературными трудами Инала я не знаком вовсе, его самого в живых не застал, к сожалению. Однако хорошо знаю, что их усердно собирал юрист Иналык Кануков, о судьбе которого не имею сведений.

Мертвым уже ничего не надо... При жизни Инала, Осетия, им любимая, ничем решительно не могла прийти ему на помощь как изгнаннику. Жизнь такого, как он, служа примером для живых, может принести пользу поколениям. А потому, по-моему, если относиться с должным вниманием к делу воспитания народа, надо бы командировать дельного сотрудника тов. Бесаева, оценившего его значение больше всех, во Владивосток, где жил в ссылке, страдал, работал, тосковал по родным горам достойный сын Осетии. В упомянутом городе найдутся люди, которые поведали бы об Инале правду.

Следует побывать и в Бруте, где старики, старухи расскажут что-нибудь о талантливом поэте, укажут, наверное, на небрутовцев, у которых можно почерпнуть необходимые сведения.

Под лежачий камень вода не течет... Исследователям не мешало бы взять пример с Пушкина, вспомнить, как гений, не жалея материальных средств, пред тем, как написать о Пугачеве, побывал везде, где только ступала нога бунтаря...

Что посеешь, то и пожнешь.

# НÆ ЖУРНАЛКÆСÆДЖЫ ФЫСТÆГÆЙ СКЪУЫДДЗАГ

Нæ фыдæлтæм бирæ хорз æгъдæуттæ уыди. Раздæр сæ мæ зæрдæмæ арф нæ истон – æрыгонæй адæймаг нывыл нæ фæхъуыды кæны. Мæ зæрдыл лæууы: Хуыцауæй куырдтой, цæмæй фыдæлты фарнæй хайджын уой, цæмæй адзал куыдхистæрæй æмæ афоныл цæуа, цæмæй кæстæртæ Хуыцауы уазæг уой. Никуы фехъуыстон Хуыцауæй æхца кургæ.

Афтæ-иу загътой, хæдзары хистæр, дам, йæ цоты рыст нæ фенгæйæ, афоныл куы ахицæн вæййы, уæд йæ цæстытæ мæрдтæм хусæй ахæссы, æмæ ахæм мард амондджын мард у. Ахæм зианиу куы 'рцыд, уæд-иу сыхæгтæй кæнæ хиуæттæй исчи райсомраджы æртæ чъирийы акодта æмæ-иу мæрдджыны хæдзары Хуыцаумæ скуывта. Ома Хуыцауæй цы куырдтам, уый нын радта – бинонты сæ хистæр дзæбæхæй ныууагъта æмæ ацы кувинæгтæ йæ мæрдтæмвæндагæн ахъаз уæнт. Бинонтæ та дарддæр уыцы фарнæй хайджын уæнт.

Мæрдджыны хæринаг кæнынмæ нæ февдæлы æмæ фыццаджы-фыццаг Хуыцауы ном ссарынц, уый фæстæ та аходæн скæнынц, стæй марды кæндтæм бавналынц.

***Кцойон-Тменаты Лизæ***

# КЛИМ ÆМÆ ИННÆТÆ

*Фредерик Шопен афтæ загъта, æз, дам, нæ уарзын, худгæ чи нæ кæны, ахæмты, уыдон, дам, æцæг адæймæгтæ не сты. Кæд афтæ у, уæд мæ сыхаг Цæруаты Клим æнæгуырысхойæ æцæг адæймæгтæм хауы. Йæ хъæлдзæг, цардуарзон юморæй бахуызæн кæны фынджы бадт дæр æмæ æмгæрттимæ хуымæтæджы фембæлд дæр.*

## 1. БÆЛОН ИССÆЙЫ УÆХСКЫЛ

Зындгонд скульптор, Фыдыбæстæйы Стыр архайæг Дзанæгаты Чермен дæр нæ сыхаг у. У хæларзæрдæ адæймаг, стæй, æцæг сфæлдыстадон кусджытæ куыд сты, афтæ сабийау æнæхин, алцæуыл дæр æууæндаг. Иуахæмы сыхæгтæ цалдæрæй тезгъо кодтой Терчы был æмæ сæм ныхас рауади Плиты Иссæйы

цыртдзæвæны тыххæй. Иутæ йæ фаугæ кодтой, иннæтæ – стаугæ. Уæд Клим хъазгæмхасæнты афтæ:

– Цас хорз цыртдзæвæн у! Иубон Иссæйы уæхскыл бæлон абадт, йæ къæхтæ фæбырыдысты æмæ зæххыл йæ тъæпп фæцыди.

Чермены уыцы ныхæстæ бауырныдтой æмæ æваст фæкодта:

– Æмæ йæ Иссæйы уæхскыл цы хъуыддаг уыд!

## 2. КЁНИГСБЕРГЫ ФÆЗИЛÆН

Чермен æмæ Клим цалдæр боны кæрæдзи нæ федтой. Куы фембæлдысты, уæд та се 'мбæлттимæ Терчы былты фæцæйцыдысты. Чермен Климы фæрсы, кæм фесæфтæ, зæгъгæ.

– Берлины уыдтæн, – дзуапп радта Клим. – Рейхстагмæ дæр бацыдтæн, фæлæ йæ къулыл дæ къухæвæрд нæ федтон.

Чермен та йыл баууæндыд æмæ загъта:

– Омæ мах Берлинмæ нæ бахæццæ стæм, Кёнигсбергы фæзилæнæй нæ нæхирдæм раздæхтой.

– Æмæ уым фæзилæн дæр куынæ ис, – йæ хъазæн ныхас дарддæр кæны Клим.

Чермен сыхæгтæй иуимæ разæй цыди. Климы ныхасмæ æваст фæкуыддæр, дзурын нал сфæрæзта, стæй æрæджиау йæ чемы æрцыд, цæхгæр фæзылд æмæ фæхъæр кодта:

– Куыннæ дзы и фæзилæн?!

## 3. РАСЫГ ЛÆДЖЫ ДЗУАПП

Ацы хабар дæр Клим ракодта. Сыхы устытæ уынджы бадтысты æмæ ныхæстæ кодтой. Уалынмæ иу ноздджын лæг сæ цурмæ æрбаввахс.

– Кæсут-ма, уæртæ та нæ лæг сау расыгæй æрбацæуы! – фæхъæр ласта устытæй иу.

Уæдмæ лæг дæр сæ цурмæ æрбахæццæ.

– Кæм та ныххырхтай, уæртæ лæг, мæ бон дæ куы нал у?! – загъд кæны ус. Стæй йе 'мбал сылгоймæгтæм дзуры: – Дысон дæр ахæм расыг уыд, æмæ йын йæ хæлаф мæхæдæг раластон.

Уæд ын лæг афтæ:

– Омæ æз дæуæн дæ хæлаф цал хаты раластон, уый хъуамæ адæмыл ахъæр кæнон?




*Мыхуыры рацыди ног чиныг «Ирыстоны поэзи». Сарæзта йæ æмæ йын цыбыр биографион зонæнтæ ныффыста Хъодзаты Æхсар. Балхæнæн ын ис журнал Мах дуджы» редакцийы (Къостайы проспект, 11) æмæ горæты чингуыты дуканиты.*

Цъары фæрстыл:

*2. Ирон чызг.*

*3. Сæрд.*

*4. Хъæды паддзах.*

* * *



| | |
|---|---|
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |



* * *

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00064 от 30 марта 2012 г.*

Журналы цы ӕрмӕг рацӕуа, уымӕй ӕндӕр мыхуырон оргӕн куы пайда кӕна, уӕд хъуамӕ амынд уа, «Мах дуг»-ӕй ист кӕй у, уый.

*Журналмӕ цы къухфыстытӕ цӕуы, уыдон редакци рецензи нӕ кӕны, стӕй сӕ автортӕн фӕстӕмӕ нӕ дӕтты.*

*Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.*

*Подписано к печати 16.07.12. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1000 экз. Заказ № 234. Цена свободная.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64;*
*отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компют. – 25-22-47.*

*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»*
*РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*





Индекс 73247